# МАХ ДУГ



## НАРТЫ КАДДЖЫТЫ РАУАГЪДЫ 75 АЗЫ БОНМÆ

9
2021



**Хетæгкаты Аслан. Ныфсы цирхъ**



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

9
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШ: 70 АЗЫ**
**Хæлæртты мысинæгтæ:**
ХЪАЗИТЫ Мелитон. Бæллицты фæдыл фæрныг хæтæнты цæуæг ........6
КОКАЙТЫ Тотрадз. Алеш... Ирон фыссæг... Ирыстоны хæстон ...........17
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырдцух къахыр дуне ..........................................21
БУЛКЪАТЫ Игорь. 1985 аз. Калак. Алеш, Мелитон, Хадже æмæ æз ...24
ГÆБÆРАТЫ Юри. Æнæ дæу ..........................................................29
КАСАТЫ Батрадз. Мæ уды тыхст. *Æмдзæвгæ* ..................................35
ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш. *Радзырдтæ* ...................................................*38*

**БЫЗЫККАТЫ ЗЕМФИРÆ: 70 АЗЫ**
БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. Раст у фатау мæ ирд фæндаг. *Æмдзæвгæтæ* ...59

**НОГ УАЦМЫСТÆ**
ГУСАЛТЫ Барис. Туг-стæг кæрдæджы хал. *Радзырд* ............................67

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**НАРТЫ КАДДЖЫТЫ РАУАГЪДЫ 75 АЗЫ БОНМÆ**
ДЗАНАЙТЫ Иван. Ирон адæмы стыр хæзна. *Уац* ................................73
Нарты æмбисæндтæй ......................................................................87
Нарты сау рувасдзарм. *Кадæг* .......................................................89

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Зейнап. *Æмдзæвгæтæй фыст роман. Кæрон* ....97

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Фыдæлтыккон табутæ, зарджыты ныхæстæ .......................116

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
ЕДЗИТЫ Андрей. *Таурæгътæ* .......................................................118

**ÆВЗАГЗОНЫНАДЫ ФАРСТАТÆ**
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ. Растфыссынад – адæмы иу кæныны фæрæз. *Уац* ....................................................................................................125

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
БУДАЙТЫ Милуся. Хъысмæт. *Радзырд* ............................................130

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ..............................................143

# ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШ: 70 АЗЫ



(1951 – 1992)

## Цæр мын, Ирыстон, цæр!

## ХÆЛÆРТТЫ МЫСИНÆГТÆ

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

# БÆЛЛИЦТЫ ФÆДЫЛ ФÆРНЫГ ХÆТÆНТЫ ЦÆУÆГ

Не Сфæлдисæг нын йæ парахат зæрдæйæ балæвар кодта, йæ раттæджы комулæфт кæмæ хæццæ кодта, ахæм бæллиццаг кæстæр. Сыгъдæг æмæ рæдау зæрдæйы хицау, Ирыстоны сæрвæлтау удуæлдай æмæ зонды цæстæй æппæтуынæг, аив дзырдыл тайæг æмæ руайæг, фæлгонцты дунемæ йæ бæллицты фæдыл фæрныг хæтæнты цæуæг – нæ Фыдыбæстæ, нæ адæмы амондæн æппæтзонæг фыссæг Гуыцмæзты Алешы.

Алы æцæг нывгæнæг дæр у стæм æмæ æнахуыр, æнæнхъæлæджы фæзынд. Æнахуыр уыд Алеш-нывгæнæджы курдиат, йæ фыссæны иунæг фесхуыстæй-иу хуымæтæджы ирон дзырдтæ къæссавæлдæхт фесты, цæхæртæ-иу скалдтой, æрттывдтытæ-иу байдыдтой сæ алы фæрстæ. Иу бакастæй хуымæтæджы хабары хуызæн чи вæййы, уый йæ сæрмагонд фæлгонцон нывæсты руаджы райсы арф цардон мидис, философон хъуыды.

Хъуамæ йын йæ иу æнтысты фæстæ цин кæниккам йæ иннæ æнтыстыл. Мах та... «Печаль, словно осенняя туча на взгорьях, теснит душу и погружает ее в какой-то мир безмолвия и луносветия. И лишь из невидимой дали скифских степей слышу тишайший голос неведомой песни... А мне чудится, что это голос Алеша: «Спойте, ребята, осетинскую песню...», – зæгъы Джусойты Нафи æмæ уый у, Алешы чи зыдта, йе сфæлдыстадимæ йын зонгæ чи у, уыдонæй бирæты хъуыды.

Гуыцмæзты Алексийы фырт Алеш райгуырд Ирыстоны хуссар хайы, Цхинвалы районы Ортъеугомы Гуыцмæзты хъæуы. Йæ фыд зæхкусæгæй службæгæнæг фылдæр уыдис: алы æмæ-иу алы хъæусоветты куыста æндæр æмæ æндæр бынæтты – хæдзарыдзаг бинонты дарын хъуыд. Лæппу сæрибарæй рæзт, чысыл уæлбырц хъæуы сæрæй-иу хъæуы бынмæ йæ илæлæй хъуысти. Фæлæ дæ æппæтуынæг, æппæтзонæг фыдыфыд дæхи бар цæрын макуы ныууадза – йæ кæстæрты,

уæлдайдæр, лæппуты ахуыр кодта йæхи удыхъæдмæ гæсгæ. Искæй къахы сæ сындз фæныхст æмæ æрбадт йæ сисыны тыххæй, уæд ын æнæ бауайдзæф кæнгæ нæ фæуыдаид: «Уый тыххæй æрлæууыдтæ? Дæ къах зæххыл ахаф æмæ дарддæр æйтт кæн!»

Уыдæттæ фидæны фыссæгыл йæ райгуырдæй фæстæмæ æнæ æндавгæ нæ уыдысты, кæд сæ гыццыл хъæуæй дардмæ нырма никуыдæм ма æфтыдис, уæддæр. Йæ хъæу ын уыд дуне. Ахæм цæстæй йæм каст. Афтæ йæ ныв кодта. Фыдæлтæй нын баззад, цалдæр къæсы дæр нæм хъæуы ном фæхæссынц. Раст Алешæн йæ чысыл аив уацау «Урс фынтæ»-йы куыд у, афтæ: «Местъа хъæуы сæр цæры, Мате – хъæуы бын, фæлæ ма сæ дыууæты `хсæн ноджы цыппар хæдзары ис, се `рвадæлты хæдзæрттæ. Есетæ иууылдæр иу артæй байуаргæ сты, иу фыды фырттæй рацæугæ. Ацы цыппар хæдзары цæрджытæ горæты æрбынат кодтой. Сæрд æд зæнæг ам вæййынц, фæлæ зымæг æмгæрон нал æрцæуынц».

Цыма сæ кæмдæр нæхи цæстæй федтам. Цыма сæ кæддæр нæхи хъустæй фехъуыстам. «Йæ хъайтартæ мæ зæрдæмæ афтæ арф ныххызтысты, æмæ-иу мæхæдæг семæ дзурынил схæцыдтæн. Дзургæ цы – быцæуы дæр-иу бацыдтæн!.. Кæд уыцы цаутæн мæхæдæг дæр æвдисæн уыдтæн, æмæ мын сæ фыссæг æрмæст ногæй мæ зæрдыл æрлæууын кодта?..» – уымæн зæгъы фыссæджы уацмыстæ æмæ хъайтарты тыххæй Мурасты Эльбрус.

Алеш чиныгæн кæй райгуырд, уый, хæрз саби ма куы уыд, уæд фæбæрæг. Гайлаг родæй бæрæг кæны. Тыбылты Алыксандр нæ уымæн фæдзæхста: «Æвæрын хъæуы ног фысджыты».

Ныййарджыты цæстæнгасæй иппæрд кæстæр фылдæрхатт дзæгъæлгæнаг у, фæлæ, иуæй, уæды рæстæджы æгъдау уыдис нымад, иннæмæй та, фидæны фыссæг йæ карсæттæн азты дæр ахæм æгъдауыл хæст уыд, æмæ йе `фсымæр, бæрцæй дзы иу аз кæстæр чи уыдис, уый йæ цуры тамако дымын нæ уæндыд. Йæ амæлæты фæстæ йын нæ кæстæр хæлар Гæбæраты Юрæ ардхæрæгау уымæн зæгъы: «Цæрдзынæн дæ уды фарнæй, дæуыл хъуыдыгæнгæйæ, демæ ныхасгæнгæйæ...»

Гуыцмæзты хъæумæ астæуккаг скъола дард уыдис – Уанатмæ цæуын сæ хъуыд, æмæ-иу баззад интернаты. Афтæмæй астæуккаг скъола каст фæцис 1968-æм азы. Уæд йæ аивадон уацмыстæ мыхуыры фæрæзты зынын райдыдтой, афтæмæй, абон дæр мæм диссаг кæсы, куыннæ бахаудта нæ паддзахадон педагогон институтмæ?! Йæ бон та

уыд, йæ фарсмæ хуыздæрæн ахуырмæ кæй райстой, ома, уыдон хуыздæр цæттæ сты, уыдонæй сæ фылдæрæн ахуыргæнæг уыдаид. Фæлæ йæм амонд нæ бахудт йæ мидбылты. Зæрдæмарынæн аивгъуыдта йæ иувæрсты. Уæддæр фæстæмæ хъæумæ нал аздæхт. Сау тых æмæ рухс бæллицтæй арæзт уыдис. Баззад горæты. Кодта алыхуызон куыстытæ заводы. Дардта йæхи æмæ йæ хъусдард æнæхъæнæй здæхта сфæлдыстадон куыстмæ. Йæ чиныг нæ хаудта йæ къухæй. Æмæ 1972-æм азы йæ хъул сах абадт, сæххæст йæ рухс бæллиц – ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы М. Горькийы номыл литературон институтмæ.

Уæддæр дын Хуыцау цы нæ дæтта, уый тыхæй раскъæфгæйæ нæу. Бæрæг аххосæгтæм гæсгæ йын нæ бантыст институт фæуын. Иу афæдзы фæстæ æрыздæхт фæстæмæ. Æрбынат кодта Цхинвалы. Цард адæмы хæдзæртты æхххуырсты; стæй та – пединституты студентты æмдзæрæны æд бинонтæ, цалынмæ йын Фысджыты цæдис хæдзар нæ радта, уæдмæ. Фæлæ йæ ныфс никуы асаст. Йæ тых куыд амыдта, афтæ æгасæй анығъуылд сфæлдыстадон куысты. «В мире не так уж мало художников слова, которые устаревали в одночасье. После первой книги, талантливой книги, они отдаются самоповторенью и кружатся на одной высоте, тщетно пытаясь одолеть ее. Алеш был художником иного склада души и таланта... чувствовал себя молодым пахарем, едва проведшим первую борозду на весеннем поле», – зæгъы Нафи.

Уыцы хъуыдыйыл хæцы Цгъойты Хазби дæр: «Алеш хуымæтæджы фыссæг нæ уыд. Хæдбындур, ирд æмæ хъомысджын сфæлдыстадыл хæст уыд. Йæ прозæ никæцы фыссæджы сфæлдыстадимæ фæхæццæ уыдзæн. Секъа, Цомахъ æмæ нын Арсены уацмыстæ куыд басгуыхтысты, афтæ, æнæмæнг, басгуыхтысты... уыдон дæр. Уымæн æмæ сæ Алеш сфæлдыста йæ хæрз æмæ раст зондæй, сасирæй луарæгау сæ ауагъта йæ зæрдæйы, фæхайджын сæ кодта йæ адæмуарзон зæрдæйы хъарм æмæ хæлардзинадæй. Уымæ гæсгæ сæ тæлфы рæстаг адæймаджы æнкъарæнтæ, царды рæстдзинад». Фæлæ Ирыстоны нæ ирон фысджытæй сфæлдыстадон куыстæй йæхи никуыма ничи фæдардта, уæлдайдæр, æвзонг автортæй. Гуыцмæзы-фырты бахъуыдис хуымæтæджы куыст уæддæр ссарын. Æмæ йæ ссардта тых æмæ фыдæй облæсты культурæйы хайады зонадон-методикон центры – айстой йæ методистæй. Ахæм фыссæгæн бынат ма уа йæ райгуырæн зæххыл. Бынаты лæгтæ

æмæ-иу мыхуыр цы æцæгæлон адæмы къухы уыдис, уыдон курдиаты цур æвзæрстой, дыгай мæдтæ чи дадта, ахæм сабыр «уæрыччыты». Алеш æмæ уый хуызæттæ, бынаты лæгты куыд фæндыдис, афтæ нæ кафыдысты. Уæддæр, курдиатджын фыссæг æрмæстдæр 1988-æм азы бацис, йæ зæрдæмæ чи цыд, ахæм куысты «аккаг» – нысангонд æрцыд журнал «Фидиуæджы» прозæйы хайады редакторæй. Æмæ дзы куыста дысвæлдæхтæй. Йæ бон уыдис автортимæ иу æвзаг арын, профессионалон уынаффæтæ сын дæттын сæ уацмыстыл хуыздæр кусынæн.

Фæстæдæр ссис журналы бæрнон нымæрдар æмæ дзы фæкуыста, – йæ цард фæцыбыргæнджытæ йын мæрдты бæсты урскъах бæхтæй фæцæуæнт, – йæ адзалы уысммæ – 1992-æм азы зæрдæвæрæны мæйы 25-æм бонмæ. Уæд кæимæ уыд – филологон зонæдты кандидат, ХИПУ-ы доцент Хуыгаты Илья куыд зæгъы, афтæмæй уыдон кастысты фондзуæладзыгон хæдзары уæлхæдзарæй, нæ фыдбоны сыхæгты танкæтæ нæ куыд æхстой, уымæ, æмæ йæ тæккæ цур бетон рудзынджы тигъыл сæмбæлд танчы нæмыг... йæ марджытæ дæр фæуæнт ахæм лыстæг уæнгсæстытæ.

Ирон фысджытæн сæ цæссыг бадт сæ хъуыры: «...фæмард Гуыцмæзты Алеш, ракалд ирон прозæйы рæбинаг цæджындзтæй иу, нал ис нæ хорз æмгар, нал ис нæ разагъды кæстæр. Цы давынц ныхæстæ, кæд æмæ Ирыстонæн йæ тæккæ зæрдæмæ хъавы знаг, кæд æмæ æбуалгъ у йæ аргъ Сæрибарæн, кæд æмæ Фыдыбæсты сæрыбæсты цæуынц нæ хуыздæртæ?!»

Уый тыххæй йæ рæстæджы триптих «Алешы мысгæйæ»-йы æрхæндæг æмæ зæрдæрисгæйæ дзырдтон, æцæг мæм куыд кастис æмæ кæсы, афтæ:

*Иры сагсурдæр хъæбулты*
*Не знаг сайæн сæфт кодта, –*
*Уæхст-иу азылдта хъамбулты,*
*Иры къабазгай хордта.*

*Афтæ уæнггай дзыргъа кардæй*
*Иры ’рлыг кæны а хæст.*
*АЛЕШ!..*
*Алеш, йæ рамардæй*
*Иры зæрдæмæ баххæст!*

Алешыл куыдта Ирыстон. Хостыхъоты Зинæ йæ цæссыг нæ урæдта: «Поэт йæ риуæй бамбæрзта Фыдызæхх. Ныддæлгом ыл йе `мбæрцæй æмæ йæ туг смал йæ быны. Уый Алеш у. Æнахуыр диссаджы поэзи у йæ прозæ, поэт æй уымæн хонын. Уый поэт уыд зæрдæйæ, зондæй, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадæй. Дзыллæ зын уавæры куы бахауы, тыхы дуг куы скæны, уæд тохы быдыры поэт амæлы фыццаг». Гусалты Барис дзырдта: «Кæд сарæхсдзыстæм, кæд базондзыстæм, кæд садæм уыдзыстæм æмæ кæд бамбардзыстæм: мæнæ ис нæ Хуыцауы æрвыст лæг, мæнæ – нæ мæлинаг уды рухс æмæ нæ удты æнæмæлгæ фарн, мæнæ – нæ кад æмæ нæ номгæнæг – баузæлæм ыл, бахизæм æй нæ фыдæхæй, нæ куыдфæндыйы цæстæнгасæй, бахъахъхъæнæм æй æнафоны фыдбылызы мæлæтæй...»

Ирон дзырдаивад цы у, уый чысыл дæр чи `мбары, уыдонæн æнæзындгонд нæ уыдис, Алешæй ахæм трагикон хуызы афтидæй кæй аззадыстæм, уымæй цы стыр фыдохы ныххаудтам – йæ хæлæрттæ дæр, Ирыстон дæр.

Алешыл куыдта æнæхъæн Ирыстон. Нæ фыдбоны сыхæгтæ тынг хорз зыдтой, цы саглæг æмæ фыссæг рафæлдæхтой сæ фыдбоны гæрахæй. Сусæг-æргом уымæн мардысты цинæй. Сæ фыр тугмондагæй, сæ фыр налатæй нал хæцыдысты зæххыл. Фыддæр ма цы уа – марынц дæ æмæ дын дæ удисыны бар нæ дæттынц; дæ сау тæригъæды бацыдысты æмæ дæ дæ сыджыты хайыл сæмбæлын нæ уадзынц?!.

Æппынæдзух æхстой Чъребайы фæндзæм скъолайы кæртмæ, цæмæй йæ нæ ирон æгъдаумæ гæсгæ кад æмæ радæй ма сæмбæлын кодтаиккам йæ сыджыты хайыл. Уый нoджы стырдæр фыдæх æвзæрын кодта ирон адæммæ, ирон фысджытæм Хуссарæй-Цæгатæй. Ничиуал баззад, нæ иузæрдыг Алешыл кæй зæрдæ нæ фæрыст, судзгæ цæссыг ыл чи не ’рæппæрста. Хостыхъоты Зинæ уый тыххæй дзынæзта йе ’мдзæвгæ «Гуыцмæзты Алешæн»-ы:

*Рухс ирон дзырды мæлæтыл*
*Хауы н’ арвы риу фæрчытæ,*
*Калынц сау цæссыг дæ цæфтыл*
*Иры сау хъарæггæнджытæ.*

Хъодзаты Æхсар не ’мбæхсы йæ хъынцъым: «...кæлы æргом-сусæг мæ цæссыг... Æмæ мæ ’взоны, мары мæ КЪÆМДЗÆСТЫГ» («Алеш»);

Кокайты Тотрадзы сагъæс у: «Мах цæрæм дæ фæстæ, Фæлæ ма цæрæм? Стонг æмæ æргъæвстæй Ингæнмæ кæсæм» («Ингæнмæ фæцыдтæ»); Касаты Батрадзмæ диссаг кæсы, куыд ис ахæм трагеди æруадзæн, æмæ катай кæны уыцы фыдбылызы аххосагыл: «Æвæццæгæн дæ бафæндыд нывондæн Дæ цардхъуаг уд æрхæссын æмæ йæ бавæрын Ирон уæзæгыл... Æви æгæр сты йæ домæнтæ Хуыцауæн, Æмæ дæ хуызæтты нымайы Зæххон цардæн æвгъауæн» («Мæ уды тыхст»); Хаджеты Таймуразы уæддæр нæ уырныдта йе `рдхорды мæлæт, æмæ йæм, уайдзæфгæнгæ, сидт мæрдты бæстæм: «Æз дæумæ дзурын барджынæй: – Ау, мæлæтмæ æвдæлон Ды куыд разындтæ, м` ахсджиаг, Æви хур дæр фæдæлдон! ...Рацу, рацу, раст-ма дæ ингæнæй, О, мæ сагсур æфсымæр!» («Алешы цырты раз»)...

Уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уыдаид. Адæмау адæмæн сæ хуыздæртæй исчи куы бацарæфтыд вæййы, уæд ын афтæ зæрдæуынгæгæй фæмысынц йæ рухс ном. Фæисынц æй бæрзонд æмæ йын фæнымайынц йæ кады хабæрттæ.

Алеш та йæ цыбыр царды æххæстæй иу æмæ дыууиссæдз азы дæр нæ рацард. Кокайты Тотрадз уымæн катай кæны: «Цыбыр уыд дæ цардвæндаг – æрмæстдæр дыууиссæдз азы. Хуыцау дын, æвæццæгæн, æндæр цæрæнбон нæ радта. Æвæццæгæн, дæ ныхыфыст афтæ амыдта: дæ уарзон адæмæн дæхи бауарзын кæн фыссæгæй, стæй уæд райгуырæны сæрвæлтау дæ уд нывондæн æрхæсс хæстонау...»

Уый ирон дзырдаивадæн уыйбæрц æнцой разынд, ахæм стыр хæрзты йын бацыд, æмæ йæ искуы ферох кæна, уый гæнæн нæй. Йæ уацмысты аивтæ йын куырм адæймаг дæр фендзæнис, банкъардзæнис сын сæ фарн, сæ гъæд æмæ сæ нысаниуæг, кæд нымæцæй афтæ бирæ не сты, уæддæр: «Æхсæвидар» (Радзырдтæ. – Цхинвал, 1974); «Урс фынтæ» (Радзырдтæ, уацау. – Цхинвал, 1981); «Дæ уды фарн» (Роман. – Цхинвал, 1984); «Чиби куыд уæй кодта йæ хъуджы» (Радзырдтæ сабитæн. – Цхинвал, 1986); «Царды зыд» (Уацаутæ æмæ радзырдтæ. – Цхинвал, 1988); «Рохсанæ» (Æмдзæвгæтæ сабитæн. – Дзæуджыхъæу, 1999); «Уызынæджы чызг Уырызæ» (Радзырдтæ, аргъæуттæ сабитæн. – Дзæуджыхъæу, 2002).

Алешæн йæ фыццаг аивадон уацмыстæ периодикон мыхуыры куыддæр фæзындысты, афтæ йыл ирон чиныгкæсæг æрæвæрдта йæ цæст. Кæд æм фыссæджы фæлтæрддзинад фаг нæма уыдис, уæддæр

йæ уацмысты афысты манерæ, йæ фæлгонцон уынынад, йæ дзырдты равæрдæй адæймаджы æлвæста йæхимæ. Алы лæмбынæг хъуыдыгæнæг чиныгкæсæг дæр хатыд, уыцы æвзонг лæппумæ, уыцы æргомдзырд æмæ сыгъдæг удмæ æнхъæлмæ кæсæн кæй ис, адæймаг йæ цæст цæуыл æрæвæрдзæнис, ахæм æнтыстытæм. Æмæ нæ фæрæдыдысты. «Фæлæ суанг йæ фæстаг сулæфты онг баззад, йæхицæй разы чи нæу, ахæм бунтгæнæг лæппуйæ. Мæнæн мæ хъуыдыйы баззад уыцы хуызы æмæ мæ риссы афтæмæй», – фæстæдæр дзы зæгъдзæнис Булкъаты Михал.

Хъыгагæн нæм афтæ баззад, æмæ уацмысæй авторы фылдæр фæдарæм нæ зæрдыл. Удæгас аивадон кусæг нæ фылдæрхатт æфхæрыны тыххæй фæхъæуы, уæлдайдæр, æвзонг куы вæййы, уæд. Дур дыл никуыцæй фехсдзæнис. Дæ хæларæн та йæ дзымандытæй дæр æппæл. Йæ хъустæй йæ размæ лас. Цæмæй дæ райгонд уа. Кæнæ классикты уацмыстыл, – сыкъа – иу ранæй, ацаходæн – æндæр фынгæй, – ирхæфс дæхи. Цæмæй дæм азым макуыцæй æрхауа. Æвæлмаст цард кæнай. Æмæ алкæмæн йæ бар йæхи у. Æз дæр æй уайдзæфы нæ, фылдæр рæстдзинады охыл дзурын...

Æмæ уадиссаг ничи «федта» Алешы æлвæст, тыбартыбургæнаг æмæ æнæнхъæлæджы цаутæ, уæдмæ нæ литературæ ахуыр кæуыл нæ уыдис, ахæм аивадон фæзилæнтæй йемыдзаг новеллæты фыццаг чиныг «Æхсæвидар». Афтæмæй йæ фыццаг хъуыдыйадæй йæ фæстаг хъуыдыйадмæ æрцахсы чиныгкæсæджы. Нал ын ратты, фæиппæрд дзы уа, уый фадат.

Мæнæйдæр-ма – уæдмæ кæм бакастаиккам ахæм æнæординарон афыст: «Цæй-ма, мæ хойы мард скъахон æмæ йæ хæдзармæ ахæссон, – æнахуыр хъуыды февзæрд Азейы сæры, уæлмæрды йæ хойы уæлингæн, хуыссæгцух рæдзæ-мæдзæйæ бафæллайгæ, цыртыл йæхи куы бакъул кодта, уæд» («Æхсæвидар»).

Афтæмæй æнæрцæугæ, фæлæ уырнинаг хабæрттæ, цæстуынгæ детальтæ адæймаджы иу уацмысæй иннæмæ сайынц сæ фæдыл. Нæ йын дæттынц удæнцой. Йæ зæрдæ йын сыгъдæг кæнынц, фыдæлтыккон аргъуаны хуылфмæ бацæуæг æмæ дзы тæригъæдтæисæн цырæгътæ ссудзæгау. Цыфæнды удмарæн хъуыдытæй, цыфæнды чъизи фæндагæй дæр æй йæхи зæрдæйæ тæдзæг сыгъдæг тынтыл расайынц, адæймаг адæмы хъæрмæ кæуыл фæцæуы, уыцы фæндагмæ. Æфтауынц æй ивгъуыдæн аргъ кæнын æмæ фидæны рухсмæ хи æууындзыны зæрдæйыл.

Ӕнæуый та Алеш тынг хорз зыдта ирон туджы цæвæнтæ æмæ йæ дзуринæгтæ сфæлдыста уымæ гæсгæ. Ахæм хуызы балæвар кодта йæ фыццаг уацмыстæ чиныгкæсджытæн. Йæхæдæг чиныджы кæрон «Махмæ хæхбæсты»-йы куыд загъта: «Ныууагъта сыл æгъуыстаджы фæлмæн тæлмæнтæ». Нафийы загъдау, фыссæг фыссæгыл ахуыр кæны: «Номдзыд уырыссаг советон фыссæг Александр Фадеев аивады процессы ацы фæзынды тыххæй афтæ зæгъы йæ иу уацы: «Курдиатджын фыссæг искæцы классикон уацмысы æндæвдады бын цы уацмыс сфæлдисы, уый уæддæр вæййы курдиатджын». Фæлæ уый афтæ нæ амоны, иууылдæр райсæм классикты сфæлдыстад, уыдонмæ гæсгæ фыссæм ног уацмыстæ.

Рагон бердзенаг философ Эпикур дзырдта: «Глупо просить у богов, что человек способен сам себе доставить». Ӕмæ Алешы хъайтартæ тынг хорз кæнынц, сæ бон куыд у, афтæ зæххыл хорз фæд ныууадзынмæ кæй тырнынц, фæстаг сулæфтмæ царды фарн сæ удты фарнæй кæй дарддæр кæнынц, амæлын æй кæй нæ уадзынц, уымæй.

Фыссæг, «Куы фæниуынц куыйтæ» куы ныффыста, уæд нырма æвзонг уыдис. Ӕвзонг, фæлæ хъæууон лæппу зыдта ирон хохаг хъæуы судзаг фарстатæ. Иста сæ йæ зæрдæмæ арф æмæ, куыд акæнынц: «Мæгуыры уæныджы хъылдым кæнынмæ не `вдæлы». Йæ зæрдæйы нæ Иры кæнинаг хъуыддæгтæ цы фæд уагътой, афтæмæй сæ æвдисгæ дæр ракодта.

Радзырды хъайтартæй: Бадже – хæдзары хицау, Джулбарс – хæдзары ныфс, цуанон куыдз, Джура – хæдзары стурвосы раздзог гал – уацмысы алкæмæн дæр йæхи бынат ис. Ноджы сæ автор йæ уацмысты бирæ хъайтартау уыцы бæркадджын «дж»-йæ скадджын кодта. Фæлæ сæ чиныгкæсæг иууылдæр уыны Джулбарсы цæстæнгасæй. Аргъ сын кæны Джулбарсы мидмонологæй.

Гуыцмæзы-фырт уыдис, адæймаджы зæрдæ æцæгæй чи ныв кодта, ахæм курдиатджын фыссæг. Йæ дзырд у хæдхуыз, æмæ йæ никæимæ фæивддзаг кæндзынæ. Цыфæнды темæ ма райстаид, цахæмфæнды аивадон амæлттæй ма пайда кодтаид, кæддæриддæр йæ разы æвæрдта иу стыр хæс – йæ хъайтарты зæрдæтæм лæмбынæг ныккæсын, хорзæй, рухсæй цы ис адæймаджы уд æмæ хъуыдыйы, уый фенын æмæ йæ адæмы рæгъмæ бæллиццаг æмæ цæвиттойнагæй рахæссын. Алеш æууæндыд йæ хъайтартæ æмæ сæ удты рæстдзинадыл æмæ сæ ныв

кодта йæхи хуызæнæй. Уымæн ын йæ къух арæзтой йæ хъуыдыкæнынад æмæ йæ интуици. Дзырды ад дзырды хуылфмæ æнкъардта, æмæ-иу йæ уацмысты дзадджджынæй уымæн æрбынат кодтой.

Уый уæлдай ирдæй разынд йæ новеллæты «Дæ чъызгæ уарзт», «Иу фысымы уазæг», «Кæйдæр хуызтæй æмбырд сурæт», «О, уый æз дæн, Ритæ», «Бæхы уаргъ æмæ чысыл лæппу», «Кæстæр лæппуйы аргъау», «Пахуымпар»... Æмæ адæймаг æфсæрм кæны, кæцы уацмысы кой йын ма скæнæм, зонгæ-зонын сæ иувæрсты кæмæн ахизæм, цыма сæ нæ федтам, кæмæй зæгъæм, уыдонæй. Уымæн æмæ се `ппæты дæр зыны курдиатджын фыссæджы æрмдзæф. «Сæ персонажтæ сæ царды фæндæгтыл ныллæууыдысты, сæ авторы авгау æрттиваг миддунейыл ацæугæйæ»,— уымæн бæлвырд кодта Булкъаты Михал.

Æвдинæйы æнæлаз, сыгъдæг зæрдæйы тыбар-тыбурмæ («Дæ чъызгæ уарзт») адæймаджы цин кæнын фæнды, царды рæсугъд фæндтæ йæм гуырынц. Йæ уды марг кæй нæй, царды бирæ хинтæ æмæ кæлæнтæн кæй ницы зоны, уый йын бауарзын кæны калмы. Уыцы æнæкъæм зæрдæ йæ хъазын кæны калмимæ.

Фæлæ уæлдай диссагдæр уый у, йæ æнаипп уд, йæ хæлар æмæ рæсугъд зæрдæйы тыххæй йæ калм дæр кæй бауарзы, æнæ уый кæй нал фæразы æмæ, цыма сæ кæрæдзийы тыххæй равзæрдысты, уыйау иумæ хъазынц, иу цардæй цæрын сæм хорз кæсы. «Йæ прозæйы цæсгом ын «зондджын» литературон проблемæ нæ раргом кæны, фæлæ йын æй равдисы дзыллæйон рисы бæрзонддæр рис», – дзырдта Михал.

Цардмæ философон цæстæнгасæй кæсын æй æркодта йæ цыбыр, фæлæ цымыдисаг, зæгъæн ис, философон радзырд «Пахуымпар» ныффыссынмæ.

Алеш уыдта, зыдта, цард куыд дæрзæг у. Адæмæн йæхи чи нывонд кæны, уымæ ноджы æгъатырдæр сты. Радзырды лирикон хъайтар-фыссæджы, зæххыл чи нæма уыдис, ахæм уацмыс чи сфæлдыста: «Ныр уæларвон цæрджыты æхсæн нæхи цæмæй равдисæм, уый нын ис. Нæ зонд, зæххон адæмы зонд, бынтон галиумæ здæхт кæй нæу, æдзух фыддзинад æрымысыныл кæй нæ фæлгъауæм нæ хъарутæ, уый ныр тыгъды змæлджыты дæр куыннæ бауырндзæн», – йæхицæй афтæ разы чи у, уыцы æвзонг пахуымпар йæ фыны нæ разы кæны йæ сихимæ, зæгъгæ, адæмы мыггаг сафинаг нæу. Ома, адæмы ды куыд хонис: «...æгуыдзæг уымæн сты, сæ хæрзтæм кæй нæ хъусынц», – афтæ æвзæр

не сты. Фæлæ куы райхъал, уæд кæсы æмæ: «Мæ радзырды гæххæтт мæ фарсмæ нал уыд. Чидæр дзы топпы нæмгуытæ сифтыгъта. Иу сыф ма дзы бæласы цонгыл ауыгъд уыд лыстæг хуынчъытæй. Æвæццæгæн æй мысанæн сæвæрдæуыд».

Уый, адæмы мыггаг фесафын, æцæг, буржзуазон философон цæстæнгас у: адæм сæ равзæрдæй фæстæмæ æрмæстдæр сты фыдтыл хæст æмæ сты сафинаг. Фæлæ сæ хъахъхъæнæг пахуымпар дæр нæу разы адæмæй: «Нырыонг кæд мæ утæхсæнгæнджытæ уыдысты, уæддæр сæ ныр мæ цæсты раз авæрдтон æмæ мæм тæригъæды æнкъарæнтæ фæзынд». Тæригъæды æнкъарæнтæй та нæдæр цард фæивæн ис, нæдæр – йæ фæхуыздæргæнæн.

Ахæм уацмыс сфæлдисынмæ цæмæй адæймаг æрцæуа, уый тыххæй, æнæмæнг, хъуамæ царды тæрæнты фæуа. Нафи дзы уымæн загъта: «...равзæрд адæймагады фидæныл Алешы æрхæндæг хъуыдыйæ, философон пессимизмæй». Фæлæ æмбæхсинаг нæу – не `рвылбонон царды æгъатыр æмæ æнæсæттон рæстдзинадæй.

Уыцы хъуыддаг Алеш тынг хорз æмбæрста. Уæддæр, йе сфæлдыстадæй цард фæрæсугъддæр кæнынмæ кæй тырныдта æппынæдзух æмæ йæ æцæгдæр кæй аив кодта, ууыл дзурæг у ацы гуырахстæй чысыл, фæлæ арф хъуыды кæм ис, уыцы философон радзырд «Пахуымпар».

Уæддæр, Гуыцмæзты Алешæн йæ ивуыл стырдæр æнтыст у, йæ зæрдæйы хъарм æмæ сыгъдæг кæм бавæрдта, ирон адæймаджы уды фарн кæцæй зыны, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дуджы æмæ уый фæстæ азты ирон цардæфхæрд сылгоймаджы уæззау цард æмæ бæрзонд удыхъæд кæм снывкодта, йæ уыцы сæйраг уацмыс – йæ роман «Дæ уды фарн». Гусалты Барис уымæн загъта, зæгъгæ, уыцы романæй «Алешы хуызы ирон литературæмæ æвидигæ курдиат барджынæй æрбацыд».

Адæймаджы зæрдæ нырризы, йæ хъайтарты зæрдæтæм ын никкæсгæйæ: «Гъе, бын бауай, Матрона, – бустæ кодта йæхиуыл, – Натъа дæр ма зондамонæг кæмæн сси! Уæ дæлæмæ æрхауай, амондскæнæг, Натъайы армыкондмæ хъуамæ цалдæр удгоймаджы æнхъæлмæ кæсид, Натъайы арæзт хæринагмæ цалдæр адæймагæн хъуамæ уаид се скаст æмæ мæнæн та мæ армыконд мæхицæй дарддæр мачи хъуамæ хæрид? Цы, цы, фæлæ уыцы амондæй дæр хъуамæ ма уаин хайджын æмæ мыл æрвылбон дæр исчи бустæ кæна мæ армыконды тыххæй. Æппын ницы, фæлæ дын дæ арæзт хæринаг дæр мачи хъуамæ бафауид. Ацы æдылы,

цæрæнбонты рæстмæ хæринаджы тæф кæй уæлартæй нæ ракалд, уый дæр ма амондджын куы у – йæ арæзт хæринаг кæйдæр хъæуы, йæ арæзт хæринагмæ чидæр æнхъæлмæ кæсы, йæ тъылланг цæхдон рæстæгыл куынæ сцæттæ кæна, уæд чидæртæ æххормагæй зайынц. Ды та, Матрона, фæнды Хуыцауы раз æвæринаг хæринæгтæ сараз, уæддæр никæй хъæуынц дæхицæй дарддæр, дæ хойрагмæ æнхъæлмæгæсгæ дæхицæй дарддæр ничи баззайдзæн æххормагæй. Уæ, æххормагæй æрцæуа йæ адзал ме `намондгæнæгæн! Уæ, йæ арæзт хæринагæй хæрæг ма уа ме ’намондгæнæгæн!..»

Алеш æппæтуынæг фыссæг уыдис æмæ тынг хорз зыдта, адæймаджы удмæ цард йæ хъарм тынтæ куыд фæнывæнды, афтæ йæм марг дæр кæй фæтадзы, æмæ дæ тынг куы фæнда, уæддæр уымæй кæронмæ кæй нæй искуыдæм сæр фесафæн. Æмæ сæ фæлидзынмæ дæр никуыдæм хъавыд. Иуæй-иу фысджытау йæ æвæрццæг хъайтарты сыгъдæг удтæй уæлæрвтæм не скъæфта, æппæрццæгты та цъыфы не змæста. Хъайтары номы тыххæй уырыссаг æвзагмæ йæ тæлмацгæнæг Тотраты Руслан уымæн зæгъы: «...в подтексте названия определенно и оправданно прочитывается античное значение слова Матрона, то естъ почтенная мать семейства, которой и должна была стать – при нормальном течении жизни – героиня романа».

Алешы удæй ацы роман куы рантыст, уæд уыдис йæ тæккæ сфæлдыстадон тыхы. Чиныгкæсæг æм бирæ, стæй ноджы стырдæр æмæ зынгæдæр аивадон фæллæйттæм æнхъæлмæ каст. Йæхи фæндтæ дæр тынг дардыл уыдысты, фæлæ...

Лæджытугхортæ нæм тыхгæнæг куы `рбафсæрстой, уæдæй фæстæмæ Хуыцауы комулæфтæй хайджын фыссæг æрулæфт, удæнцой нал зыдта. Йæхи раппар-баппар кодта, йæ адæмы тыхстмæ кæсгæйæ. Фæндыдис æй, исты хуызы сæ фыдбылызæй куы фервæзын кодтаид. Æмæ тыхст. Оу, куыд тыхст! Уæддæр-иу уыцы бæрзонд, бурдзалыг лæппулæг сæрæй къæхты бынмæ ныррызт фыр мæстæй: «Ех-х, искуы ма фыссæн гæххæтмæ куы баирвæзин!» – фæлæ йæ уымæ нал æмæ нал хаста йæ зæрдæ. Æрбадтаид, нæ алыварс цы фыдтæ цыдысты, уыдон йæ аив дзырды фæрцы сныв кодтаид, уымæ йæ нæ хаста йæ зæрдæ, фыссæнмæ нал тасыд йæ къух.

Алеш йæ литературон фæндаг поэзийæ райдыдта. Æмæ æвзæр æмдзæвгæтæ нæ фыста. Йæ зæрдæ сыл никуы сивта. Поэзийы дæр æй

фылдæр æндæвтой трагикон цаутæ. Йæ хицау сылгоймаг къæбæримæ марг цы къæбыладжын куыдзæн радта, мæлæты къахыл чи ныллæууыд æмæ йæ хъæвдынтæ дзидзи кæмæй домынц, уый сныв кодта афтæ:

*...Ыстонг къæбыстæ й` алыварс зылдысты,*
*Сæ ниудмæ йæм йæ мæлæт каст æвгъайуаг, –*
*Дæлгоммæ зæххыл адæргæй ныххуыссыд,*
*Нæ сæ уагъта йæ фæдджытæм æвналын.*

*Нæ йæ зыдта, фæлæ æнкъардта — мад уыд! –*
*Хъæстæ у ныр, йæ рыст буары марг и.*
*Ысхуыста сæ йæ бырынкъæй рæвдаугæ*
*Æмæ куыдта. Æмæ кæугæйæ марди.*

*(«Куыдзы мæлæт»)*

Хуыцау Алешæн Ирыстоны фарнæн радта, иууыл зынаргъдæр цы у, уый – Цард, æмæ йæ Ирыстоны сæрвæлтау æрхаста нывондæн.

*Чиныг «Гуыцмæзты Алеш», 2014 аз,*
*Хъазиты Мелитоны разныхас цыбыргондæй*

*КОКАЙТЫ Тотрадз*

# АЛЕШ... ИРОН ФЫССÆГ... ИРЫСТОНЫ ХÆСТОН...

Цыбыр уыд дæ цардвæндаг – æрмæстдæр дыууиссæдз азы. Хуыцау дын, æвæццæгæн, æндæр цæрæнбон нæ радта. Æвæццæгæн, дæ ныхыфыст афтæ амыдта: дæ уарзон адæмæн дæхи бауарзын кæн фыссæгæй, стæй уæд райгуырæны сæрвæлтау дæ уд нывондæн æрхæсс хæстонау...

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Куыд куырм у хъысмæт! Цæй æгъатыр у адæймаг!.. Æви кæд рагон æмбисонд раст у: хуыцæуттæ кæй бауарзынц, уый рагацау сæхимæ айсынц – сыгъдæгудæй, æнæхинæй...

Чи зоны... Фæлæ ацы æлгъыст дуджы лæг Хуыцауыл дæр нал æууæнды. Уый æндæр куыд бауарзта йæ цæст утæппæт бæллæхтæ ирон адæмæн? Йæ дзыллæйæн стыр хæрзты бацæуынмæ чи хъавыд,

уыцы кæстæрмæ йæ къух цы хуызы systа?.. Æви кæд Хуыцауы фарныл дæр Дæлимоны азар фæтых, æмæ, сыгъдæгзæрдæйæ кæмæ куывтай, уыцы Хуыцау дæр дыл гадзрахатæй рацыд?..

Фæлæ кæд рæдийын. Кæд, æцæгæйдæр, хуыцæуттæ кæй бауарзынц, уый рагацау айсынц сæхимæ. Айсынц æй, цалынмæ йæ сыгъдæг уд зæххон маргæй нæма фæхъæстæ вæййы, уæдмæ. Цæмæй хуыцæутты фарсмæ æнæлаз, æнæхинæй æрбада æмæ йæм зæххонтæ сæ Хуыцауау кувой.

Кæд афтæ у, уæд мын мæ дызæрдыг ныббар, Хуыцау, æмæ дын – табу!

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Дæ уацмыстæ дын бауарзта ирон чиныгкæсæг, дæхи та дын хуыцæуттæ бауарзтой... Ды адæмы рæнхъмæ рахастай дæ сыгъдæг уды тæгтæй нывæст фæлгонцтæ, Хуыцау та дын дæхи рухс фæлгонц фæхаста йæхимæ...

Куыд арфæйаг уыд дæ зæрдæ, цы уаз фæндтæ хастай дæ риуы, æмæ дын цæй чысыл бантыст рацæрын... Уæвгæ, бирæ цардæй бирæ кад хуыздæр у, фæзæгъынц. Æцæг фыссæг æмæ нæртон лæджы цард та азтæй нæ фæбарынц, фæлæ, цы ныффыста, цы сарæзта, уымæй. Ды цы ныффыстай, ды цы сарæзтай, уыдон æнусбонтæм цæргæйæ баззайдзысты ирон адæмы `хсæн.

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Ды чиныгкæсæгæн балæвар кодтай ахъаззаджы роман – «Дæ уды фарн». Царды азарæй, хъысмæты æлгъыстæй фидиссаг чи ссис, уыцы сылгоймаджы уды ссыгътай ныфсы цырагъ æмæ йæ Мады Майрæмы æнгæсæй арвыстай йæ фæстаг балцы...

Науæд Мате æмæ Местъа – «Урс фынты» хъайтартæ – абон дæр сæ цардуарзон хинтимæ, сæ сыгъдæг хъуыдытимæ немæ цæрынц...

Уæдæ дæ чысыл лæппу йæ бæхы уаргъимæ нырмадæр хъæуæй горæтмæ цæуы æмæ йæ цæстытыл уайы, Райгуырæн фыдгултæй куыд хъахъхъæндзæн, уый...

Хуымæтæджы адæм, фæлæ дæ уды фарнæй сфæлдыст фæлгонцтæ ирдæй сыстынц нæ разы.

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Æвæццæгæн, æмбæрстай: хъысмæтæй дын бирæ цæрæнбон лæвærд нæй, æмæ дæ фæстæ, цы ныффыссай, уый баззайдзæн æрмæстдæр. О, æмбæрстай йæ! Суанг ма дын дæ зæрдæ милмæ кæй сисдзæн фыдгул, уый дæр зыдтай:

«– ...Кæй дæ нæ бамбардзысты, ууыл та æз дызæрдыг нæ кæнын. Адæм æгуыдзæг уымæн сты, æмæ сæ хæрзтæм кæй нæ хъусынц. Чи дæ дзы бамбардзæн, хорз æмæ æвзæр кæрæдзийы бынæттæ кæм хæццæ кæнынц, уым? Фен-иу, мæнæ куы райхъал уай, уæд, кæддæра дын цы маст æрхæссиккой.

Мæ сих мæм йæ чъылдым фездæхта, æмæ йæ уæлдæф йæхимæ айста. Æз райхъал дæн. Мæ радзырды гæххæтт мæ фарсмæ нал уыд. Чидæр дзы топпы нæмгуытæ сифтыгъта. Иу сыф та дзы бæласы цонгыл ауыгъд уыд лыстæг хуынчъытæй. Æвæццæгæн æй мысанæн сæвæрдтой» (Радзырд «Пахуымпар»).

Уæдæ Райгуырæныл фыдбон кæй кæндзæн æмæ йæ хъахъхъæнын кæй хъæудзæн, уый дæр æмбæрста дæ зæрдæ:

«...Уыцы тохы нывтæ йæ цæсты раз бæрæг бæлвырд нывтæй стын райдыдтой, æмæ йæхи банхъæлдта сæ комы лæппуты раздзæуæг.

– Мæхæдæг иннæ лæппутимæ бабадин мидæггаг комы æмæ, мах онг куы `рбахæццæ уаиккой, уæд сыл хохыйас дурты зæйтæ рауадзиккам.

Йæ цæстытыл уайынц, уыцы хохыйас дуртæ сын се знæгты сæ быны куыд цъист кæндзысты, уыцы нывтæ...» (Радзырд «Бæхы уаргъ æмæ чысыл лæппу»).

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Дæ уацмысты кæй æвдыстай, царды дæр уыдоны фезмыдтай. Хуссарыл утæхсæн бонтæ куы скодта, уæд балæууыдтæ йæ хъахъхъæнджыты æмрæнхъ. Хъуыддаджы фæдыл-иу Цæгатмæ æхсгæ уад куы `ркодтай, уæддæр-иу уайтагъд фæстæмæ фæзылдтæ, ме `мбæлттæй худинаг у, зæгъгæ.

О, худинаг у тохы бидыры хæстон æмбæлтты иунæгæй уадзын. Чидæртæ уыцы худинаг нæ бамбæрстой æмæ сæхи райстой æдасдæр бынæттæм.

Æртæ азы дæргъы дæ къухмæ фыссæн сис нæ райстай – нæ дæ равдæлд. Райгуырæны сæрвæлтау дæ къух систай де стыр курдиатыл. Афтæмæй та дæм зæгъинæгтæ цас уыд!

Ды æмбæрстай Ирыстоны судзаггаг зын. Фыдызæхх куыд адджын у, искæмæн дзы хайгæнæн кæй нæй, уый дæр æмбæрстай зæрдæ æмæ зондæй:

«– Е, Местъа, æцæгæлон лæджы дæ зæхмæ куы `рбауадзай, уæд ын фæстагмæ йæхи хицау скæны. Дæлæ Къæдзхуымты Гуыбылæйттæй дарддæр чи царди? Уый фæстæ дзы сæ хæрæфырт Чакианиты

ærцæрын бауагътой. Æмæ ма дзы ныр Гуыбылæйтты мыггагæн исты ис? Чакианиты баци.

– Уый раст зæгъыс. Æцæгæлоны дæ зæххы тæфтыл ма хъуамæ ауадзай. Цард зæххæй у, æмæ дын дæ зæххы гæппæлæн исчи куы схицау уа, уæд æм дæ фырттæ та æххуырсты цæудзысты» (Радзырд «Урс фынтæ»).

О, уый царды рæстдзинад у! Æмæ йæ абонæй фæстæмæ алы ирон дæр, уæлдайдæр та нæ тæрхоны лæгтæ, куы бамбариккой, уæд нын, чи зоны, цæрын фенцондæр уаид. Фæлæ дæхи загъдау: «Адæм æгуыдзæг уымæн сты, æмæ сæ хæрзтæм нæ хъусынц». Æхсины лæг æхсæны лæг куы басгуыхы, уæд Ирыстоны зæххæн æнæ кайгæ нæй. Йæ хуыздæр хъæбултæн та – æнæ мæлгæ. Дæ фæстаг æмдзæвгæ – уымæн æвдисæн.

*Къухтæ – ауыгъдæй, риуыл – сæр æппæрстæй,*
*Зæрдæ – катайы знæтæн – æхсид.*
*0, мæ хъæбултæ, цардæссæстæй*
*Уый уæ саг фыд йæ цардæй тыхсы.*

*Искуы нывты кæд федтат æрттыгъдæй*
*Уаз Чырыстийы? – чи цыд хæрзты, –*
*Зонут, хъæбултæ, а дуджы рыгъдтæ*
*Уый уæ фыды кæй ныттыгътой ныр.*

*Ис ызнæгтæ, ызнæгтæ сæ нæмттæ, –*
*Знаг ызнаг у – фыдгæндæн ысты,*
*Фæлæ хи адæм, хицон, хæлæрттæ*
*Знаджы охыл цы басгуыхтысты?*

*Даутæ раст ысты! Сау миты цардæн*
*Уаз фыдахин нæ фæдæтты ком.*
*0, хъæбултæ, уæ фидæны кадæн*
*Æз сæрбæрзондæй уадзын мæ ном.*

О, АЛЕШ... АЛЕШ...

Ды нæ ныфс уыдтæ, нæ номы кæстæр. Ды хъуамæ басгуыхтаис нæ литературæйы фарнæн, уыдаис ын цæугæ мæсыг, лæугæ хох... Фæлæ абон Чъребайы 5-æм скъолайы кæрты дæ тохвæллад æмгæртты астæу

сыстад дæ лæугæ цырт. О, фæлæ ма ды хæстонæй хъауджы уыдтæ куырыхон фыссæг, æмæ дын 1993 азы мыхуырмæ цы чиныг бацæттæ кодтам «Азарут иронау, лæппутæ», уый абонæй фæстæмæ Иры дзыллæты ’хсæн фæуæд дæ цæугæ цырт.

Ирон дзырды фарн макуы рафтæд, дæ туг цы зæххыл ныккалд, уым.

О, АЛЕШ...

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРДЦУХ КЪАХЫР ДУНЕ

...Иу амард æмæ – фæцис, ахицæн, анығъуылд æнусты тар малы. Уыдис æмæ нал ис.

Нал ис дунейы сконды, царды удæгас хъуыддæгты. Кæд ма йæ хион-хæстæджытæ æрымысынц рæстæгæй-рæстæгмæ. Тæхудиаг у уый дæр. Фæлæ...

Фæлæ ма ис æндæр хъысмæт дæр, æндæр цардвæндаджы кæрон дæр: æнæмæлгæ номджынты, кадыссарæг лæгты хъысмæт.

Ацæуынц уыдон дæр, аивгъуыйынц, æрмæст, цы бынат фæахсынц царды, уый куыддæр сидзæрауæй аззайы, арв дзагъырдзастæй, зæрдæрæхуыстæй...

Алеш...

Чи дын уыд номæвæрæг, чи – куыд æй æрымысыд? Ды мæ зæрдæйы дæ бынат уæгъд нæ уадзыс, мæ уд мын йæ хъæрзынæй нæ ирвæзын кæныс…

Цы хæраймаг уыд дæ ныхыфыстæн дæр ахæм мæлæт ахæм хæрæмттæй дзаг, гадзрахатæй фæлыст хæсты!.. Бирæ рухс, ахсджиаг фæндтæ фæбадтысты дæ хъуыры: бæрзæндты бæрзæнддæртæм стæхын æввонгæй базырпырх куы бацис дæ хъомысджын курдиат.

Уæд фæзззæджы `рдæм чысылтæ цыма фæкъул сæрды даргъкъах дуне. Иу бæрæг кæимæдæр – Æхсар уыд, кæд ма мын зæрдæ ис, уæд – фыццаг хатт афтыдтæн хъармбæстæ Ирмæ. Уазæгуаты сæмбæлдыстæм Мелитоны уæлгорæт хæдзары, цыма йын Ерцъойы сæрмæ рагъыл уыд…

Сызгъæринвæлыст хъæрмуст изæр. Сæ хæдзæрттæм сойджын сæрвæттæй здæхæг стурвосы хъæукkaг лæгæн æхсызгон уынæр – зæрдæйыл æмбæлгæ, сабидуджы адджын бонтæ мысынгæнæг. Уалæ

хъæдæхгæд хохрæбын æрдузæй зыны æнусты фидауц ныв: æвзонг рæхснæг чызг сырх-сырхид къабайы се `гоммæгæс хъуджы здахы, нæ йæ уадзы кæйдæр цæхæрадонмæ хъуыдыды нартхæрттæй дæр ма йæхимæ фæкæсын, цæмæй, дам, æхсырджындæр басгуыхон…

Уæуу, цы Хуыцауы лæвар сахат нын уыд, кæрæдзи æмбаргæ, кæрæдзи дзыхæй хъæлдзæг ныхас исгæйæ, цæлхдымбылæй куы бадтыстæм, Мелитоны хæрзад сатæг сæн – ныккæндæй та-иу рахаста ботъълатæ – нуазгæйæ æмæ адджын комдзаг кæнгæйæ…

Дæ уæзбын ныхас, дæ хиуылхæцгæ бахудт, дæ кæсæнцæстыты цинрухс ферттывд – зæрдæ сæ йæхимæ `вгæдта æмæ сæ `фснайдта йæ рæбынты.

Æндæр сæрд – уый ам, уазалном Ирыстоны – кæм уыдыстæм, Алеш, ды, æз æмæ Камал, мæгъа, бæлвырдæй нал лæууы мæ сыхырна зæрдыл. Цыдæр санатори кæй уыд, уый ма зонын. Гæс нæ кæрты дуарæй мидæгдæр нæ уадзы, хицауадæй, дам дзы ничи ис. Фæлæ кæд уыд Ирыстоны та ахæм гуыдырæфтыд фæдзæхст бынат, æмæ йæм дæгъæл ма басгуыхой Камалы кад æмæ ном!

Зæрдылдаринагæй та ам дæр ницы рæгъмæ хæссинаг цау хъуыдыйаг у, фæлæ уадиссаг уарзон æмгæртты фембæлды микроклимæт вæййы, сæ ахаст, сæ зæрдæдард кæрæдзимæ – удæн бирæ цæрайæ ахъазгæнæг.

О, хъæдмæ бафтгæйæ, рагæй-æрæгмæ дæр лæдзæгæн бæззон талатæ-къалиутæ агурыныл свæййын. Æмæ та амы хъæды дæр суыдтон замманай уисхъæды лæдзæггаг, æхсæры къутæрæй уыцы æмраст æмæ `млæгъзæй фæцыд уæлæуæз. Ныр мæнмæ та – цыдæр мыстæрдузæн чысыл хæрынкъа…

Райдыдтон æй æхсынæгау лыг кæнын. Алешы зæрдæ мæм нал бабыхста кæсын – айста цыбырæвзагджын хæрынкъа æмæ `хсæр уис йæ домбай къухтæй уайсахат ахенц-адзæнгæл ласта дыууæрдыгæй дæр – хъæдуры хъæды ставдæн цæттæ лæдзæг, йæ цъар дæр ын ма бастигъ: æхсæр хус ран не `мбийы…

Стыр хъыгагæн, стыр, кæрæдзи цæсты дæр æмбæлгæ хуызы нæ ахадæм æнæдызæрдыг курдиатджынæй дæр æмæ курдиатæн айдагъ йæ зынджы стъæлфæнæй хайджынæй дæр, уыйæндæра уыцы лæдзæг абоны онг мæ рæбыны цæуылнæ у æфснайд – мæ къухтæм æй райсын, йæ уæлæ андзæвын дæр мын цинæфтау æхсызгон куы уаид, уæд!

...Цы фæйлаугæрухс цин вæййы, аивадон уацмысау уацмысыл, чиныгау чиныгыл кæсынил куы бафтыс, уæд!

Æмæ раст тæккæ ахæмтæй уыд – алырдæмты, алыхуызты дæр æй баргæйæ-æвзаргæйæ! – Алешы роман «Дæ уды фарн». Тынг разæнгардæй йыл ныффыстон мæ хъарутæ æмæ гæнæнтæм гæсгæ критикон уац журнал «Мах дуг»-мæ.

Алеш мын йæхæдæг лæгæй-лæгмæ ницы загъта, фæлæ, куыд фыстон æмæ цытæ фыстон, уыдонæй разыйæ кæй баззад, уый мын-иу куы чи фехъусын кодта, куы чи… Гъестæй рацæй-рабон, æмæ дын мæм дыууæйæ куы `рхатиккой – Алеш æмæ Ушанг: ратæлмац кæн роман уырыссаг æвзагмæ!.. Нæ, мæ бон, зæгъын, нæ бауыдзæн, æз уый аккаг дæсны нæ дæн уырыссаг æвзагмæ.

Уалынджы йæ чидæр дæлрæнхъон тæлмацæй Тотраты Русланы æвджид бакодта. Уæдмæ Алеш байсæфт, йæ роман та йын халтурон тæлмацгондæй Руслан байсæфта: зын тæлмацгæнæн бынæттæ иуварс фæуагъта, йæ сæйраг архайæг сылгоймагæй та йын лæппуты мой скодта, хæтаг, хæлд лыстæн. Алеш æй ахæм хуызы мыхуыр кæнын, ай-гъайдæр, нæ бауагътаид.

Цæмæн афтæ бакодтай, зæгъгæ, куы бауырдыг дæн тæлмацгæнæгмæ, уæд дын мын куы зæгъид:

– Афтæмæй уырыссаг чиныгкæсæгæн цымыдисагдæр у...

Фæуæд, фæлæ аив дзырдæн та ахæм тæлмацгондæй роман йæ басы бас у, йæ дард хæстæг!

Уæвгæ та Руслан хорз арæхстис тæлмац кæнынмæ – зæгъæм, Бицъоты Грисы уацмыстæ…

Алешимæ мын-иу мæ алы фембæлд дæр уыд раст бæрæгбонау. Нымад хæттыты нæхимæ дæр абадтыстæм. Фæстаг хатт куы `рбацыд Дзæуджыхъæумæ, уæд дæр та йæ хуыдтон, фæлæ цыдæр æнæвдæлон уыд æмæ мын афтæ:

– Æндæр хатт...

Нал уыд æмæ никуыуал уыдзæн уыцы æндæр хатт!.. Тæмæнтæкалгæ райдзаст бон куыстмæ куыд цыдтæн, афтæ дын нæ куыстуаты къæсæрыл мæ размæ Хæблиаты Сафар æрлæууыд йæ къухтæ бынмæ æнæбоны бæндæнуагъдæй:

– Кæрæдзийæн тæфæрфæс ракæнæм: Алеш нал ис...

Мидæгæй, цыппæрæм уæладзыгмæ куы схызтæн ме здыйау уæззау

зæрдæимæ, фыр рыстæй мæ саугуырм цæстытимæ, уæд дын мæнæ Косты Лизæ кæуы, дзыназы, йæ сæрæй къул бацæвбацæвгæнгæйæ:

– Алеш дæр та нын нал ис, Алешы дæр та нын Хуыцауы цæст нæ бауарзта!..

Кæд ма нæм баззайа æцæг Аив Дзырд суррогаттæй иртасæг, алы эрзацтæй, удæгас дидинджытæ хиконд диди-бибитæй иртасджытæ-æвзарджытæ, уæд, Алеш, дæуæн сæ зонындджын сæртæй ныллæг кувдзысты, дæ ном сын нæ разагъды фысджытимæ æмхуызон табуйаг уыдзæн.

Уымæн, æмæ Аив Дзырдæй цух дуне у къахыр, арф къардиуау къахыр, адæймаг та – талынг, къуырмазæрдæ æмæ фидиссаг цыбырзонд.

*БУЛКЪАТЫ Игорь*

# 1985 АЗ. КАЛАК. АЛЕШ, МЕЛИТОН, ХАДЖЕ ÆМÆ ÆЗ

1984 азы Мæскуыйы Литературон институт каст куы фæдæн, уый фæстæ дыууæ азы фæкуыстон Калачы, Дадианийы уынгыл цы Сæйраг редколлеги уыдис, уым. Уыцы рæстæг газет «Литъератъурули Сакартвело»-йы арæх мыхуыр кодтой, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны цы транскавказон тъунел баста, уый сæхгæнынмæ сидæн æрмæджытæ. Националистон уады зилдух тыхджындæр кодта, фæлæ гуырдзы нырма не `фсымæртæ уыдысты...

Редколлегийы Кавказаг литературæйы хайадмæ мæ фæхуыдта йæ сæргълæууæг Отар Нодия – ныллæг æмæ урссæр зонджын лæг. Хайады сæрдар та уыдис ас хæларзæрдæ лæг, æрмæст иу чиныг чи ныффыста, ахæм литератор Амиран Кусрашвили. Кæд йæ тугдадзинты ирон туг уыд, уæддæр йæхи гуырдзиаг хуыдта. Гъемæ йæ зæрдæцавд куы ныххæлдис (кардиостимуляторимæ цард), уæд æй Отар мæлæтæй фервæзын кодта – хæдтæхæгыл æй Мæскуыйы Бакулевы номыл институты кардиохирургийы хайадмæ арвыста, æмæ йæ уымæ гæсгæ йæ ирвæзынгæнæг хуыдта. Уый фæстæ йын цы чиныг рацыд, уымæн йæ фыццаг ныхæстæ афтæ зæлыдысты: «Сымах зонут, цы у цард? Нæ, нæ йæ зонут. Æмæ мæм уæд байхъусут!»

Уыцы рæстæг мысын мын тынг æхсызгон вæййы. Сæрмагондæй тæлмац кодтон гуырдзиаг æмæ уырыссаг æвзагмæ нæхи фысджыты уацмыстæ æмæ сæ мыхуыр кодтон Редколлегийы журналты. Афтæмæй альманах «Кавкасиони»-йы мыхуыргонд æрцыдисты Булкъаты Михалы, Хъазиты Мелитоны, Гуыцмæзты Алешы æмæ æндæр фысджыты уацмыстæ.

1985 азы сæрды нæм Цхинвалæй æрцыдысты Гуыцмæзты Алеш, Хъазиты Мелитон æмæ Хаджеты Таймураз. Мæ хæлæрттыл сæ нымадтон, тынг æхсызгон мын уыдис, хистæры номæй мын зонд кæй амыдтой. Нæ литературæйы фидæн кæй уыдысты, уый дæр дзæбæх æмбæрстон. Мæскуыйаг схъæл митæй нæма фæхицæн дæн, æмæ сын барджынæй хъардтон мæ «прогрессивон» хъуыдытæ ирон культурæйы æмæ ирон литературæйы тыххæй. Уыдон-иу мæм, мидбылхудгæйæ, хъуыстой æмæ арæхстгай, цæмæй мæ ма бафхæрой, фиппаинæгтæ кодтой.

Нодияйы кабинетмæ сæ бакодтон. Цыбыркъаба нымæрдар нын тæвд цай æрбахаста къафеттимæ æмæ мыдамæсттимæ. Махæй алчидæр сæрибарæй ныхас кодта гуырдзиагау, фæлæ, кæд хистæр хуыздæрыл нымадта уырыссагау дзурын, уæддæр мах нæ дзуаппытæ гуырдзиагау раттæм – æз имеретаг акцентимæ, уымæн æмæ ныгуылæн Гуырдзыстоны схъомыл дæн, Алеш, Мелитон æмæ Таймураз та – хъусрæвдауаг къуыдайраг акцентимæ. Фæлæ куыддæр ныхас литературæмæ æрхауд, афтæ уырыссаг æвзагмæ рахызтыстæм. Нодия раппæлыд Алешы æмæ Мелитоны прозæйæ – сæ «Урс фынтæ» æмæ «Дозæ» чысыл раздæр мыхуыргонд æрцыдисты «Кавкасиони»-йы. Таймуразы поэзийы тыххæй дзургæйæ та фæнысан кодта, йе `мдзæвгæтæ стыр уырыссаг поэт Юрий Кузнецовы тæлмацæй «Дружба народов»-ы кæй рацыдысты, уый, æмæ загъта, цæмæй ногтæ бамбырд кæна æмæ сæ æрбарвита Редколлегимæ. Фысым ма радзырдта, тымбыл фынг скæнынмæ кæй хъавы, æмæ йæм кæй фæхондзæн ирон фысджыты Хуссар æмæ Цæгат Ирыстонæй. Мах, кæй зæгъын æй хъæуы, хорзыл банымадтам уыцы хъæппæрис (Фæззæджы, æцæгдæр, арæзт æрцыдис. Хуссарæй дзы архайдтой Джусойты Нафи, Хацырты Сергей, Хъазиты Мелитон, Гуыцмæзты Алеш, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Булкъаты Михал, Букуылты Алыкси, Цæгатæй æрцыдисты Джыккайты Шамил, Ходы Камал, Малиты Васо æмæ иннæ фысджытæ).

Куы рацыдыстæм, уæд Руставелийы проспектыл фистæгæй араст стæм. Алеш æдзухау æнæдзурæг уыд, цыма цæуылдæр хъуыды кодта. Йе стыр къухтæ йæ хæлафы дзыппыты атыста æмæ афтæмæй цоппай кодта. Æз-иу хаттæй-хатт фæразæй дæн, æмæ йе ставд линзæты фæстæ цы æнкъард цæстытæ уыди, уыдоны арфмæ-иу ныккастæн.

Бацыдыстæм хæрæндонмæ. Рахастой нын æртæ кæрдзыны, стыр къусы лыстæг карст пъæмидортæ æмæ джитъритæ, фысы цыхт æмæ «Ркацители»-йы сæны стыр дурын. Нуазæнтæ байдзаг кодтон. Мелитон ракуывта Хуыцауæн æмæ анызтам.

– Оллэш æй цæмæн хоныс? – афарста мæ Таймураз. – Хъазгæйæ?

– Нæ, – радтон ын дзуапп. – Йæ цæстытæм ын куы фæкæсын, уæд æй æндæр номæй схонын мæ бон нæу.

– Æмæ цы нысан кæны «Оллэш»? Лæгъстæ у?

– Цæй, уæлдай ном ын æрхъуыды кодта! – загъта Мелитон æмæ йæ агуывзæ систа.

Таймуразæй банымæхстон, фæлæ уым сусæгдзинадæй иу мисхал дæр ницы уыд: Алешæн йæ иугæдзон æрхæндæг æнгасы йедтæмæ мæнын дис æфтыдта йæ къуыдайраг хæларзæрдæдзинадæй ахъаззаг хъацæнгонд сабыр цинизм. Таймураз та йæ раст ацахста – уыцы «уæлдай ном» æцæгдæр уыдис лæгъстæ. Цы йын лæгъстæ кодтон, уымæн вербалон формæ не ссардтон. Фæлæ бирæ фæстæдæр Ирыстоны хæст куы ныггуыпп ласта, æмæ Алешы, йæ уæлхæдзары лæугæйæ, гуырдзиаг снайпер куы фехста, уæд мæм афтæ фæкаст, æмæ цалынмæ нæмыг йæ риуыл баныдзæвдис, уæдмæ тæхгæ-тæхын зарыдис «Оллэш, Оллэш!», зæгъгæ.

Уыцы диссаджы изæр та мах нуазгæ дæр фæкодтам, хъазæн ныхас дæр. Ноджы ма дзырдтам нæ литературæйыл, уайдзæф кодтам нæ хистæртæн – æрхаудис дзы Грисыл, Нафийыл æмæ Цæрукаты Алыксандрыл дæр, фæлæ æппынфæстаг æмуд æрцыдыстæм, Нигеры æмæ Уассойы фæстæ нын уыцы адæмы йедтæмæ кувинаг ничи баззад. Куыд раджы уыди уый, куыд раджы, Оллэш…

Таймураз та дын уыцы изæр иуафон мæнырдæм разылд:

– Дæ карæн лæппу æмдзæвгæтæ хъуамæ фысса.

– Цы йæ нал уадзыс, дæхæдæг фыссын зоныс? – афарста йæ Алеш.

– Уæдæ! – фестад Таймураз æмæ æрвнæрæн хъæлæсæй «Куыдзы

мæлæт» кæсын райдыдта. Æмæ куыд касти... Афтæ касти, афтæ, æмæ ныл гуырдзы диссагæн æрæмбырд сты.

*Æхсæв сау мигъ кæм хуыссы ’ввонгæй,*
*Каубын ихау кæм някъкъæдз сындз,*
*Уым фыдзæронд æмæ стонгæй*
*Марди бур-бурид митыл куыдз.*

*Уый хуыссыди куыдзау тымбылтæй,*
*Кодта дзæмбытыл хъарм йæ рус.*
*Тагъди цæстытæм миты тъыфылтæй*
*Æмæ хæдзары рудзынгæй рухс.*

*Хъуысти кæртмæ фæрныг фысымтæй*
*Гъæйтты зарæг, фыдрасгуыты дау,*
*Æмæ хицауы къухы фысы стæг*
*Дардмæ ’рттывта, цырагъы зынгау.*

*Ферох куыдзæй, кæй хызта рагæй*
*Уыцы сау фысы – рафтыд йæ тых...*
*Æмæ бирæгъы тигъджын дæндагæй*
*У нырыонг йæ синæй къуылых.*

*Уымæй ферох, кæй уыд æлвæст риу,*
*Тары цæстæй нæ ивгъуыдта мыст,*
*Уымæй ферох æппæтдæр, æрмæст-иу*
*Хатгай йе ’фсæры къæдз ныррызт.*

*Кæртмæ рахызти иуафон хицау,*
*Ыстæг раппæрста, айвæзта ком,*
*Фæлæ нал хъуыди куыдзы ницы, –*
*Уымæн йе ссыртæ нал кодтой гом.*

Каст куы фæцис, уæд ын Алеш афтæ:
– Хорз æмдзæвгæ у, фæлæ хъæр цæмæн кæныс, уый куы базонин...
Мелитонимæ нæ мыр-мыр тыххæй ныуурæдтам.

Абон, æхсæрдæс æмæ ссæдз азы фæстæ, мæхи фæрсын: цæмæн мын радтой ирон литературæйы хъазуатонтæ уыйбæрц бар, æмæ сæ ныхæстæм æнæбарвæндæй бафтауон мæ бонзонгæ хъуыдытæ, уыдон та мæм, быхсгæйæ, хъусой æмæ сæ сæртæ разыйæ тилой? Мелитон бирæ цæрæд, Алеш Таймуразимæ та нал сты нæ цуры. Чи мын радта уыцы бар, цæмæй мæ тæрхæттæ иу рæгъы сæвæрон сæ раныхæстимæ? Æвæццæгæн, сæ уды уæлвонгдзинад æххæссыд æппæт райдайгæ фысджытыл дæр. Æмæ мæ Мелитон куы афарста, Алешы «Урс фынты» тыххæй цы хъуыды кæныс, зæгъгæ, уæд ын комкоммæ загътон: куы йæ тæлмац кодтон уырыссагау альманах «Кавкасиони»-йы мыхуыр кæнынæн, уæд мæ текст ацахста мæ хурхæй, фезмæлын мæ нал уагъта. Ралыгъдтæн Къуары былмæ æмæ суанг райсоммæ фæлæууыдтæн донбыластæрдыл, цæмæй уды æнæзмæлгæ мулк æрцæгъдон, фæлæ нæхимæ куы баздæхтæн, уæддæр дзы нæ банкъардтон сæрибардзинад, афтæмæй фæкуыстон, мæ дæндæгтæй хъинцгæнгæ. Мæ туджы цыма Местъайы æмæ Матейы экзистенциалон фынтæ бацыдысты... Мæ зæрдæмæ афтæ æввахс бахастон сæ хъизæмæрттæ, æмæ мæ бафæндыд партийы централон комитетмæ æргом фыстæг ныффыссын ирон хъæутæ бахъахъхъæныны тыххæй. Бафтыдтон ма, Алешы стиль ахæм æнæхин æмæ рæсуг кæй у, æмæ йæ тымбыл дамгъæты `хсæн кæй зынынц ирон хъæуты цардуавæры алы къуыбыртæ æмæ дзыхъхъытæ, фæлæ уыцы фæзилæнтæ уырыссагау зын тæлмацгæнæн кæй уыдысты. Таймураз афтæ, сæрибардзинад, дам, хорз æмæ фыддзинадау ахастон у, фæлæ дам, уацмысæн йæ атмосферæ кæй бахъахъхъæдтай, уый ахсджиагдæр у. Раст у, уымæн æмæ Местъа æмæ Мате фæзынынц, расидынц националон приоритеттæ, кæцытæ нын амонынц, комахсайнагæн йæ сæр дасын абстрактон сæрибардзинадæй æхсызгондæр кæй у, уый. Уыцы зæрæдты фынтæ корреляци кæнынц зыгъуыммæ цæугæ цардимæ. Фæлæ сæ реалондæр кæцы у, уымæн ничи ницы зоны.

…Дидубейы автостанцæйы мæ куы хизын кодтой, уæд мын афтæ загътой, дæхи, дам, хъахъхъæн. Æз сын арфæтæ фæкодтон. Ныр фæсмон кæнын, сæхицæн сын кæй нæ бабæллыдтæн хи хъахъхъæнын. Æниу, байхъуыстаиккой райдайгæ фыссæгмæ? Гуырысхойаг у...

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# ÆНÆ ДÆУ…

Чи зоны, уый æцæг у...

Чи зоны, хъæр мæрдтæм дæр æцæг хъуысы... Уæд дæм ныхъхъæр кæнин, Алеш, бафæрсин дæ: «Цы кæнæм, куыд цæрæм æнæ дæу, царды фæндтæ куыд нывæндæм, цы ныфсæй цæрæм?..»

Бафæрсин дæ, фæлæ тæрсын дæ парахат зæрдæйы хъыгæй, æмбарын æй, ды ахæм ныхас æфхæрдмæ кæй айсдзынæ, дæхицæн сæ номгæнæг нæ, уæлдай стауæн ныхæстыл банымайдзынæ. Уымæн æмæ ахæм уыд дæ удыхъæд: цы уыдтæ, дæхицæн уыцы аргъ никуы кодтай, чъынды уыдтæ дæхи уарзынмæ, зивæг кодтай дæхи удыл ахъуыды кæнынмæ. Уымæ гæсгæ тæрсын, мæ фарстæн мын гуымиры дзуапп куы радтай: «Æмæ цы хъуамæ кæнат? Æз бæсты бикъ, комы дæгъæл, кæнæ пахуымпар куынæ уыдтæн, мыййаг, цæмæннæ хъуамæ цæрат æнæ мæн, цæмæннæ хъуамæ нывæндат царды фæндтæ, æви Ирыстон мæныл банцад?..»

О, ды афтæ зæгъдзынæ, фæлæ æз уæддæр нæ уисæн кæндзынæн æмæ дын дзурдзынæн… Мæ уды арфы чи ныццахст æмæ мын дæ мæлæн бонæй фæстæмæ æнцой чи нал дæтты, мæ уыцы риссаг зæгъинæгтæ дын нывæнддзынæн. Дæ зæрдæйы хъыгæй тæрсгæйæ дæ нæдæр пахуымпар схондзынæн, нæдæр бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл, фæлæ мын уый зæгъыны бар уæддæр ратт, ды хайджын кæй уыдтæ, хъысмæты цæст алкæмæн кæй йæ бауарзы, ахæм тæхудиаг миниуджытæй, демæ мæрдтæм ахæссын кæй нæ бафæрæзтай, уæлион бæстыл кæй ныууагътай, ахæм фарнæй. Уыцы миниуджытæ тæлфынц æмæ зилахар кæнынц нæ цæстыты раз. Уæлдай æнувыд кæуыл уыдтæ æмæ дыл уæлдай æнувыд чи уыд, уыдоныл уæлдай тынгдæр æндавынц, сты ма нын æрмæстдæр дæу мысыны æмæ æрхæндæгдзинады хос.

Ай-гъай, Ирыстон дæуыл нæ банцад, хъуамæ цæрæм, царды фæндтæ нывæндæм, дæуæн дæ иууыл ахсджиагдæр чи уыд æмæ ахсджиаг хъæбул кæмæн уыдтæ, уыцы Ирыстон æмæ ирон литературæйы хæрзæбонæн, фæлæ уæддæр… зын у æнæ дæу, Алеш...

Мæ кусæнуаты исты кусинагыл æрбадын, фæлæ зæрдæ фæдзуры алы къахуынæримæ дæр, фенхъæлмæ кæсын: дæ ахуырмæ гæсгæ,

парахат зæрдæйæ мæ кабинеты дуарæй кæд æрбахиздзынæ, мемæ кæд аныхæстæ кæндзынæ, стæй дæхи кабинеты кæд æрбаддзынæ æмæ дæ курдиатджын удæй зæриндоны тылд дзырдтæ фæлдисын кæд райдайдзынæ...

Фæлæ... Уас уыцы сау боны размæ Гуырдзыстон сау фæнык куы фестадаид!

Мæ уды рыстæй уысмы бæрц уæддæр куы фервæзины ныфсæй райсын дæ чингуытæ æмæ та ногæй, цал æмæ цалæм хатт, нæ зонын, кæсын райдайын дæ диссаджы уацмыстæ... Æмæ та мæ дæ аив, дæ тадзгæ-баргæ дзырдтæ, дæ арф философон хъуыдытæ сæ уацары бакæнынц, дæ диссаджы фыстыхъæд мыл афтæ тынг бандавы, дæ бæстонарæзт фæлгонцтæ мæм сæ миддунеимæ ахæм ирдæй разынынц, æмæ мæ уысммæ ферох вæййы æппæт дæр – хæст дæр æмæ сомбоныл удмарæг сагъæс дæр... Фæлæ, куы зæгъын: æрмæстдæр – уысммæ... стæй та дæ рыстæй риссаг уд бар-æнæбары ныккæрзы: «Ныр Алеш ахæм уацмыстæ никуыуал ныффысдзæн!..»

Гъе уый у, гъе, нæ рыст æмæ нæ масты сæр, Алеш!

Нæ иузæрдион хæлар, кæмæн – фыды, кæмæн – æфсымæры, кæмæн – хъæбулы бынаты нын кæй уыдтæ æмæ нын ныр кæй нал уыдзынæ, ууыл та куыннæ риссæм, фæлæ, чи зоны, нæхи рыстыл хъæциккам, дæ уды æгæрон фарн кæрæдзийы удты тауиккам æмæ кæрæдзийæ дæ мондæгтæ исиккам, æппынфæстаг, кæрæдзимæ «Алеш» номæй дзуриккам, – æппæт уыдæттæй нæхи развдауиккам æмæ нын цардæгас кæй дæ, уый нæхицæн уырнын кæниккам, фæлæ...

Фыр буцæн лæппутæ кæй хуыдтай, царвау рæвдаугæ кæуыл тадтæ, ныр æрвылизæр дæ мидбылхудт фенынмæ чи фенхъæлмæ кæсы, дæ уыцы дыууæ сидзæр чызгæн та цы зæгъæм, дæ цинæй, дæ ныфсæй бон уылынг чи рæзт, æхсæв – уыдисны, уыдонмæ дæхи йедтæмæ кæй рæвдыд бахъардзæн?..

Стæй...

Ирон литературæйæн та цы кæнæм, Алеш, дæ хуызæн хæдхуыз, Хуыцауæй сæрмагонд æрвыст, удылтайгæ дзырдтæ фæлдисæг фыссæг ын кæцæй æрхæссæм?..

О, ды диссаджы фæлдисæг æмæ курдиатджын хъуыдыгæнæг уыдтæ, Алеш! Дæ уацмыстæ – дæ уынаг цæст æмæ дæ ирд хъуыдыйы айдæн. Дæ цæст уыдта алкæй дæр æмæ алцы дæр. Зыдтай æмæ арæхстæ,

зæххыл цыдæриддæр змæлджытæ ис, уыдонæй алкæй æмæ алцæй миддунемæ дæр ныккæсынмæ, алцы зæгъынмæ, алцы равдисынмæ дæр; кардæйкарст композици, æнæцудгæ ритм, царды ахсджиаг проблемæтæ арæхстджынæй скъуыддзаг кæнын – уыдон уыдисты дæ уацмысты астæумагъз. Иууыл æрдхæрæйнаг та фæлгонцтæ фæлдисынмæ уыдтæ – алкæмæн дæр дзы ныв кодтай йæхи бæрæг-бæлвырд фæндаг, сæхи нысан, се `хсæн сын цырын кодтай æнæрæнцой тох, æмæ уыцы тохы алы хатт дæр уыдтæ рæстдзинад, хæрзæгъдау, лæджыхъæд æмæ æндæр тæхудиаг миниуджыты фарсхæцæг. Кæнæ дæ аив, дæ фæлмæн æвзаг! Дæ рæнхъытæ кæсгæйæ, хъусты фæзæлы æрдзы кæлæнгæнæг симфони, цæстытыл фæуайынц æрдзы иууыл рæсугъддæр хуызтæ, хъуыдыйы фæтæлфы сагъæс, рыст, цин, сæрыстырдзинад æмæ æндæр зæрдæагайæг æнкъарæнты æмхæццæ æндæвдад.

Ныр ма зæгъ, Алеш, куыд хъæцæм, куыд нæ риссæм ахæм фыссæджы бабиныл?!.

Цæй диссаджы лæг уыдтæ, Алеш! Демæ лæг сау кæрдзыны къæбæр куы хордтаид, уæддæр æм афтæ кастаид, цыма аргъæутты цæлы фынгыл бады. Дæ парахат зæрдæйы бæркад-иу æнхъæвзта æддæмæ, де уæнгты абухгæ змæлд-иу демæ бадæгæн уырнын кодтаид, сæйраг кæй у дзыппы бæркад æмæ уæлейæ исгæ, бынæй ахадгæ хъæздыгдзинад нæ, фæлæ зæрдæйы дзæбæх. Зæрдæйы дзæбæх кæм уа, уым та æнæ уæвгæ нæй бæркадæн дæр æмæ фарнæн дæр.

Дæ мæлæты фæстæ мын дзæуджыхъæуккаг поэт Плиты Олег радзырдта ахæм хабар: «Бадын хæдзары æмæ кæсын телевизормæ. Иуафон мæ хъустыл ауад дикторы æрхæндæг хъæлæс: Гуырдзыйы лæгсырдты къухæй фæмард курдиатджын фыссæг Гуыцмæзты Алеш! Æз бадгæйæ баззадтæн. Цæссыгтæ лæдæрстысты рустыл, цæстытыл уад Алешы фæлгонц. Уыцы рæстæджы дуар фегом æмæ фæдисхуызæй æрбахызт мæ хæлар лæппу. Лæппуйы цæсгом цикъæйау ныффæлурс, кодта тыхулæфт.

– Зоныс, Олег, кæй амардтой? – афарста мæ ризгæ хъæлæсæй.

– Кæй ма? – афарстон æй тарстхуызæй. Уыцы лæппу Алешы нæ зыдта æмæ цæмæй æнхъæл уыдтæн, уый кой кæны. Зæгъын ма ноджы æндæр искæй...

– Алешы! – ныуунæргъыдта лæппу.

– Æмæ ды цæмæй зыдтай Алешы?

– Куыннæ йæ зыдтон? Хъуыды ма кæныс, æстайæм азы автостанцæйы иумæ фæйнæ бæгæныйы куы баныхтам?..»

Ахæм лæг уыдтæ, гъе, Алеш! Демæ иу хатт фембæлын, иу хатт фæндагыл ацæуын дæр фаг уыдис, цæмæй адæймаджы зæрдæйы баззадаис мæлæты бонмæ…

Ныр цы кæнæм?!.

Нырæй уæззаудæр уавæры куы никуы уыдыстæм, нырæй тынгдæр нæ куы никуы хъуыд дæ кæрдаг зонд æмæ дæ цæхæркалæг курдиаты сæр, уæд нæ...

Цы хъуамæ кæнæм?.. Дæ марджытæ, кæддæр нæ туг æмæ не стæджы фæрцы паддзахад чи сарæзта, уыцы гуырдзы ныл рахæтыдысты, иугæр тыхæй нæ, уæд та нæ хинæй басæттынмæ хъавынц. Дæ хуызæн лæгаулæгты сæр нæ ныры хуызæн куы никуы хъуыд, уæд цы кæнæм, Алеш?

Уыдæттæн ма, чи зоны, истытæ кæниккам, фæлæ ныл Хуыцау дæр куы рахатыд, уæд уымæн та цы нæ бон у? Дæу хуызæн курдиатджын гуырдтæ нæм куы фæзыны, уæд сын дæргъвæтин царды бæсты сæ бонтæ куы фæцыбыр кæны, уæд уымæн та цы кæнæм? Æрнымай-ма, дæ разæй уыцы бæстæм дæуау цæрынхъуагæй цы курдиатджын лæппутæ бацыд, уыдоны нæмттæ. Уый дын Хъамбердиаты Мысост, уый дын Дзаболаты Хазби, уый дын Кочысаты Мухарбег, уый дын Калоты Хазби, æмæ... Чи сæ фæнымайдзæн: чи – дæу цахъхъæнæй, чи – дæуæй кæстæр уæвгæйæ!

Уый та дын, нæ доны къусæй дæр кæмæн лæгъстæ кæнæм, судзгæ цырæгътимæ кæмæ фæкувæм, уыцы Хуыцауы митæ! Сæ фæстæ рахъомыл дæ ды, фæлæ, гъа, цы загъдæуа хъысмæтæн...

Дзырдтай фæндфидар æмæ ныфсджынæй: «Ирыстоны Зæххæй мæ риуæмбæрц уæддæр бахъахъхъæндзынæн...»

Афтæ кæй дзырдтай, ахæм позицийыл лæуд кæй уыдтæ, уый зыдта алчи дæр, æмæ дæм йæ ныфс ничи хаста уый бадзурынмæ, цæмæй дæхи бавæрай. Уыцы сау боны хæдразмæ Ирыстоны цæгат хайы фысджытæй чидæртæ, чъызгæйæ, сусæг фæндтæ бæргæ нывæзтой, цæмæй дæ исты æгъдауæй асайдтаиккой хæсты цæхæрæй, цæмæй ма бабын уыдаис æмæ дæ ирон литературæ афтид ма абадтаид, фæлæ сæ искæй йæ Хуыцауыхай куы сардыдтаид дæумæ уыцы фæнд бадзурынылл…

Æмæ фесæфтæ, Алеш! Бæлвырддæр зæгъгæйæ, фесæфтай нæ! Уымæн ныдздзынæзта Хостыхъоты Зинæйы зæрдæ дæ æвирхъау мæлæтæй:

# ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШÆН

*Пока на земле все еще есть*
*насильственная смерть, первы-*
*ми должны умирать поэты.*
*П. Элюар*

*Мæ риуы æмбæрц уæддæр*
*бахъахъхъæндзынæн Ирыстонæй.*
*Алеш*

1

*Поэт йæ дзыллæйы цæрайæн*
*Фæцыд нæмыгдзæфтæй мæрдтæм,*
*Ир, де знаг йе `нгуылдзтыл нымайæд*
*Дæуау йæ хæстифтонг фыртты*!

2

*Ос-Бæгъатыр фыртты сахъдæр,*
*Бустæ, уайдзæфтæ нæ зыдтай, –*
*«Мемæ цомут» – дæр нæ загътай,*
*Афтæмæй хæстмæ фæцыдтæ.*

*Зæрдæ судзгæ маст æууилы –*
*Мах дæуау нæ зыдтам уарзын.*
*Ды цы ныфс хастай дæ риуы,*
*Уый нæ цауд удты нæ разынд...*

*Махмæ `мгары намыс бастъæлд*
*Ацы стырзæрдæ фыдцарды, –*
*Иу нæ не `рлæууыд дæ фарсмæ,*
*Æмæ ныр кæуæм дæ мардыл.*

*Рухс ирон дзырды мæлæтыл*
*Хауы н` арвы риу фæрчытæ,*
*Калынц сау цæссыг дæ цæфтыл*
*Иры сау хъарæггæнджытæ.*

*Ехх, дæ бон бакæла, уастæн,*
*Хæсты кæд хæцæн нæй иуæй!*
*Ау, куы йæ зыдтай, Ирыстон*
*Цъус уæрæхдæр у дæ риуæй.*

Наци, дæ хуызæн лæгтæ фесафгæйæ, сæфы, æнæ фидæн дæу хуызæн курдиатты сæфтæй кæны. Наци лæгау-лæгтæй тыхджын куынæ вæййы, уæд ыл иннæ нацитæ сæ тых æвзарынц, сæхи къæхты хъæрмæ йæ кафын кæнынц. Æниу, зонды лæгтæй бынтон нæма сцух стæм, фæлæ уыцы зонды лæгтæй алчи йæ хæсыл нæ нымайы нацийы фервæзын кæнынил тох кæнын, бирæтæ дзы цыдæр æнхъæлцау, цæмæдæр (чи зоны, кæмæдæр) æнхъæлмæ кæсгæйæ, сæхи ныхъхъус кодтой, сусæг-æргомæй сæ комы баст райхалынц æрмæстдæр фæсвæд, зонды уынаффæмæ сæм чи æнхъæлмæ кæсы, уыдонæн уырнын кæнынц, гуырдзыимæ нын (ома дæ марджытимæ) бафидаугæйæ кæй у, æндæр фæрæз нын кæй нæй... Æмæ уыдонмæ кæсгæйæ, уыдонмæ хъусгæйæ, чидæртæ сусæг-æргомæй тæхуды кæнынц, сæ гуырдзиаг сиæхстимæ, сæ батъоно хæлæрттимæ та сырх сæн куы нуазиккой, уымæ... Сæ туг, се стæджы сæфт сæм нæ хъары, нæ хæстарыд зæххыл цы æнæаххос ирон туджы лæсæнтæ рацыд, уыцы туг сæ хъуыры нæ бады...

Фæлæ ды, Алеш, ахæмтæй аргъуц никуы кодтай, ахæм цъаммардзинад никуы быхстай, æмæ... Кæд хъæр мæрдтæм æцæг хъуысы, уæд уырдыгæй дæр хъуысдзæн, æмæ, дæ цуры цы хъæбатыр лæппутæ ныгæд ис, уыдоны номæй дæр ныккæн фæдисы хъæр уæлион бæстæм. Гуырдзыйы дæлбар ма куы баззайæм, уæд сæфгæ кæнæм, Алеш! Уæд нæм зонды лæгтæ æхxуырстытæ уыдзысты, уæд нæм чызг чындзы цæуыны кармæ нал хæццæ кæндзæн, лæппу – ус курыны кармæ! Уæд æвæдмæ, бынсæфтмæ цæуæм, Алеш...

Æмæ ма ныббыхс, стон дæ ингæны къæйтæ!..

*1994 азы, май*

*КАСАТЫ Батрадз*

# МÆ УДЫ ТЫХСТ

*Ирон зынгхуыст фыссæг*
*Гуыцмæзты Алешы рухс ном мысгæйæ*

1

Ехх, мæ уды тыхст,
Ныр куыд бакæнон,
Ныр кæмæ дзурон...
Ацы сау ызмæст...
Фатау ахизы
Риуы судзгæ маст.
Кæд нæртон гуырд дæ,
Судзын ма баком.
Кæд ирон лæг дæ,
Ивгъуыд мауал дом.
Цард æгъатыр у,
Расты нал фæрсы...
Кæд дзыццайы фын
Бонмæ нал хæссы.
О мæ уды тыхст,
О мæ чысыл Ир...
Цæй, мæ зæрдæйы
Дæу æрбатухон.
О мæ Ирыстон,
Туг куы фæмызти
Мады цæстытæй...
Охх, кæдмæ миздзæн
Туг нæ хъæдгæмттæй.
Лидзæнт ардыгæй
Иууыл цардагур.
Æз Хазбитимæ,
Ам Бегатимæ

Дургай иу мæсыг
Хъуамæ сыздухон.
Кæд дытигъ сисæн
Æз нæ фæбæззон.
Уæд Хылычъы та
Ахæм фестдзынæн,–
Арт кæй нæ судза,
Цард кæй нæ сайа,
Фат кæм нæ хиза,
Маст кæмæй тайа.
О æгæрон Ир!
О мæ къуындæг Ир!
Дур дæр базмæлы
Дудгæ хъарæгæй,
Мур нæ ратдзыстæм
Мах нæ уæзæгæй.

2

Дур дурыл нал хæцы,
Нæ мæсыг нал рæзы,
Нывæндтæ домы йе сфидарæн кæд.
Цы ма нæ бауигъдзæн?
Цы ма нæ бандидздзæн?
Лæг хуыздæрæй,
Сывæллон сыгъдæгæй,
Сылгоймаг уæздан æй
Нæ Иры зæхх
Куы ныхсадтой сæ тугæй.
Лæг райгуыры лæгау цæрынæн,
Лæг райгуыры лæгау мæлынæн.
Æмæ нæ бакуымдтой æмбæхсын.
Ныккалд нæ туг — ирон мæсыг ныхасæн.
Æвæццæгæн дæ бафæндыд
Æндадзæн фестын
Ирон мæсыджы мургай хаугæ дуртæн...

Æвæццæгæн дæ бафæндыд нывондæн
Дæ цардхъуаг уд æрхæссын
Æмæ йæ бавæрын бындурæн
Ирон уæзæгыл.
Фидар мæсыг фестын...
Нæ разынд тых,
Дæ хивæнд ми – уæлахиз...
Цы ма вæййы егъаудæр нывонд уымæй,
Цæмæй кæрæдзи мауал хæрой адæм.
Цæмæй сæ мæсыг дурæнгом ныззилой,
Цæмæй сæ фынтæ арвгæрæтты зилой,
Æмæ кæрæдзи хæрынæй
Бæрзонд уарзтмæ ысхизой.
Цы ма вæййы?
Æви æгæр сты йæ домæнтæ Хуыцауæн?
Æмæ дæ хуызæтты нымайы
Зæххон цардæн æвгъауæн.

*ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш*

# ХУЫМÆТÆДЖЫ СÆНТТÆ

Бинонтæ æмызмæлдыл систы: хæлттæ хæссæгау кæнынц хатæнæй хатæнмæ, хатæнæй тыргъмæ, тыргъæй ныккæндмæ. Æз рудзынджы раз æдзæмæй лæууын. Ницы архайын. Ницы кусын. Хаттæй-хатт бинонтæй исчи мæ цурты куы рахизы, уæд ын йæ тигъ цæстæнгас ацахсын, фефсæрмы вæййын, æдзынæг ныккæсын фæндаджы `рдæм. Фæндагыл зынæг нæма ис, æмæ мæ зæрдæ йæхи къултыл ныххойы, мæхинымæр сфæлхатт кæнын удæн æгъуыстаджы æхцон ныхæстæ:

«Минæвæрттæ мæм ссæуы!»

Нана къæдз-къæдзы зилæнтæ кæны. Къуымтæ, дæлсынтæджытæ æмæ асыччытæ змæнты, исы дзы бызгъуыртæ, цъындаты зæрæдтæ, тъыссæнтæ сæ кæны фæсскъапп, базтæ æмæ хуыссæнты бынты. Гыцци хъуырхъуыргæнгæ зилы йæ фæстæ æмæ йын йе `фснайд дзаумæттæ нæмы æрдæгдзаг голладжы. Нана, йæхи фæмæстыхуызгæнгæ, йæ чындзыл йæ къухтæ стилы:

– Уынгæджы дзы фæдæн! Къуыммæ бакæсын мæ нал уадзы.

Гыцци йæ цæстытæ мæсты дзагъул фæкæны, фæлæ ницы фæзæгъы. Истытæ ма æрнæмы йæ голладжы æмæ йæ ныккæндмæ аккой кæны. Мæ цурты æрбахизгæйæ, тызмæг цæстæнгас æрбазилы ме ’рдæм æмæ дзы уыцы иугъæдонæй сирвæзы:

– Амæла мын, амæла, Сæрзæты сæр.

Æз æдзынæг кæсын фæндагмæ. Минæвæртты ссыдмæ мын æрхъæц нал ис. Ноджы мæ бинонтæ сæ зулдзæстæй рæтъузынц, æмæ бынтондæр ныфсæрмы дæн.

– Сæрзæт!

Мæ чысыл хо мын мæ къух ивазы.

– Цы кæныс?

– Æцæгдæр чындзы цæуыс?

– Ахъуытты у, æдылы...

Йæ был æруагъта.

– Ма ацу чындзы.

– Гъы?

– Ма ацу чындзы. Ничи дæ ракурдзæн.

Ныр амæ дæр ничи хъусы. Йæ рус ын радзæхст кодтон, æмæ æрдиаг кæны.

– Цы йæ сæрыбæсты хаст фæдæ, цæуыл æй нæмыс? – ныхъхъуынтъыз ис баба.

Мæн та фæнды кæуын. Мæ цин мын ничи æмбары, æмæ мæ кæуын фæнды.

– Сæрзæт!

Фесхъиудтон. Уый та нана куы лæууы мæ цуры. Куыд хинæйдзаг каст мæм кæны! Цымæ мæ бæсты уымæ куы æрбацæуиккой минæвæрттæ, уæд куыд кæнид? Куыд кæнид – бустæ æмæ тардзæгъдæнтыл схæцид. Уый æфсæрмæй. Æнæуый йæм дзæбæх куы ныххатиккой, уæд, æвæдза, сразы уаид.

– Сæрзæт.

– Гъы?

– Дæхи цæмæннæ дзæбæхтæ кæныс? Ссæуынц.

«Нана, мæхи дзæбæх нана!»

Æз айдæны цурмæ байстон мæхи. Мæ хуыз дзы нæма разынд, афтæ æрыхъуыстон:

– Цы дæхимæ кæсыс, стыр рыны фæллады хуызæн дæ.

Уый та ме `фсымæр дзуры. Æмæ дзурæд. Ныр мæм ахæм ныхæстæ хъыг нал кæсынц. Æз амондджын дæн, Чатрийæн ахæм уæнгтыконд кæй балæвар кæндзынæн нæ чындзæхсæвмæ, уымæй. Иуæй-иу чызджытæ та фыдуынд вæййынц, уæддæр рæсугъд лæппутæй смой кæнынц, æмæ сæм худинаг дæр ницы фæкæсы. Мæнæн афтæ мæ цæсгом нæ бахъæцид.

Æз мæ дарæс ивын æмæ аивæй мæхи æрбæрджытæ кодтон, цынæ вæййы, ныры бонты ма йæхиуыл дæр чи `ууæнды. Фæлæ ме `ппæт миниуджытæм гæсгæ дæр чызг кæй дæн, уый мын æхсызгон у. Æмæ куыннæ – йæ уарзонæн алчи дæр ахæм лæвар хъуамæ бакæна, гъе!

Дæллаг хъæуæй хъуысы куыдзы рæйын. Дæлæ мусы чъилæй чидæртæ сзынди. Дыууæкауæхсæнты æрбахызтысты æмæ æхсынцъыты бынты фæхæрд кодтой. Махмæ цæуынц. Уыдон сты! Уыдон сты! Фефсæрмы у, мæнæй уый. Лидз æмæ искуы бамбæхс. Æмбæхсгæ та цæмæн? Тæх йæ размæ. Ныттыхс йе `фцæджы.

Зæрдæ ризы æмæ ризы. Бинонтæ мæм ныр бынтондæр ныццавтой сæ цæстытæ. Ехх! Куыд æнæрхъуыды ми у æфсæрмдзæстыг адæймаджы цæстæнгасæй схойын. Чи сæ цæуыл хъуыды кæны, хæйрæг йæ зонæг. Æз сын сæ цæстæнгасмæ кæсын æмæ хатын – ме `рдæм туджджыны цæстæй æрбакæсынц. Æз дæр мæхи арвы `рдæм кæсæг скодтон. Чъырын хур нæ

къæдз балы сæрмæ æрзæбул, худы рухсдзæсгомæй. Æмæ йын æз йæ мидбылхудты æнкъарын бирæ, тынг бирæ хæрзиуджыты тæф. Байрох мæ ис мæ бинонты тигъцæстæнгас. Зæрдæмæ хуры худгæ цæсгомæй ивылы æмæ ивылы æгъуыстаджы рухс.

«Нана, нана, æз амондджын дæн!» – ныхъхъæр кодтон мæ хъæлæсыдзаг, æмæ... фехъал дæн.

Хæдзар йæ тæккæ æмыдзаг у тарæй. Фæнды мæ мæ алыварс акæсын, исты фенын, фæлæ тары ницы зыны. Мæ кæуындзæг мæ хъуыры ныббадт. Талынджы уæз мæ буарыл хатын, æлхъивы мæ сынтæгмæ, цъист мæ кæны. Цæй цард у уый, мæнæ афтæ иунæгæй куы хуыссай, дæ фарсмæ куы никæй улæфт хъуыса, æмæ талынджы бæзджын хæрзиуæгæн куы уынай – дæ цæрæнбон бирæ, бамбæхстай мæ адæмы фыдаудæнгæнæг цæстæнгасæй; цæй цард у уый, дæ буар дын дæхи къухтæ æмæ хуыссæнты хъæбæр цъарæй дарддæр куы ничи рæвдауа. Тæхуды, искæй къухты хъарм! Кæм ис ныр Чатри? Кæм та ныффæстиат! Нæ йæ зоны, æнæ уый мæ бон фынæй кæнын кæй нæу! Цæй, сыстон уал, кæд уый дæр фæзынид.

Уый дын гъе! Иу къæрцц – æмæ хæдзарыдзаг талынг æрбадæлдзæх. Уазал мæ гом къæхтыл хилы. Цæмæн мæ хъæуы ацы хæдон дæр. Чатри мын ныр цал хатты загъта: цы ныттухыс дæ буары рæсугъд ацы бызгъуыртты?.. Æцæгæйдæр. Ус хъуамæ йæ лæджы коммæ кæса. Ныр ын йæ ныхæстыл дыууæ никуыуал зæгъдзынæн. Фæлæ кæм ис нырмæ? Кæд, мыййаг... Хуыцау бахизæд. Æрмæст ууыл ахъуыды кæнын дæр мын мæлæты хуызæн тæссаг у. Фæлæ кæд, мыййаг, афтæ у? Кæд афонмæ искуы æрвиты йæ рæстæг? Терезæтæм? Æгæр æм ныззыхъхъыр кæны йæ дæндæгтæ уыцы хъахбай. Æз ын...

Лидзгæ, мæнæй уый, дæ лæджы дын исынвæнд скодтой.

Уазал у æдде. Ацы лæг та цæуыл худы?

– Сæрзæт!

«Чи мæм хъæр кæны, чи мæ базыдта ацы талынджы?»

– Сæрзæт!

«Уый дæр мæ фæстæ куы лидзы. Ацы æнæрайы къæхтæ! Куыд ницы сын æнтысы!»

– Сæрзæт! – мæ тæккæ цур хъусын кæйдæр хъæр. Чидæр мæ ацахста. Фæстæмæ фæзылдтæн æмæ уынын Чатрийы.

– Чатри, – æппарын æм мæхи æмæ тыхсын йæ хъуырыл.

– Сæрзæт, – хъуысы мæм, – кæдæм лидзыс бæгънæгæй?

– Дæу агурæг.

– Æмæ бæгънæг та цæмæн дæ?

– Хуысгæ кодтон. Стæй мæ зæрдыл æрлæууыд, кæд зæгъын, мыййаг, Терезæтæм ныффæстиат дæ. Тагъд-тагъдæй мæ ферох мæ дарæс скæнын.

– Сайгæ кæныс! – хъусын мæсты хъæлæс.

– Нæ сайын, Чатри.

– Сайыс! – мæ дзыккутæ мын тухы йæ къухыл. – Кæм уыдтæ? Ныммардзынæн дæ!

– Ма бакæн, Чатри.

– Ныххудинаг мæ кодтай. Маргæ дæ кæнын.

– Фæтæригъæд мын кæн, Чатри. Нæ сывæллоны... нæ чысыл...

«Ай та дын диссаг! – нæ чысыл сабийы ном дæр мæ куы `рбайрох».

– Нæ чысыл лæппуйы хатыр бакæн.

– Сæфтдзаг! – хъæр кæны. – Дæ сывæллоны дæр куынæуал зоныс. Лæппу нæ, фæлæ чызг.

– Лæппу, – фидарæй зæгъын æз.

– Чызг! – хъæр кæны.

Æз ахъуыды кодтон.

– Лæппу, – дзурын чысыл дызæрдыгимæ.

– Чызг! – ныббогъ кодта уый æмæ мын мæ хурх балхъывта.

Æз мæхи ратыдтон, æмæ... фехъал дæн.

Æнтæф у. Æнуд у.

– Уæртæ чызг, – хъусын нанайы хъæлæс, – цы хъæр кæныс æви дæ зонд фæцыди?

– Дæ зонд фæцыди? – дзурын æз.

Уый:

– Рацу схуысс.

– Дæ зонд фæцыди? – лæгъстæ кæнын æз.

Уый:

– Ацыдыстæм.

Æз лидзын разæй. Уый – мæ фæстæ. Æз дæрддзæфæй кæсын, Чатри æмæ мæхæдæг хъæды иу къахвæндагыл куыд лидзæм, уымæ. Мæ сæрыхъуынты мын тымыгъ фæйлауы мæ фæстæ. Чатри мæ æрбаййафы, атыхсы мæ гуырыл, йæ цæсгом нымбæхсы мæ дзыккуты мигъы... Æмæ та дарддæр лидзæм. Ныр Бакæсæнты уыгæрдæны стæм. Кæрдæг, фæлмæн æмæ лæджы `мбæрц кæрдæг, тыхсы мæ къæхты бын. Чатри мæ æрбаййæфта, ахсы мæ. Нæ дыууæ дæр ахаудыстæм кæрдæгыл. Ме уæхсчытæ мын мыдул кæны.

– Сæрзæт, мæхи дæ, – дзуры мын мæ хъусы.

Мæнæн мæ бон дзурын нæу.

Атылдыстæм кæрдæгыл. Тулæм хъæбыс-хъæбыс. Нæ дарæс кæрдæгыл зайы.

– Æфсæрмы кæнын, – дзурын ын йæ хъусы.

Уый мын мæ буар йæ буарæй бамбæрзта.

– Куыд рæсугъд дæ, – зæгъы уый.

«Ды дæр», – загътон мæхинымæры.

– Æнæ дæу мæ бон нæу, – зæгъы уый.

«Мæнæн дæр».

– Кæд счындзæхсæв кæнæм?

«Цы тагъд кæнæм?»

– Тагъддæр бацæрæм, – лæгъстæ кæны уый, æмæ йæ цæстытæ доны разылдта.

Чатрийы цæсгомы иувæрсты скастæн арвмæ. Дуне æртæхæвæрдæй æрхаудта нæ уæлæ.

– Уæлæмæ сыст.

Кæцæйдæр хъусын зонгæ хъæлæс. Фæлæ чи у? Чатри мæ дæллагхъуыр нынныгъуылд.

– Сыст.

Хъусын гыццийы хъæлæс. Уæлæ Къахыры тыфылтæ калгæ æрлидзы. Чатри фæгæпп кодта æмæ алыгъд. Мæн дæр фæнды йæ фæстæ алидзын, фæлæ сыстын мæ бон нæу. Чатри адард.

– Чатри! – хъæр æм кæнын.

Уый нал зыны.

– Чатри! – скуыдтон æз, йæ фæдыл мæхи аппæрстон æмæ... фехъал дæн.

Мæ разы лæууыд гыцци.

– Уазæгмæ та цæмæн хъæр кодтай? – хин фарст мæ кæны.

Æз ницы загътон. Сыстадтæн. Мæ дарæс кæнын. Мæ цæстытæ æрдæгцъынд æркодтон: нæ мæ фæнды мæхимæ æркæсын.

– Сæрзæт, – дзуры мæ чысыл хо, – маймули дын фенын кæнон?

Ницы йæм сдзырдтон. Тыргъмæ рацыдтæн. Мæхи ныхсадтон.

Иннæ хатæны бадынц мæ хистæр æфсымæр æмæ йе `мбал. Бацыдтæн сæм.

– Уæ райсом хорз.

– Ай мæнæ Сæрзæт дæр сыстад, – зæгъы ме `фсымæр, – Чатри, мæ хойы нуазæнтæ аназæм.

Сæ сыкъатæ сын дзаг кæнын.

– Дæ цæрæнбон бирæ уæд, – кувы уазæг. –Тагъд рæстæджы хорз амонд ссар.

– Бузныг, – зæгъын æз.

Ме `фсымæр цыдæртæ дзуры. Ницы дзы фехъуыстон. Рацыдтæн иннæ хатæнмæ. Кæсын айдæнмæ. Уынын дзы мæхи. Мæ цæстытæ донмигъæй асадынц.

Мæн фæнды кæуын.

Кæуын...

# ЦАРДЫ ЗЫД

Гъе, уæууæй, гъе!

Фидыцы хъæбул дæр хъуамæ мæлгæ кæнид?

Куыдта зæронд Акко. Ставд цæссыгтæ хъуызыдысты йæ цæстыты гæмттæй. Цæссыгтæ сæфтысты йæ уадулты ссывдтыты, йæ зæбул рихиты хæмпæлы. Кæку та, чысыл Кæку, йæ байзæддаджы кæстæр, йæ фидыцы хъæбул, йæ цины рæзынæг, хуыссыди уæлмæрды, æгомыг, уазал цыртытæй арæзт уæлмæрды.

Уарзта, ехх, куыд уарзта зæронд Акко йæ чысыл Кæкуйы. Йæ зæнæг, стæй йæ зæнæджы зæнæг дæр бастыртæ сты æмæ йыл æргом цин кæнынхъом нал сты, искуыдæй искуыдмæ йæ куы абæрæг кæнынц, уæддæр хæдзары митæ æмæ дзыхы ныхасæй дарддæр ницæмæйуал баузæлынц зæронд лæгыл. Фæлæ чысыл Кæку, йæ фидыцы хъæбул, уый-иу сбадти йæ хъæбысы, æмæ-иу уырдыгæй рахизын нал куымдта. Сойамæст сæрвасæнау ын йæ чысыл къухтæй фастаид йæ сæры тæнæг хилтæ, йæ зæбул рихитæ.

«Дада, – дзырдтаид æм, – дæ сæрыхъуынтæ ты-ы-ынг фæлмæн сты, дæ рихитæ та – дæрзæг».

Æрысгæрста-иу йæхи сæрыхъуынтæ.

«Мæ сæрыхъуынтæ дæр дæ рихитау дæрзæг сты».

Æмæ-иу худти худгæ хурау.

Ныр нал ис йæ худгæ хур. Ныр амарди чысыл Кæку. Ныр уæлмæрды æрæнцади йæ бинонты хуыздæр, æмæ йæ ардæм фæласы йæ зæрдæ.

Уымæй размæ дæр арæх цыди ардæм. Фæлæ йæм уæд афтæ хъармзæрдæ нæ дардта. Æнæуыноны ад ын кодта уæлмæрды уæлдæф. Бынтон зæрдæмæгуыргæнæг æнгас та йын йе `дзард æмкъайы зæххы хай хаста. Ингæны алыварс уæрæх æхгæд уыди сау æфсæйнаг æмбондæй. Ахæм æм-

бонды гæппæлтæ ма дæлæ горæты цæрджытæ ныххуыййынц сæ хæдзары фæрссæгтыл: уæд та ма, дам, æнæнхъæлæджы искæцы æрра æрбафсæрста рудзынгæй.

«Æмæ мардмæ та чи лæбуры? Æви, йæ ингæнæй куы раста, уымæй тæрсут æмæ йын йæ развæндæгтæ æхгæнут?» – Мæсты хъуыр-хъуыр кодта зæронд лæг.

Йæ удхæссæг уыди ацы сау æмбонд. Нæ уарзта ацы сау æмбондæй æхгæд зæххы хай, фæлæ йæм цæугæ арæх кодта. Джитæнтæгæнгæ-иу цалдæр хатты æрзылд йæ алыварс, стæй, хæмпæлгæрдæджытæ ратонын æфсон, бахызтаид мидæмæ.

Йе `мкъайы ингæнил дур æвæрд уыди. Фæлæ ма уыцы ингæнæй дарддæр ацы кау æмбондæй æхгæд зæххы хайы ноджы бирæ бынат уыди, ноджыдæр иуы бынат, Аккойы бынат; нырма зæххæй дарддæр ницы уыди, нырма – дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр – нæудзарм зæххы гæппæл, фæлæ дзы искуы арф ингæн скъахдзысты, арф дзы баныгæндзысты Аккойы, дур ыл ныффæлдахдзысты æмæ йæм бынмæ ныдздзурдзысты:

«Хуысс æмæ дæ къах атилыны кой мауал кæн!»

Афтæ хъуамæ уыдаид бæргæ. Мæнæ ацы сау æмбондæй æхгæд зæххы хайы йе `мкъайы фарсмæ хъуамæ уый ингæн уыдаид, фæлæ афтæ нæ рауад. Зæронд лæджы фæллад стджытæ кæм хъуамæ æрулæфыдаиккой, уым æрбынат кодта чысыл Кæку, цæрынхъуагæй дзы йæхи бафснайдта, йе стырмады хъæбысмæ батагъд кодта.

«Куыд тынг бауарзтай де стырмады, – хъуыдытæ кодта зæронд лæг, – зонгæ дæр æй куынæ кодтай, уый куы амарди, уæд нырма зонынхъом дæр куынæ уыдтæ, дзурын дæр куы нæма зыдтай, дæ гыццыл зæрдæ цин кæнынмæ куы нæма арæхст, уæд-иу дыл æрмæстдæр уый куы цинтæ кодта, ды йæ хъуыды дæр куынæ кодтай. Уæд та мæныл цы фæцинтæ кодтай, уыдон æрдæджы бæрц дæ уæддæр куы зыдтаид уыцы ус, уæд уымы бæсты, чи зоны, сидзæр нæ уаис. Мæрдты йæ къахалгъæй дæр ма схъæрзæд уый дæр, – йе ’фсины карзæй ралгъитын нæ бакомы йæ цæст, – хъæбулуарзаг куы уыди, уæд ахæм къах цæмæн ахаста? Йæ фæстæ уырдæм ацæуын мæнæн куы æмбæлд, уæд дæумæ куыд батасыд йæ зæрдæ? Æви уымæ дæр æмæ Хуыцаумæ дæр раст нæ фæкастысты нæ адæмы митæ!?»

Зæроид лæг нæ барста йæ зæнæгæн, йе `мкъайы ингæны цур ма æфсæйнаг æмбондæй рагацау ноджы иу ингæны бынат кæй æрцахстой. Бынат, кæй зæгъын æй хъæуы, уымæн рахицæн кодтой, фæлæ, чи зоны, Хуыцаумæ раст нæ фæкасти ахæм ми æмæ сывæллоны цард цæрынхъуагæй уымæн

айста. Афтæ хъуыды кодта зæронд лæг. Раст æм нæ касти ацы хабар, æмæ ма цалынмæ чысыл Кæку нæ амард, уæдмæ дæр фыдзæрдæ хаста ацы зæххы хаймæ, уæлмæрды-иу æнкъард зæрдæйæ хъуыдытæ кодта æрцæуинаг бонтыл:

«Цард-цæрæнбонты ме `мкъаимæ фæд-фæдыл дыууæ боны кæрæдзи фарсмæ никуы æруагътам нæхи, – сагъæстыл бафтыд зæронд лæг, – ныр æй мæрдтырдыгæй баххæст кæндзыстæм, ныр нæ кæрæдзийæ ничиуал фæиртасдзæн: зымæг ныл тымыгъ кæна, сæрд хур судза, йе ныл уалдзæг æмæ фæззæг даргъ къæвдатæ уарой, уæддæр фæрсæй-фæрстæм цыбыр кæндзыстæм не `нустæ. Æмæ нæ уымæй ницы тых баиргъæвдзæн, ме `мкъайы цурæй мын фæиппæрдгæнæн нал ис. Мæнæ ацы хауд зæххы гæппæл æрцахста Аккойы, æмæ йæ нал суадздзæн. Бирæ нæ, фæлæ иу метры бæрц, иу цыбыр санчъехы бæрц дæр нал фæиппæрд уыдзæн йе `нусон бынатæй. Сифтындз дæ бæх, сбад ыл, фæцу искуыдæм, искуы дæхи фæндаджы сæрдæнты хай бакæн, уæддæр дын ссардзысты дæ марды пырхæнтæ, æруидздзысты сæ, æрласдзысты сæ æмæ сæ мæнæ ацы ран арф баныгæндзысты: хуысс æмæ, дам, дæхи ма тылиф кæн. Сбад хæдтæхæджы, æппæты дарддæр кæдæм тæхы, уырдæм ыл фæтæх, стæй уым дæхи раппар – уæддæр дæ базондзысты: ай, дам, мæнæ Седанты хъæуккаг Акко куы у: посты гæххæттау дæ æрæрвитдзысты дæхионтæм, æмæ дæ уыдон тæккæ ацы ран арф нынныгæндзысты. Ай царциаг нæу! – авд æфцæджы æддæмæ фæхæсс дæ мард, уæддæр ды мæнæ ацы сау къухæй, никуыдæм дæ уадзы, нæ дзы фервæздзынæ».

Цæмæй зыдта уæд зæронд Акко, уыцы сау зæххы гæппæлæй йе ’хсæн чысыл Кæку бацæудзæни. Цæмæй зыдта уæд зæронд лæг, йæ зæнæг ын цæрдудæгасæй цы сыджыты хай ныббастой, уым йæ бæсты йæ фидыцы хъæбул ныппардзæн йæхи.

Горæтмæ-иу сæм куы ныфтыд, уæд æй чысыл Кæку хæдзары бадын нæ уагътаид, уынгмæ йæ кодта. Уынджы йæхи æмцахъхъæн сывæллæттæм сæ нæмттæй сидтаид, стæй-иу сыл йæхи абарджын кодта:

«Ай! Дада нæм хъæутæй æрцыди...»

Сывæллæттæ, хæлæггæнгæ, кастысты чысыл Кæкумæ. Æвæццæгæн сын арæх кодта йæ дадайы кой, Хуыцауы уындау ын уыдтой йæ хуыз, Хуыцауы нывмæ кæсæгау ын кастысты йæ зæбул рихитæм, йæ зулсагъд худмæ. Сæ уындæй-иу æрфæлмæнтæ зæронд лæджы зæрдæ, искæй сæр дзы къухæй æрлæгъз кодтаид. Уый чысыл Кæкуйы зæрдæмæ нæ цыди. Зæронд лæг-иу дзы кæуыл баузæлыд, уый фыдуаг митæй исты уайсахат акъæр-къæр кодтаид, стæй-иу йæ ныхасмæ барджынæй бафтыдта:

«Дада дæ хуызæтты нæ уарзы! Нæйы, Дада?»

Нæ-иу æй фæндыд чысыл Кæкуйы фæхъыг кæнын, фæлæ иннæ сабиты зæрдæхудт дæр куыд райстаид:

«Уый дæр хорз у, уый мæ чызг у».

Чысыл Кæку-иу фæхъуынтъыз.

«Уый дæр хорз у, – загътаид æрæджиау, – фæлæ æппæты фылдæр та мæн уарзыс. Нæйы, Дада?»

Зæронд лæджы зæрдæ-иу хурварс абадт. Чысыл Кæкуйы систаид йæ хъæбысмæ, арæвдыдтаид æй, йæ хъусы йын сусæгæй загътаид:

«Дæу уарзын æппæты фылдæр. Ды мæ чызг дæ. Фæлæ уыдон дæр гыццылтæ сты æмæ тæригъæд сты».

Уый-иу йæ цин басусæг кæнын нæ бафæрæзта, комдзог-иу ыл рацыд, йæ хъæбысæй-иу агæпп кодта:

«А-а-а! Дада æппæтты фылдæр мæн уарзы. Ды нæ бæззыс, æмæ дын тæригъæд кæны. Æппæты фылдæр мæн уарзы!» – фыр цинæй-иу гæппытæгæнгæ сзилæг йæ алыварс.

Никæмæн барста, йæхицæй дарддæр ма йын исчи йæ дадайыл барджын уа, уый: нæдæр йæ мадызæнæгæн, нæдæр йæ ныййарджытæн. Дада æрмæстдæр уый уарзы, уый та – дадайы, æндæр сæм ничи ницы бар дары.

Ныр нал ис йæ чысыл хур! Ныр нал ис, афтæ æргомæй йыл чи цинтæ кодта, уыцы уды рæзынæг. Ныр ацы фыдбойнаг сыджыты хайы бамбидзæн уыцы зæрдæйы рæзынæг.

Æмбигæ та дзы йæхæдæг хъуамæ ныккодтаид. Цалынмæ ма чысыл Кæку нæ амард, уæдмæ-иу ам цæстæнгасæй арæх барста йæ ингæны дæргъ æмæ уæрх. Йæ сæр цы ран æрæнцайдзæн, йæ къæхтæ кæм хуысдзысты – æппæт уыдæттæ йæхи номау бæлвырд зыдта, бæстон нысæнттæ йын уыдысты: зыдта, ууыл дæр йе `мкъайы ингæны дуры æмиас куы ныффæлдахой, уæд ын йæ буарыл кæрæй-кæронмæ не `руæз кæндзæни, йæ сæры кæхц æмæ йæ къахы дæлфæдтæ нæ банкъардзысты дуры уæз. Ингæны хæмпæлгæрдæджытæ тоныны æфсон уырзтæй сгæрста удæгас буарæй сзайæг кæрдæджыты. Мысыдис-иу йæ цæрдæмбалы цæсгом, йæ ныхæстæ, йе змæлд æмæ-иу дис кодта: куыд аивгъуыдта рæстæг? Кæуылты афардæг сты бонтæ? Усгур æм куы ныццыди æмæ цæсты зулæй йæ фидæны цардæмбалы ауынынмæ куы тырныдта, уый нырма хæрз æрæджы куы уыди, зонау куы лæууы йæ зæрдыл, уæд куыд тагъд фæвæййы цард? Куыд тагъд æрхаста уæл- мæрдмæ йæ буары хæррæгъ?

«Цæй буар ма дзы ис? – йæ уырзтæй-иу сгæрста ингæны уæлæ зай-

æгхалты. – Цæй буар ма дзы ис, зæххимæ схæццæ сыджыты сой æмæ кæрдæджытæм рахызти. Мæнæ ацы дидинæг, æвæццæгæн, дæ цæстыты сойæ сзади, дæ цæстыты фиуæй схаста йæ рæз, йæ сыфтæ дæ цæстыты рухсæй рахастой урс. Атæппæт кæрдæджыты де уæнгты сой хъазы, ды куынæ уыдаис, уæд ацы кæрдæджытæ дæр афтæ хæрзæфсæст нæ уаиккой. Ныр та сын ис, сæ уидæгтæ цы сæнцъирой, уый. Ингæны алфамбылайы кæрдæджытæй бирæ хæрзхуыздæр сты, бирæ нарддæр. Кæсыс, куыд ныррæсыдысты сæ цармы дзаг – уый удгоймаджы сой хъазы сæ сыфты.

Мæнæ ацы хъæбæрзæнг хæлттæ та цæмæн æрзадысты ам? Цы уæлдай сой сæнцъырдтой дæ буарæй? Уыдон та де стджытæй схастой сæ рæз. Кæсыс сæм – куыд хъæддыхзæнг сты. Æвæццæгæн, ацы сырхбын кæрдæджытæ та дæ тугдадзинты аскъæрдтой сæ уидæгтæ, дæ туджы цавдæй схæцыдысты се уæнгтыл. Фæлæ æгæр цъус сты. Адæймаджы туг фылдæр ис. Адæймаг туг æмæ стæгæй конд у, æмæ ацы кæрдæджытæ дæр хъуамæ фылдæр уаиккой».

Дзургæ-иу йе 'мкъайы ингæнимæ кодта, йæ цæстнызæвæны та йæхи буары хæррæгъ уыди. Æрхæндæг хъуыдытæ йын хаттæй-хатт йæ сæрымагъз хæццæ кодтой, æмæ-иу æм афтæ каст, цыма раджы амарди, цыма йæ ингæныл кæрдæг раджы рахæцыд, цыма йæхæдæг нæ, фæлæ йæ уды ауон æрцыди ардæм, йæ уæлингæнмæ.

Раджы йæ базыдта, ацы раууаты зæххы гæппæл сын исты стыр маст кæй æрхæсдзæн. Æмæ йæ хъавыди исты хуызы аиуварс кæнынмæ. Дæлæ горæты уæлмæрды иу æхгæд æмбонды федта фынг æмæ бадæн арæзт. Уый дæр йæ зæнæгæн бакæйттæ кодта:

«Уæ мады зæххы хайыл сымах дæр фынг æмæ бадæнтæ саразут. Афтæ цыбыркъух дæр куынæ стæм».

Йæ байзæддаг арабар-бабар кодтой, æмæ нæ бакоммæ кастысты. Нæ, дам дзы рæхсы.

«Куыд дзы нæ рæхсы, – загъта сын, – бирæ бынат куы у. Саразут уал дзы фынг æмæ бадæн. Æз нырма удæгас дæн. Куы амæлон, уæд мæ фаг зæхх дæр разындзæн уæлмæрды, лæбыргæ куынæ акæндзæн».

Нæ йын сразы сты. Нæ ныййарджытæ, дам, уымы бæсты фæрсæй-фæрстæм хъуамæ уой. Фæлтау, дам, æмбонд фæуæрæхдæр кæндзыстæм æмæ дзы уæд уыдзæни фынг æмæ бадæн аразæн дæр.

«Æнæрай дзы фæут! Æз æй къаддæртæ кæнын, адон та йыл фæйнæрдæм хæцынц», – хъуыр-хъуыр кодта зæронд лæг.

Хъæубæстæй дæр ма исчи йæ зæнæгæй разы куынæ вæййы, уæд сын цæстмæ дарынæн йæ байзæддаджы æрымысынц: цы, дам уæ бадомон,

исты, дам мын Аккойы зæнæгау æддæгуæлæ бæстыхæйттæ ныззилдзыстут, уыдонау мын мæ зæххы хайыл рагацау æфсæн галуантæ сараздзыстут.

«Бахъæуæд уæ, – сæ фæстаг ныхæстæ нæ фæцæуынц зæронд лæджы зæрдæмæ æмæ сæ карзæй ралгъиты, – Хуыцау уын æй рæхджы бонты уæ къухы бафтын кæнæд».

Нæй, уæддæр йæ фыдбылыз æрхаста ацы сайраг зæххы хай. Иубон æм се ’рвадæлты лæппу халонау æрбауасыд: Кæку, дам, амард.

Йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ йæ цæстытæй цæстысыг æрызгъалын никуы бахаста йæ сæрмæ. Цард-цæрæнбонты цы адæймагимæ батыдта йæ бонтæ, уый марды дæр миддзæссыгтимæ афæндараст кодта йæ ингæнмæ, æргом куыд не `рхаста йæ сæрмæ. Фæлæ ныр куыдта йæ бинонты кæстæры зианыл. Куыдта, æмæ дис кодта: ай йæ хæдзарыл уæззау зиан куы æрцыд, уæд кæм сты йæхионтæ? Кæм сты йе `рвадæлтæ? Йæ судзаггаджы зиан йæ уæлтæрхæг цæмæннæ ис?

Лæбурæгау ацыди горæтмæ.

Чысыл Кæку, йæ зæнæджы кæстæр, йæ цины рæзынæг, хуыссыди марды чырыны æмæ, афтæ бирæ цин кæнын цы гыццыл къухтæй уарзта, уыдон дзуарæвæрдæй æрхаудтой йæ риуыл, цыма истæмæй фæтарст, цыма йæхи дадайæн лæгъстæ кодта: уæртæ мæм æрбацæуы æмæ мæм æй ма æрбауадз, асур æй.

Уый йæ ноджы бамæстджын кодта:

«Цы аразы мæ уæлтæрхæджы зиан ам?» – фарста сæ мæстыйæ.

Сывæллоны мад æй æртасын кæнынмæ хъавыд. Зæронд лæг æм тызмæгæй сдзырдтытæ кодта:

«Сымах куы фæрсын, цы аразы мæ зиан горæты? Мæ судзаггаг зиан мæ уæлтæрхæг цæмæннæ ис?»

Горæты ныгæнынмæ йæ хъавыдысты. Фæлæ зæронд лæджы ныхас нырма йæ байзæддагæн фæтк у. Куыд хъуамæ бауагътаид йæ гыццыл хуры æцæгæлон мæрдты æхсæн ныгæнын? Йæ ингæн дæр ын мауал уына йæ цæстæй? Мæрдты æхсæн дæр ын аззайа сидзæрæй?

Ам дæр æй хицæн ран баныгæнынмæ хъавыдысты, фæлæ зæронд лæг йæхи ныхас акодта, загъта сын:

«Нæ! Хъуамæ йе стырмады цур æрцæуа ныгæд».

Уæддæр ацы æлгъыстаджы зæххы хай йæ фыдбылыз бакодта, æмæ дзы амæй фæстæмæ уæддæр мацыуал тас уа йæ хæдзарвæндагæн, мацыуал бар дара йæ къуыммæ.

Нал ис йæ зæрдæдарæн. Нал ис йæ хъулон хъæбул. Нал ис йæ худгæ

зæрдæ. Никуыуал ын фендзæни йæ худгæ цæсгом. Ныр мæнæ ингæны кæрдæджытæй баивта йæ гыццыл уæнгтæ.

Йæ зæнæг-иу горæтмæ фæстæмæ куы здæхтысты, уæд-иу зæронд лæг нынкъард уыдаид. Чысыл Кæку-иу йе `фцæджы æрцауындзæг.

«Дада, цæуыл мæсты кæныс?»

«Куыннæ мæсты кæнон, – загъта-иу ын, – ды горæтмæ цæуыс, æмæ та ам æз æнæ дæу æнкъард кæндзынæн».

«Дада, – ныфсытæ йын æвæрдтаид, – фæлæуу, мæнæ детсадмæ дæр куынæуал цæуон, скъоламæ дæр куынæуал цæуон, куы сыстыр уон æмæ дæуыйас куы суон, уæд горæтмæ нал ацæудзынæн, æмæ иумæ цæрдзыстæм. Нæйы, дада?»

Ныр æм мæнæ ингæны кæрдæджытæй æрыздæхт, ныр æм алы аз ингæны кæрдæджытæй здæхдзæни йæ гыццыл хур. Мæнæ ацы кæрдæджытæ йæ гыццыл уæнгты сойæ схастой сæ рæз. Йе `ргъиу стджытæй, нырма кæрæдзийыл рæстмæ дæр чи нæ хæцыд, уыдонæй стыдтой ацы лæмæгъзæнг хæлттæ. Æгасæй дæр тамагæрдæг фестад. Йæ худгæ цæстытæ стыдтой худгæ дидинджытæй, йæ цæстыты рухс ын схастой сæ сыфты урсы.

«Фæлæ ацы сындз та цæмæн æрзад ам? Сывæллонмæ цы уыди сындзæнгасæй? Æгасæйдæр зæрдæйы хуызæн куы уыди, худгæ зæрдæйы хуызæн», – смæсты зæронд лæг æмæ æд уидæгтæ срæдывта сындзгæрдæджы.

Сывæллоны ингæны цурæй рацæугæ йын арв фæбæрзонддæр вæййы. Йæ цæстæнгас ахæссы уæлмæрдыл. Ныр йæхæдæг та кæм хъуамæ уа ныгæд? Ам, æви дæлдæр искуы? Æмæ цы уæлдай у. Цæмæн æй бахъуыд? Нырма цæргæ куы кæны. Нырма цард разæй куы ис.

«Ехх, Кæку, Кæку, – ныууынæргъыдта зæронд лæг, – ацы фыдбылызджын зæххы гæппæлæй ме ’хсæн ды хъуамæ бацыдаис?»

# АЗАРУТ ИРОНАУ, ЛÆППУТÆ

Куыд афтид у цард æнæ мысинæгтæй...

Къæвда митхæццæйæ згъæлы знæт перроныл. Нæтынц, джитæнтæ кæнынц арастæввонг поездтæ. Бæлццæтты оххытæй æмæ стъæлфгæ рухсытæй ихсийы тарамæхст.

Ногæй та – балц. Ногæй та – фæндаггоны артдзæст.

Бæлццæтты æмæ фæндарастгæнджыты уындæй нырхæндæг тарæрфыг

перрон. Кæмæндæрты зын у кæйдæрты ацыд. Цас фæхицæны цæссыгтæ та аласдзæн поезд, цавæр уæззау æмæ æнкъард цæстæнгас тондзæн поезд фæндарастгæнджыты цæстытæй.

Зæгъ згъæлы абухгæ тыфылыл.

Ме ’мбæлттæ мын хæрзбоны арфæйæн зарынц ирон зарæг, иронау, æмæ нæм лæмбынæг хъусынц æцæгæлон адæм дæр. Кавказаг сæрыстырæй чи фæцъæхдæндаг, уыдон цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кæнынц. Нæ илæлæй та нæ цурмæ сайы не ’мзæххонты.

О Хуыцау, цыфæнды бæстæйы дæр мæ балцы фæндараст кæнæд ирон зарæг, ирон лæппутæ йæ куыд зарой, ирæттæ йæм куыд хъусой. Уæд та зæххыл цæрынæн цы хъæуы – дæ адæмы ныхас дунейы адæмы æхсæнæй куы хъуыса, æмæ йæм куы хъусай.

*...Ехх, уæд лæджы куыд æрфæнды фæцæуын*
*Йæ зонгæ фæз, йæ гуырæн къуым, йæ хъæумæ,*
*Кæм мысынц дæу,*
*Кæм дæм кæсынц æнхъæлмæ.**

Кæм уарзынц мæн, кæм мæм кæсынц æнхъæлмæ....

Афонмæ...

Арв скъуыддзæгтæй хауы нæ уæзæгыл.

Дымгæ ниуы. Уад дзыназы. Митуарæны æмæ митхæссæны урс-урсид тар у æгуыппæг – нæ дзы хъуысы цардæгас уынæр.

Хъæусæр уæзæгыл нынныгъуылд нæ хъæдын хæдзар. Дымгæхост. Знæт тымыгъы хъæбысы хуыссы фæлладæй, митæвæрдты бын. Арв кæуы салд цæссыгты зилахарæй. Арвы пырх згъæлы, йæ быны ныууæрды нæ хъæдын хæдзар. Æхгæны фæндæгтæ. Хизы иппæрд уæзæджы уазæгæй.

Куыдз, нæ иузæрдыг куыдз, хуыссы тыргъы бын, фыдвæллад у зивæгæй. Хуыссы цъынддзæстæй æмæ æдзынæг хъусы митызмæлды уынæрмæ. Нæй, хъус нæ ахсы къæхты уынæр. Æмæ ныууынæргъы.

Никуыцæй хъуысы уынæр. Нæ рæйынц сыхæгты куыйтæ дæр. Æрмæст уады къуыс-къуысмæ райхъуысы салд бæлæсты къæс-къæс, æмæ Мила æхсызгонæй ныррæйдта. Сæмбу кодтой сыхæгты куыйтæ.

Чидæр дуар бакодта. Ныхъхъуыста тымыгъы арфмæ. Бирæ-бирæ фæкаст митхаст фæндагмæ. Уым зынæг нæ уыд, æмæ къахдзæфты уынæр сабыргай, зивæггæнгæ, баздæхт фæстæмæ.

---

* *Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæйы рæнхъытæ.*

Хæдзары судзы рухс, фæтæгены цырагъ. Судзы, æмæ йæ низджын æвзаг зыр-зыр кæны æддагон уазал комулæфтæй, хъары салд рудзгуытæй æддæмæ.

Пецы схъиуы арт. Йæ раулæфты сырх пиллон ранхъæвзы хуынчъытæй. Цæхæр калынц йæ фæрстæ.

Мæ фыд, пыхцылæрфыг зæронд лæг, бады йæ фарсмæ, ныхъхъуыста йæхимæ. Мæ мад рудзынггæрон лæууы, кæсы тары афтидмæ, æмæ Лæгты дзуарæн фæдзæхсы йæ хъæбулты.

Хатæны ивылы æмыр æнцой.

Фæллад сты рох зæрæдтæ. Фæллад сты зымæджы æгуыстæй.

Сæ риуты ныббадт зивæг æмæ тарамæхст.

Стæй Джиджджи æрæвæрдта фынг. Стырæхсæв у ахсæв.

Мæ фыд ихсыд сыкъа æрыдзаг кодта, скуывта:

«Хуыцау, рæстмæ фæдзæхсæг у алы хатт дæр, дæумæ кувæг стæм, æмæ нын æдде чи ис, уыдон фыдбылызæй бахиз.

Уастырджы, кæм дæ, дæ рын бахæрон, уазæгæй нæ рох ма кæн, уазæгцух макуы фæкæн нæ уæзæджы. Нæ фæндаггонтæ нæм кæддæриддæр фæндаг цы арой, уый ахъаз бакæн.

Ахсæвыккон æхсæв, хъыг дæм мацы фæкæсæд, нæ къух нæ цæмæй амыдта, уымæй дын дæ ном ссардтам, æмæ нæ хорзмæ бафæдзæхс».

Æмæ анызта. Сыкъа пецыл ацагъта.

«Знагæй дæр-иу мацыуал баззайæд».

Джиджджи кувы æмыræй.

Стырæхсæвы дзаджджын къæбæр йæ хъæбулты хъулонæй нæ хизы йæ хъуыры, æмæ хатгай сусæг цæссыг æртæдзы йæ къæбæрыл.

Не `мыр хатæн нындзыг. Сæ хъустыл уайы цавæрдæр зæлтæ, миты хъыррыст къæхты бын.

Уазæг, Хуыцауы уазæг.

Ничи æмæ ницы.

Æгуыппæг уаты та зæлынц цавæрдæр зæлтæ...

...Поезд анкъуыст. Поезд анкъуыст!

– Æтт, лæппутæ, ма фескъуынут уæ зард, æз уæм рудзынгæй дæр хъусдзынæн.

– Ирон арвы бын нæ тæригъæды ныхас ма ракæн, – мæ фæстæ чидæр радзырдта хъазæн ныхас.

– Хорз. Æрмæст сымах уæ зард ма ныуадзут. Азарут иронау.

– Хазбийы зарæг.

# ДИС

Асинып хизæгау цыди зæронд ус хæрдвæндагыл. Уæлдæф ын бæзджынæй-бæзджындæр кодта; бæзджын нæ, цъæх-цъæхид миты хъæпæнтау дзы ныхстысты йæ къæхтæ, æнкъардта йæ йæ къухы æнгуылдзтæй. Диссаг æм кæсти: ацауал азы фæцæр, æмæ, уæлдæф дæр бæзджын кæй вæййы, уый ма базон.

«Фæхæццæ уыдзынæн», – загъта йæхинымæр æмæ уыцы хъуыды уадидæгæн йæ сæрæй асырдта.

«Тагъд схæццæ уыдзынæн!»

Æмæ йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта. Ныр æрлæууыд йæ зæрдыл: дысон фынæйы размæ йæхиуыл дзуæрттæ нæ бафтыдта. Цы кæна, уыцы æнæрахæсгæ фынты фæстæ йæ зæрдæ æппæт дæр банкъардта. Уымæн лæгъстæ кодта йæ чызджы лæппуйæн, хъæмæ мæ акæн, зæгъгæ, фæлæ уымæн йе `рфгуытæ ныттар сты, æмæ зæронд ус дæр ницыуал бауæндыди.

Сæ дуар хъинцгæнаг у. Дысон æй гомæй уымæн ныуугъта – райхъал уыдаиккой. Бон нæма æрбацъæхтæ, афтæ рахъуызыд сусæгæй. Хорз уыд æмæ автобус цыди. Хур тагъд сдардзæн йæ был. Чи зоны, афонмæ райхъал сты æмæ йæ агурынц.

«Фæхæццæ уыдзынæн?..»

Йæхицæй та асырдта уыцы хъуыды:

«Бирæ мæ нал хъæуы».

Изæры зæронд ус йæ дарæс куы раласы æмæ сынтæгыл куы ’рбады, уæд йæхиуыл дзуæрттæ бафтауы.

Иудзæвгар цыдæртæ фæдзуры йæхинымæр. Йæ ныхæстæй райхъуысы æрмæстдæр: «Мæ уд дæ цæуæн зæххыты фæхъхъау». Цæмæ фæкувы зæронд ус?

– Нана, – афæрсы йæ чысыл Бобе, – цытæ фæдзурыс дæхимидæг?

– Ацы бынаты чи цæры, уыдонып дзæбæхæй сбон уæд, дæ фæхъхъау фæуон; æдде чи ис, уый та æгас хæдзар ссарæд.

Райсомæй куы райхъал вæййы, уæд иудзæвгар æдзынæг фæкæсы рудзынгмæ, стæй, хæдзары чи ис, уыдонæй алкæмæ дæр номгай фæдзуры, стæй сæ æппынфæстаг бафæрсы:

– Сбон и?

– Сбон и, нана, – фæзæгъы бинонтæй исчи.

– Цард дын фестæд мæ сæр, – æхсызгонæй сулæфы зæронд ус æмæ уый фæстæ рабады йæ хуыссæны.

Хъæуы йын, ацы хæдзармæ цæрынмæ кæй фæдыл æрцыд, уый хæдзары ныр йæ кæстæр фырт у хæдзардарæг. Æд ус, æд зæнæг у. Бобе æмæ йæ хо. Чызг скъоламæ цæуы. Нæ уарзы зæронд ус чызджы. Афтæ йæм кæсы, цыма дзы æппынæдзух исты адавынмæ хъавы. Æндæр хабар у Бобе: уыимæ дæр арæх хъаугъа кæнынц, хатгай æнæхъæн бон дæр нæ фæдзурынц кæрæдзимæ, фæлæ та стæй зæронд усы зæрдæ нал фæлæууы, йæхи йæм баласы, йæ дзыппы æмбæхст къафеттæй йын иу ратты сусæгæй, чызг æй куыннæ фена: Бобе зæронд усы ныхæн ныбба кæны, æмæ уымæн фыр цинæй йæ цæссыгтæ æркæлынц. Йæ хъæбысы йæ ныттухы æмæ фæзæгъы:

– Дæ сæрбæсты хаст æрцæуон, кæд дæм куыд фæхыл кодтон.

Æмæ та чысыл фæстæдæр фæхыл вæййынц.

Йе 'ннæ лæппу дард цæры, фæсхохы, Дзæуджыхъæуы. Уымæн ныр йæхицæн зæнæджы зæнæг ис. Зæронд усы та йæ хъæбултæй алкæй фенын дæр фæнды æмæ сæм ацæуы. Бобейы хо æнæмæнг хъуамæ сæппара:

– Нана та гастролты цæуы.

Гастролтæ цы сты, уымæн ницы зоны зæронд ус, фæлæ дзы, хорзырдæм кæй ницы дзуры, уый дæр æмбары.

– Ды нын нæ фæздæг раст не суадздзынæ, – фæзæгъы мæстыйæ.

Къæбæда, ардауæг æмæ дывзагон у.

Ацы бынатмæ цæрынмæ кæй фæдыл æрцыд, уый-иу исчи куы ахуыдта, уæд сæхимæ дзæбæх хъуамæ бахордтаид. Хуындæй-иу фæстæмæ стонгæй, æрыздæхт.

– Искæй фынгыл дæ гуыбын бафсадын худинаг у, – загъта-иу.

Никуы бафсæста йæхи искæй цур зæронд ус дæр. Чындз ын хæринаг цасфæнды чысыл æркæна, уæддæр йæ къус искæй хаймæ хъуамæ фæкъул кæна:

– Мæ зæрдæ уыйбæрц нæ исы.

Æмæ сæххормаг вæййы. Бинонтæ уым куынæ вæййынц, уæд истытæ ахæры. Хæринаг къусмæ æркæнынмæ фæзивæг кæны, стæй йæ исчи хæргæ æрбаййафа, уый дæр æй нæ бафæнды, фæлтау дзы уæлартмæ ахуыппытæ кæны. Уыцы мæлинаг æй, æвæццæгæн, искуы федта æмæ йæ сусæгæй фæхъахъхъæны.

Æгæр раджы базæронд. Йæ чызг цы уынджы цæры, уыцы уынджы цæрæг Рожан дзы цалдæр азы хистæр у. Йæхæдæг загъта. Зæронд ус, цингæнгæ, баздæхт хæдзармæ.

– Цыдæр дзæбæх зæрдæйыл дæ? – бафарста йæ йæ чызг.

– Дæлæ мæ Рожан йæхицæн чызг загъта, – сæрыстырæй дзырдта зæронд ус.

Æмæ йыл худтысты. Уый сæм каст æмæ дис кодта: цы ис ам худæгæй?! Дæхицæй бирæ хистæр чи у, уый дæ цæмæннæ хъуамæ зæгъа йæхицæн чызг? Нæ, бирæ цыдæртæ не `мбарынц ацы кæстæртæ!

«Бирæ цыдæртæ не `мбарынц ацы кæстæртæ, – мæсты кодта зæронд ус. – Знон ын цас фæлæгъстæ кодтон. Афонмæ хæдзары нæ бадин!»

Хъæу разынд, фæлæ йæм дарддæр цæуыны тых нал уыд. Æрбадти зæххыл. Уæлдæфы хъæпæнтæ йæ алыварс уыдысты къахнадау.

...Йæ чызджы лæппу кастис аргъау:

...Æмæ адæм Хуыцаумæ ссыдысты...

– Хуыцау, – загътой йын, – махæй, зæххон адæмæй, алчи дæр хъуамæ зона, цы бон амæлдзæн, уый.

Хуыцау сæ фæндыл нæ разы кодта, фæлæ адæм зæхмæ нал здæхтысты, æмæ уæд уый дæр сразы.

Æмæ зæххыл нал хъуыст адæмы худын, фæндыры цагъд, сабитæ цалдæр бонмæ зæронд кодтой. Æмпылдæй, уæнтæхъилæй хылдысты зæххыл.

Уæд æм адæм фæстæмæ лæгъстæ кæнынмæ ссыдысты:

– Стыр Хуыцау, фæрæдыдыстæм æмæ дын лæгъстæ кæнæм: нæ мæлæн бон цы нæ зонæм, ахæм хорзæх нын ратт.

Хуыцау сразы сæ фæндоныл...

Аргъау аргъау у, æмæ йæ аргъауы фарст кодта йæ чызджы лæппу. Æмбæрста йæ æрмæстдæр зæронд ус.

– Уæд дæлæмæ `рхауæд, – дзырдта уый, – уæд дæлæмæ ’рхауæд, – æлгъыста Хуыцауы.

Бадын дæр ын зын уыд, æмæ йæ фæсонтæ æруагъта зæхмæ.

Фыр фæлладæй йæ цæстытæ æрцъынд сты æмæ йын бакæнын нал куымдтой. Рабадын афæлвæрдта, фæлæ уæлдæфы уæззау хъæпæнтæ ныр йæ риуыл уæз кодтой. Тыххæйты байгом кодта йæ цæстытæ æмæ федта:

Арв цъæх-цъæхид æмæ уæгъдибарæй ныггом ис йæ алыварс. Никуыдæр дзы къахыскъуыран уыдис, никуыдæр – хауæн! Уым, уыцы уæрæх æмæ гом тыгъдады зæрдæйы фæндиаг зиллаччытæ фыстой зæрватыччытæ.

Электроны рухсы телтыл бадти цалдæр цъиуы. Зæронд ус сæм каст æмæ не `мбæрста: цæмæн бадынц æнцад? Цæмæннæ ленчытæ кæнынц? Ау, дæ алыварс ахæм уæгъдибар тæхæнтæ куы ис, дæ бон дзы тæхын куы у, уæд цæмæн бадынц иу ран!?

# ПАХУЫМПАР

Æз мæ радзырд ногæй бакастæн, æмæ мæхицæй разыйæ баззадтæн. Кæдæй-уæдæй зæххон адæймагæн дæр йæ бон сси æцæг уацмыс сфæлдисын. Ныр, уæларвон цæрджыты æхсæн нæхи цæмæй равдисæм, уый нын ис. Нæ зонд, зæххон адæмы зонд, бынтон галиумæ здæхт кæй нæу, æдзух фыддзинад æрымысынил кæй нæ фæлгъауæм нæ хъарутæ, уый ныр тыгъды змæлджыты дæр куыннæ бауырндзæн. Æмæ цин кодтон мæ фесгуыхтыл. Стæй бафынæй дæн. Бафынæй дæн уæлхох, цъæх нæууыл. Æз нæ федтон, арвыл мигътæ кæй уыд. Уый фæстæ тыхджын къæвда уарыд, уымæй дæр нæ райхъал дæн. Мæн уыдон нал æндæвтой. Мæнæн амæлæн нал ис, ныр зæххон низтæн исты кæй схос кæндзынæн, уыцы ныфс мæ уды равзæрд, æмæ мæ зæрдæйæ тасы æнкъарæн схицæн. Æмæ фынæй кодтон æнæмæтæй.

Иуафон кæсын, æмæ чидæр æрбацæуы. Чидæр зæгъон — мæ сих. Мæн нæ бафæндыд дзурын, æмæ мæ цæстытæ æрцъынд кодтон. Уадз æмæ мæ иувæрсты ахиза. Нæй, нæ ацыд. Æрлæууыд мæ уæлхъус. Ныр уый æз цъынддзæстæй дæр уынын. Уый мæ банкъуыста. Æз мæ цæстытæ байгом кодтон. Мæ сих мæм дзуры:

– Æз дæумæ æрцыдтæн.

– Ды?

– Гъо.

– Æмæ ды та чи дæ?

– Ничи.

– Уый æз æнæ дæу дæр зонын.

Мæ сих смæсты.

– Сыст уæлæмæ. Мæн демæ ныхасаг ис.

– Чи дæ? – мæсты кæнын æз дæр.

– Æз?

– Гъо.

– Æз пахуымпар дæн.

– Пахуымпар?

– Гъо, пахуымпар. Демæ мæ ныхасаг ис.

– Табуафси, аныхæстæ кæнæм. Æрбад.

– Пахуымпартæ бадгæйæ никуы фæныхас кæнынц.

Мæнæй байрох, ныр æз дæр пахуымпар кæй дæн, уый, æмæ фефсæрмы дæн. Мæхи хъуыдыйы куыд не `рцыд, пахуымпартæ уырдыг кæй фæлæууынц. Цыма амæй къаддæр зонын.

Уый мæм æркаст. Бамбæрста мæ:

– Ницы кæны. Нырма æвзонг дæ.

– Цы уыдзæн нæ ныхасы сæр? – уырдыг слæууыдтæн æз дæр.

– Адæм.

– Адæм?

– Гъо.

– Дæ хъуыды зæгъ.

– Махмæ, пахуымпартæм, арæх æрцæуы адæмы кой.

– Цæй фæдыл?

– Мах фæнды, цæмæй адæмæй мыггаг мауал ныууадзæм, сыскъуынæм сæ. Сæ амондæн, ды фæстаг рæстæджы фæзындтæ, фæлæ уæддæр нæ хъуыды нæ аивтам.

– Æз уын уый бар нæ ратдзынæн.

– Мах дæр æй зонæм. Цæугæ дæр дæм уый тыххæй æркодтон.

– Цы дæ фæнды?

– Цæвиттон, дунейы змæлджытæй се `ппæты галиудæр æмæ æнæуагдæр адæм кæй сты, уый зоныс?

– Уый афтæ нæу.

– Æз дын æй зæгъдзынæн. Афтæ у. Зæххон змæлджытæй æппæты фылдæр сымах стут. Æмæ цы сарæзтат? Цæрæнбонты кæрæдзи æхсынут. Мах уæм бирæ фенхъæлмæ кастыстæм, кæд æрсабыр уыдзыстут. Уый та, æвæццæгæн, никуы уыдзæн. Махæн нæ бон æнхъæлмæ кæсын нал у. Æнцой нæ дæттут зæххы чысыл гæбазыл. Адæм хъуамæ байсæфой. Уый куынæ уа, уæд тагъд уæ галиу зонд иннæ рæтты дæр ахæлиу уыдзæн.

Æз тæрсын райдыдтон адæмæй. Ыронг кæд мæ утæхсæнгæджытæ уыдысты, уæддæр сæ ныр мæ цæсты раз авæрдтон, æмæ мæм тæригъæды æнкъарæнтæ фæзынд.

Уый йæ ныхас дарддæр кодта:

– Æрхъуыды-ма кæн адæмы хъуыддæгтæ. Суанг незамантæй рахаста йæ галиу зонд. Æрхъуыды-ма кæн грекъæгты, ромæгты, æрхъуыды-ма кæн мæчъыдойнаджы. Цы ми арæзтат æнусы райдиан? Цы ми арæзтат æнусы æмбисы? Æмæ цы аразинаг стут ныр? Адæмы зонд æрмæстдæр у фыдракæнд аразыныл. Хорзæй цы æрымысут, уымæй дæр та фыддзинады спайда кæнут. Уæ зондахастимæ тагъд, хæрз тагъд нæ зæххы гæбаз срæмудздзыстут. Махæн та тыгъдады алы чысыл мур дæр зынаргъ у.

– Уый сымахырдыгæй фыдракæнд уыдзæн.

– Нæ, уым фыдракæндæй ницы ис. Уæддæр тагъд уæхигъæдæй цагъды кæндзыстут. Уый дунейы сфæлдисты фæтк у. Сбирæ уыдзыстут, æмæ уыл кæрæдзи уындæй низ сыстдзæн æмæ фæцагъды уыдзыстут. Фæлæ уый ырма афтæ тагъд иæ уыдзæн. Уæдмæ та бирæ фыдбылызтæ скæндзысты адæм – сæхæдæг нын куыд зынаргъ сты, уымæй мин хатты фылдæр. Мах та зонгæ-зонын уый не `руадздзыстæм.

– Æмæ уæд та, сæхи рыны фæстæ ма сæ чи баззайа, уыдоны ма сыскуынут.

Уый ахъуыды кодта.

– Чи зоны, раст зæгъыс, фæлæ адæмæн сæ кæрæдзимæ хæрамдзинад се уæнджы ис. Уыдон дæр та куы сбирæ уой, уæд фæстæмæ афтæтæ кæндзысты. Уæддæр уал ууыл разы дæн.

– Дæ хорзæхæй, нырма ма батагъд кæнут иннæты цæгъдыныл дæр. Æз сыл азилдзынæн. Алырдæмты фæдисæттæ фервитдзынæн. Æмæ мæ, чи зоны, бамбарой. Нæ, æнæмæнг мæ бамбардзысты.

– Нæ мæ уырны. Æниу, азил, цæмæй нæм стæй азым ма хæссай. Кæй дæ нæ бамбардзысты, ууыл та æз дызæрдыг нæ кæнын. Адæм æгуыдзæг уымæн сты, æмæ сæ хæрзтæм кæй нæ хъусынц. Чи дæ дзы бамбардзæн, хорз æмæ æвзæр кæрæдзи бынæттæ кæм хæццæ кæнынц, уым? Фен-иу, мæнæ куы райхъал уай, уæд, кæддæра дын цы маст æрхæссиккой.

Мæ сих мæм йæ чъылдым фездæхта, æмæ йæ уæлдæф йæхимæ айста. Æз райхъал дæн. Мæ радзырды гæххæтт мæ фарсмæ нал уыд. Чидæр дзы топпы нæмгуытæ сифтыгъта. Иу сыф та дзы бæласы цонгыл ауыгъд уыд, лыстæг хуынчъытæй. Æвæццæгæн æй мысанæн сæвæрдæуыд.

# БЫЗЫККАТЫ ЗЕМФИРÆ:
# 70 АЗЫ



**(1951)**

# РАСТ У ФАТАУ МÆ ИРД ФÆНДАГ

## УАДСУР, ТÆХ!

Рæстæг –`нæрлæугæ дугъон бæх,
Лидзынц базырджын азтæ,
Ахæц, ахæц, мæ уадсур, тæх!
Æз дæ фæсарц дæн – размæ!

Згъорынц минуттæ, сахæттæ,
Бонтæ, азтæ фæд-фæдыл…
Æз кæй æййафын, акæс сæм! –
Сæ цур рыг дæр нæ калын.

Раст у фатау мæ ирд фæндаг,
Ехх, мæ фæндтæ, мæ хъуыды…
Сагъæс скарста бæрæг-бахъавд,
Царды арфы ныгъуылы…

Агай размæ, мæ сагсур, уай!
Рæстæг, аххæсс æмхъæлæс:
Байрай, байрай, Сабырдзинад! –
Айзæл, дунетыл аххæсс!

Уайы дугъон æнæрлæугæ,
Нæй, нæ фæтæрсы никæд…
Цас къуырцдзæвæнты бахауы –
Фæндаг – аргъæутты диссаг.

Уайы `вæлмæцгæ уасайраг,
Дзыллæ рухсмæ æхсойы,
Мауал дис кæнут, адæмтæ,
Цард æххæстдзинад домы.
Сисын уæлдæфы арв-бæрзонд
Къухы ехс – цъыкк-æхситтæй!

Зæрдæ риуы фæцæйтоны,
Хуыцау, бахиз нæ зинтæй…

Барæг `рбалхъивы идоны,
`Рбайсы рохтæ йæ риумæ,
Уый хъысмæты армаццагæй
Сиды, сиды нæ Ирмæ!

## АРТ

*Цæрукъаты Алыксандрæн*

Дæ чиныг басыгъта мæ риу,
Цырен артæй ссыгъта зæрдæ…
Ай чиныг нæу, ай – диссаг зиу,
Сыгъзæрин у – зæринтæвæрæн.

Ай чиныг нæу… сыгъзæрин у,
Кæм ныххаудтæн, кæй уды зиумæ?!
Йæ ныхæстæй, хъамбул дзырдтæй,
Нæ хæхтæй рафæйлауы ирдгæ.

Æлвыст, æвзаргæ тыннывæстæй,
Йæ æмдзæвгæты иу бакастæй,
Нуарджын, ставд рæнхъыты быдæй
Арт пиллон уадзы дзырдты бынæй.

Бæрзонд Музæйы уарзты ривæд,
Хъуыдыты бал, хъуыдыты тахт!
Гуыпгæнгæ арты ‘взæгты сирдæй
Тыхсы мыл Музæйы тæваг.

Гуылфгæнгæ дзырдтæ симды рæнхъы
Хæссынц сæ базыртыл рыст уд.
Ырризы уарзт æмæ фыр цинæй
Мæ зæрдæ бабуц и, ныххудт…
Дæ чиныг басыгъта мæ арм,
Ысзынг хъæздыг æвзагæй зæрдæ:

Мæ судзгæ уарзт – Ирон æвзаг!
Мæ уды рухс – Ирон æмдзæвгæ!

## САР КÆНЫ ЙÆ СÆР

Бæзджын хъæццул сырх сыфтæртæй
Ис бæласы бын тыгъд,
Уым бады гæды иунæгæй,
Йæ цæстытæ – джыгъгъытт!

Цымæ-та дзы цы ауыдта,
Кæдæм ныккастис, кæ?!
Кæд мысты сæр – сыфтæрты ‘хсæн,
Уæд сар кæны йæ сæр…

## СÆУМÆЦЪИНГУЫРÆЙ

Урсбазыр мигътæ
Урс пирæнгæмттау,
Коцора хъæдтыл
Сæхи æруагътой
Цъæхуат хуыссæнтыл
Фæллад бæлццæттау –
Урсбоцъо лæгтау.
Сæ урс цухъхъатæ –
Сæ уæлæ кондæй,
Кæсынц уæлвонгæй
Рæсугъд сахармæ,
Нæ тыгъд быдыртæм…
Кæнынц тæрхæттæ,
Цыдæртæ дзурынц
Кæрæдзи хъусты,
Кæм-та фæхудынц.
Сæ бонæй сæ уа…
Сæ уаг, сæ ранæй,
Урсбазыр мигътæ!
Уый та ма зонай,

Хур сæм скæсы
`Мæ сæ нуаздзæн
Дойны бæлццонау
Сæумæрайсомæй
Йæ тынты скондæй
Сыгъзæрин къусæй
Сæумæцъингуырæй,
Сæумæцъингуырæй…

## ФÆЗЗÆГ

Сыгъзæрин ахорæнтæй æрдз
Скодта бурдзалыг фæззæг,
Рæсугъд дарæс ставд рæтыд:
Сыфтæртæ бур, сырхбын, ызгæ…

Фæлмæн йæ бур хъæццулы тыхт –
Цæрвгъуызæй нардуарай фæззæг!
Æнæбон сыфтæртæ æнкъард
Тæхынц, тæхынц сындæг-сындæг.

Хур нал худы йæ мидбылтæй,
Сырх тынтæм – æврæгътæ цæхгæр.
Дæргъæлвæст хъæд – хæрзбонхуызæй,
Мыртгæ кæуы йæхинымæр.

Æртахджын уазал бон, æрмæст –
Æвæндон къахдзæфты уынæр…
Фæцæуыс фæндагыл сындæг,
Уынгæджы а цардæй – мæ сæр.

Хæрзбон нæ зæгъгæйæ, ды дæр
Фæцæуыс та сæргуыбырæй…
Фæхалас `нафоны дæ сæр,
Уæддæр мын дæ сыгъзæринæй.

## НÆРТОН ХЪÆБУЛ

*Хетæгкаты Къостайæн*

Сыгъзæрин фест, бæркадхæссæг фæззæг!
Æз дæу æппындæр ницæимæ барын…
Ды Ирæн радтæй зæды хуызæн Лæг –
Нæртон хъæбул, ирон гени Къостайы!

Æрттив, Ыстъалы, зонды суадон – Уаз!
Нæ удты `ртауы уæд æдзух дæ сагъæс.
Ирон хъуыддæгты, рухс фæндты ахъаз,
Къостайы кад тъымы-тъыматæм ахæсс!

Сыгъзæрин фест, бæркадхæссæг фæззæг!
Æз дæу æппындæр ницæимæ барын…
Нæртон хъæбул мæ зæрдæйы нымæхст,
Йæ зарæг ын зæрдæйы бынæй зарын!

## ФÆЗЗЫГОН БÆРКАД

Сугтæ пецы цыренæй къæрц-къæрцгæнгæ судзынц,
Пурне* – дурамад, фыр тæвдæй баис цæнгæт,
Мад-та архайы райсомæй стыр пецы цуры,
Хъуамæ скæна фæлмæн дзултæ сабитæн фаг.

Даргъ æртыскæнæй иуварс кæны `хсидав сугты,
Цæхæр `взалытæ – `рттивгæ стъалытау раст.
Хыссæ тебæты снæрсти ‘мæ арвмæ лæбуры,
Мад сæ арæхстгай фыййагæй ‘вæры рæгъгай.

Дзултæ хурдымбыл, байдзаг ис кæрты хæрздæфад,
Уынгмæ гуылф кæны хоры фæззыгон бæркад…
Мад æвдай азы – хæдзары сойын цырагъау,
Нал ис цæсты кæддæры æвзонджы цъæх арт.

---

**Пурне – дурæй амад стыр пец*

Ехх, ныййарæг, фæразай нын, уастæн, сæдæмæ!
Ахæм `нæрæнцой цард дын ысныв кодта, ахæм, Хуыцау.
Цæр, ныййарæг – рæсугъдзæрдæ, буцæй, уæдæмæ,
О, тæхуды, гъе уый дын, æцæгæй, куы зæгъид Хуыцау!

## НОКТЮРН

Æхсæв … Уары `мæ уары
Удыл кæуæгау раст,
Ацы æнæрай зын царды –
Равгыл утæхсæн тавс.

Зæрдæ алырдæм дзуры…
Куыройы зиллаккау тагъд
Хъуыды `рцауындзæг удыл,
Æрвгæрæттæм – йæ тахт.

Абон Хуыцаумæ ныстуан
Æрвитын мæ фæндиæгтæ,
Кувын, кувын уæларвмæ –
О, Хуыцау, баххуыс нын кæн!

Æрвиты фæззæг йæ хортæ:
Авг – сæнæфсиры сæн.
Æрæфснай, кусæг, дæ гонтæ,
Мемæ скув æмæ цæр!

## ХУР-ЗÆД

Фæцæуы æхсæв – бонивайæн сахат…
Кæсын нæ хæхтæм, рухсхæссæг зæдтау
Сæ цъуппытæй ныхсынц цъæх арвы риуы,
Мæ цæст дæуыл ысхæцыди, Сæна!

Мæ зæрдæдарæн, Царды хох – ныфсдæттæг,
Кæсын æдзынæг, æмæ дæ уынын,

Ды урс нæ дæ, фæлæ, цыма фыццаг хатт,
Дæ фарсыл судзы артау Хуры тын.

Сырхцæстæй мæм бæрзонд рагъæй æркастæ,
Сырх зынг – сырхмæтæгау – сырх тæпп,
Цыма ныддæвдæг дидинæг дæ фарсыл,
Æмæ фæхудтæ мидбылты мæнмæ.

Цы уыдзæн уый, о, Хуры цæст, зæгъ-ма йæ,
Цы амондæн, цы кæлæн у, цы у?
Кæд у фæрдыг – Цыкуравæрдыг – Хур-зæд!
Уæд абон амонд адæмæн хæссæд!

Цæй цардхæссæг тын андзæвди Санайыл,
Йæ удбæрзондæй – рухс кæлæн Зæххыл…
Уæларвон Хур йæ каст æмæ йæ уарзтæй
Стыр амонд нæ дзыллæйæн хæссы!

Хъæбыс кæны йæ даргъ цæнгтæй рыст Зæххæн…
Æрвон Хур-зæд та удыхос хæссы,
Зæрин тæгтæй, рæдау тынтæ æлвисгæ,
Рæстзæрдæтыл йæ хъарм тынтæй тыхсы…

## САБÆЛУТ*

Сабæлут, цæмæн ныууагътай бæлас,
Къабузтыл зынаргъ хъусцæг куы зындтæ?!
Æви нал уыд уыцы рæсугъд аппæн
Бабыхсæн адджын хъæбысы, хъуздж ы?

Цас гæнæн уыд, бæласы уидæгтæй
Ды ныззтай æвдадзау зæххы сойæ,
Скодта дæ рæдау æрдз удæн адджын,
Бæласæн уыдтæ йæ уд, йæ койаг.

---

**Сабæлут – каштан*

Фæлæ фæззæг райсын уарзы, райсын,
Ратыдта дæ фæззæджы сой-къухтæй,
Ды рæсугъдæй атахтæ дæ мадæй...
Сабæлут, цæмæ ма йæм ныдджих дæ?

Цæр, мæ чызг, мæ Сабæлут-чызг, зæххыл,
Хуры рухс дæ хъарм тынтæй рæвдауа...
Æрдз дын загъта: «Сой зæххæн нывонд у»,
Амондæн дын морæ хуыз куы ратта!



## НОГ УАЦМЫСТÆ

*Гусалты Барис*

# ТУГ-СТÆГ КÆРДÆДЖЫ ХАЛ

*Радзырд*

Далæ денджызы доны бын срæмыгътаид ныгъуылдæй науты бæллæх минæ, æви тæккæ былгæрон æрхаудаид немыцаг сармадзаны нæмыг, фæлæ йæ хæдуæлвæд дуне афтæ федзæм, фæсабыр, æмæ лæджы нæ уырныдта, ацы сахат дæр хæсты тæккæ астæу ралæууыд, уый. Зæхх дæр йæхимæ хъусæгау фенæсыбыртт, æмæ арв дæр хæсты размæйы Хуыцауы сфæлдыст-сконд арв уыд – исты дзы æрызгъæлынæй æдас, кæд ма-иу исты судзаггаг зиан æрцыд, уæд загътаиккой, арвæй дур æрхауд æмæ ацы кæртыл сæмбæлд, зианджыны æнамонд кæртыл, зæгъгæ...

Фæлæ хæсты судзаггаг зиантæ та арвæй дур æрхауæгау нымад нал вæййынц, цыма æмбæлгæ дæр афтæтæ-уфтæтæ кæны, уыйау. Æрмæст ды, Вано, – йæхæдæг йæхимæ йæ номæй сдзырдта, – дæ бинонтæм уыцы сау уац нæма арвитын кодтай:

– О, Хуыцау, дæуæй разы, æмæ табу дæуæн дæр, табу, Уастырджи!..

Уалынджы дын æм æцæгæлон зæххыл – ныр мæнæ Севастополы бынмæ денджызы былгæрон – зæрдæйыл тар мигъ бон хуры цæст куыд æхсызгонæй сæмбæлы, афтæ йæ хъустæ хæрз хæстæгæй, иу-ссæдз санчъехы уыдаид се `хсæн-нæ уыдаид, уырдыгæй йæ хъустæ уды сой ныхасыздæхт, æвзаджы хъæд куы ацахсиккой: æрдæбоны срæмыгъдгæнæгæн арфætæ:

– Дæ мады роны срæмудзæд дæ минæ, куыдзæйгуырд хæрæджы къæлæу!

Цыдæр зонгæ хъæлæс ын уыд тамако æнæвгъауæй дымæг лæджы фæздæгæфхæрд хъæлæс. Куы ма йæ фехъуыста кæддæрты бæлвырдæй, фæлæ – кæд æмæ кæм, цы бон, цы уавæры?

А-гъа-гъа!

Керчы!

Куыддæр сæ Кавказы былгæронæй Кæфты фæндаджы сæрты Хъырымы былгæронмæ бранып æрбаппæрстой, афтæ! Уæд фæзонгæ сты, стæй сæ фæхицæнтæ кодтой алы къордтыл...

Асæмо!

Зилгæйаг!

Йæ мыггаг та...

– Хуыцауы хатырæй, Асæмо нæ дæ?

– Тæккæ уый дæн! Ды та – Вано! Тлатты Беслæны хъæуæй.

– Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ - ’мбисæндтæ! Куыд дæ?

– Куыд дæн, æрдиаг ма мыл хъæуы, цы фæзæгъынц. Фæлæ цъæррæмыхст дæр нæма фæдæн, кæд цыфæнды диссаг у уый ацы арæх нæмыгадзагъд æмæ срæмыгъдты, уæддæр.

– Æз дæр æрмæст уæлæнгæйтты фæцæф дæн: сармадзаны снаряды... нæмыджы схъис зынг тæвдæй мæ уæраджы хæцъæфы бамидæг – мæхæдæг æй федде кодтон, бабастон æй пысырайы сыфтимæ. Цæй хостæ, фæлæ мæ, бæргæ, уæд та хæлуарæджы тынтæ куы уыдаид...

– Хъыг дын ма уæд, фæлæ мах хуызæн куыйтæ къуылыхæй нæ мæлынц, ома, хæстарыд куыйтæй зæгъын...

– Раст зæгъыс, Вано. Уæллæй, æхсæв-бонмæ-иу раст мæ хъуырмæ уазал доны дæр фæдæн, уæдæ-иу миты ргъыл дæр фæхуыссыдтæн удæст дзаумæтты, уæддæр æхснырсгæ дæр никуы скодтон. Сабыр царды сæйгæ рынчъынæй æруатон уыдаин...

– Зилгæйыхъæуккаг кæй дæ, уый бадардтон мæ зæрдыл, фæлæ дæ мыггагæй...

– Азиатæй дæн. Ды та Дзгойтæй, нæ? Кæд ма æз дæр исты зонын, уæд...

– Зоныс, зоныс! Гъемæ афтæ баныхас кæнæм: чи нæ сæмбæла сæрæгасæй Иры зæххыл, уый иннæйы бинонтæн бæлвырд хабархæссæг уыдзæн, кæд дыууæйæ дæр аирвæзæм, уæд та...

– Уæд та – кусарт мæнæй, нозт дæуæй!

– Фæуæд! Фæлæ нæ ныр ардыгæй нæхи исты хуызы айсын хъæуы. Мах дæр, мах! Науæд, дам, нæ разамынд сæ сæртæ `фснайынмæ фесты, адмирал Октябрьский сæ разæй, афтæмæй. Нæ зонын, Сосо сын радта бар, æви нæ, уый. Кæд – нæ, уæд сæм дзы уый къæдзæй бадæтдзæн. Фæлæ мах æнæ бардзырдæй куы фæфæстæмæ кæнæм, уæд...

– Цы `фсæддон цины дæ, Вано?

– Сержант.

– Уæдæ æз та хуымæтæг рæнхъон сырхæфсæддон. Æмæ мын нæй, дæуæй фалæмæ мын чи бацамона, цы гæнгæ мын у, уый. Гъемæ ацы тæккæ сахатыл ды дæ мæ Уæлдæр Сæйрагкомандæгæнæг æмæ бардзырд радт фæстæрдæм афсæрынæн на заранее подготовленные позиции. Кæсагахсджытæ, дам, сæ бæлæгътæ-шаландæты ласынц нæхионты Кавказы былгæрæттæм...

– Æмæ дæлæмæ, денджызы донгæронмæ ныйирвæзын дæр стыр фæллойаг у, тæссаг: алы метр дæр сын мысанау бæрæггонд у немыцæн. Ды ныр кæм дæ, Асæмо?

– Цыдæр лæнкауы...

– Æз та, бомбæ цы дзыхъхъ сфæйлыдта, уым. Куыддæр дзы мæ сæр сдарон, афтæ дæ балгъитæг дæр уыйау куы фæуид. Фæлæ мæлæтæй дæр афтæ бафæлладтæн, афтæ, æмæ дзы нал тæрсын. Гъемæ æз... О, æз æй зонын мæхицæн, сыдзмыдзы куыд цæудзынæн, уый, фæлæ ды та дæ фазыл абыр далæ сындзджын къутæрмæ. Уыныс æй, йæ фарсмæ матросы лентæджын худ уæлгоммæ фæлдæхтæй...

– Уынын. Чысыл фалдæр ма дзы ноджыдæр ис...

– Гъемæ дæ ных уымæ сараз, къутæрмæ – кæд Хуыцау зæгъа, æмæ та нæ амонд ацы хатт дæр тыхджын уа, уæд уым сæмбæлдзыстæм...

– Вано, уæй, Вано! Цæмæй дæ бафæрсинаг дæн... Немыц размæ хъазуаты цæуылнæуал бырсынц, атакæйы ома?

– Кæмдæрты ма морякты тæнæг къордтæ баззад æд хæцæнгарз, æмæ уыдонæй тæрсынц, сæ полундрæ, зæгъгæ, ахæм хъæрæй. Уыдон ард бахордтой, мах, дам, нæ удæгасæй Севастополь немыцæн нæ ратдзыстæм, зæгъгæ. Фæтæрсыны бæсты мæлæт ницæмæ дарынц. Стæй цъаммар немыцы дæр, налат немыцы, кæд уыдон Хъырым æгасæй дæр сæхи бакодтой, уæддæр.

– Хъырым циу, Хъырым?! Советон Цæдисы дзаджджындæр кæрдих хай! О, æмæ мæ автомат ППШ-а та цы фæкæнон – нæ йыл джебогъ ис, нæдæр ма мæм гилдзытæ баззад...

– Уым æй уадз, æндæр ма мæн дæр æмæ дæу дæр цæмæн хъæуынц... Цæй, нæхионтæ – фæстæмæ! Фембæлдмæ уал!..

Вано та йæхæдæг, цас рæстæмбис лæг уыд, уый бæрц уырдыг слæууыд йæ дзыхъхъы æмæ, цыма уызыны балцы фæраст уыдзæн, йæ хъуынадæф дымгæйæн фæхæссын кæнынмæ, дымгæмæ ныддарынмæ, уыйау уыцы æнæмæтхуызæй схызт уæлбылмæ æмæ, йæ ихсыдтæцъар бæмбæгджыны тæрттæ фæйнæрдæм ныттындзгæйæ, фæцæуы денджызы бæрзонд уæлбылæй æмуырдыг дæлбылмæ, немыцаг нæмгуытæ кæдæм нæма хæццæ кæнынц, уырдæм: кæд искæй бæлæгъ-чемы бабадыны амонд æрхауид уымæ дæр æмæ... æмæ...

Раздæр, æвæццæгæн, фæкуыддæрау, фæуыргъуыйау сты немыц, ай та ма дзы кæцытæй уа, йæхи барвæндонæй нæ топпыты хъæлæсмæ куыд æвæры, æви йын мæлæт ахæм удаист цардæй фæбæллиццагдæр, зæгъгæ, æмæ йæ æрæджиау, – иу æрхгонды йæхи баауон кæнынмæ ма йæ дæс-дыууадæс

санчъехы куы хъуыд, уæд æрæджиау æхсын райдыдтой иугай гæрæхтæй. Чи зоны, æмæ цалдæрæй ерысы дæр бацыдысты, чи сæ йæ сæргъæвид, зæгъгæ. Уæлахиздзауæн та – шнапсы авг...

Нæй, ничи йæ сæ акъуырдта, Уастырджи сын сæ фæттæ тæссармæ здæхта, æрмæст ын йæ телогрейкæ цалдæр раны æнæ бæмбæг фæкодтой – нæмыг-иу сæ йæ разæй бындзыггай ахаста...

Æмæ сæм, миййаг, йæ фыр тæссæй нæ фæцис фидиссаджы, худинаджы чъылдымыздахт, фæлæ сæ уый дæр куыдзы хордзæуæнмæ дæр кæй нал дардта æмæ сæ къæбутдзæфтæ кæй арæзта, æцæг фидиссæгтæ æцæг хæстон лæджы цæсты, уый нысанæн, уый!

Къорд азы фæстæ-иу æй куы фарстæуыд стæмхатт – æппындæр нæ уарзта хæсты тыххæй истытæ мысын æмæ дзурын, – уæд-иу тыхлæмæрстытæй загътаид, зæгъгæ, ау, уый та куыд, æмæ нæ тарст, куы йæ амардтаиккой уæд, уымæй! Тарст. Стæй айдагъдæр йæхицæн нæ, фæлæ йын Ирыстоны хæссинаг-даринаг сабитæ баззад: æртæ фырты æмæ иу чызг... Тæрсгæ та бынтон æдылытæ, зондцухтæ нæ фæкæнынц. Нæ, хъæбатыры охыл нæ сыстад, цы рæз схаста, уыйас, фæлæ удвæллад бацис иудадзыджы рамбæхс-бамбæхсæй, немыцæй ратæрс-батæрсæй...

Цы? Асæмо? Асæмо та цы бацис? Куыддæр, цы лæнкау-лæнкау бырыдис йæ гуыбыны цъæрттыл æмæ уырдыгæй быгъдæг уæлбылмæ схылдис, афтæ йæ дыккаг къахы дæр снайперы нæмыг бахызт – матростæ йыл бамбæлдысты, цæфты чи уыгъта, уыдон æмæ йæ фервæзын кодтой...

Ныр Вано йæхæдæг къардиугондмæ куыд бахæццæ, афтæ бынмæ ныггæпп ласта – немыцаг зылындзаст топпæхсджытæй бынтон фæаууон. Арфдæр куыд ныууад æмæ кæрдæгджын фахсыл йæхи куыд æруагъта, чысыл куы сулæфин мæ зæрдæйы фæдисон тæпп-тæппæй, зæгъгæ, афтæ йæ ауыдта… Йæ лæбæзтыл рабадт æмæ йæм æхсызгонæй! – сабидуджы уæдыккон æхсызгонæй! – кæсынтыл фæцис.

Хъырымы дæр мит куыд нæ рауары стæмхатт хæхбæсты рауарды хуызæн, æмæ дзы дымгæ къардиугонды æрх бæркадджынæй байдзаг кæны. Æмæ уым мит куы стайы уалдзæджы комытæфæй, уæд дзы иттæг цардхуызæй цъæх-цъæхид кæрдæг ныггуыпп ласы æмæ уыцы æнæнтыст цъæхæй мæнæ ныронг дæр баззайы, уæдмæ уæлбылы гæзæмæ кæрдæг та дзæгæрæг ныввæййы.

Хæст у, цы у, уæддæр мæнæ, Хуыцау уарзонæй цы дунейы цард сфæлдыста, адзал ын куыд нæ уа, басæттæн, байсафæн ын куыд нæ уа, афтæмæй, уый мæнæ йæхионтæ куыд кæны, мæнæ!

Бур, сау стъæлф хъулæттæ гæдыйы лæппын – йæхæдæг йæхиимæ хъазынхъом байрæзт æндæр кæмдæр цæрæнуат æмæ цыдæр æгъдауæй – кæд хæсты хъæр æмæ араллойæ – рафтыд ардæм, æндæр рæттимæ абаргæйæ, сабырдæрæй цæрæнуат къардиуы бынмæ. Мыстдзуан та, хæрдагур та, æвæццæгæн, горæтмæ ахъуызы – гæды дын нæ ахъуыздзæн, цы!

Ныр та æфсæст у, æндæр йæ минкъи зæрдæ хъазын не 'рцагуырдтаид: футæджы хус тала уа, æви лебæдайы искæй, æмæ уый фæстæ цыма бафæсвæд, æмбæхсы ома, æмæ куы иуырдыгæй рагудзи кæны, куы иннæрдыгæй, стæй йæ чысыл дзæмбыйæ – ныхтæргомæй – уæлдæф тонæгау аныхы, æмæ та ракæсы, гъы, куыд у, хорз дæ дзы атыдтон мæ цыргъ ныхтæй хъазгæмхасæнты, зæгъгæ.

Хъазгæ-хъазыны та раст йæ цæстытыл уайы йæ мады зæнæг, кæимæ бахъомыл, уый. Фæлæ йе 'мбал – нæй, фыдбылызарæх царды йыл исты 'рцыдаид, науæд та йæ сæ мад æдасдæр ранмæ акодтаид...

Ванойы иу тынг бафæндыд, иу тынг, гæды уымæ дæр куы фергомыздæхт уаид, куы йæм æрбакæсид фæрсæгау, стæ-ма, ды та чи дæ, цавæр дæ, ис демæ ахъазæн, зæгъгæ, фæлæ – ох-хай! – нæ йæ уыны цыма, мур дæр æй ницæмæ дары. Кæд дзы йе `мбудæнтæ айдагъдæр хиды тæф, рагæй æнæцынад буары тæф йедтæмæ ницы ахсынц, науæд та, хъыгзæрдæ цæмæй фæцис нырыдæгæн, уыцы хъылма тæф-сымаг: топхосы фæздæджы...

Уæх-уæх!

Кæд дæу, уæртæ 'нæнтыст, рагбонты зымæгты хъæрмуст изæртæ – пецы акъаци сугты тыхджынæй æндаваг арт гуыр-гуырæй судзы – æмæ уыцы изæртæ зæрдыл æрлæууыынгæнæг тигры тугхæстæг, кæд дæу бамбæхсын йæ амал у кæрдæджы хус халæн, уæд уымæн дæр, адæймагæн дæр исты ахъаз сты алы хæстон фидæрттæ: йæ адзал куы уа, уæд æй нæмыг бетонгонд бункеры дæр ссардзæн. Стæй...

Кæрдæджы хус хал зæххы туг-стæг куыд у, фæлæ йæ уæддæр арт æнауæрдонæй куыд басудзы, – йæ фервæзынæн райгуырæн зæххæн дæр йæ фадат нæ вæййы, афтæ Хуыцауы туг-стæг зайæгойхал та адæймаг у, æмæ...

Æмæ Хуыцауы 'вастæй цы хæсты арт ныггуыпп ласы, уым та уый у æвадат, Хуыцау йæхæдæг. Афтæмæй æнцад-æнцойæ цардыл зынг бадарæг дæр Хуыцауæн йæхи сфæлдыст адæймаг вæййы уартæ кæдæй-нырмæ, кæдæй!

Гæдыйы лæппынæн – Хуыцауы фыдæхæй нырма ирвæзт царды æнæмæлгæ нысанæн – хорзæй баззай загъта æмæ, йæхи фæстæрдæм къулгæнгæйæ, – ма ахауа размæ, куы стырындз уа æмдзæхгæр уырдыджы, уæд – згъорæ-

гау кодта денджызы донгæронмæ: сæ фæрстæ сау ахуырст бæлæгъæй йæм цалдæрæй сæ къухтæ тылдтой, рæвдздæр размæл, зæгъгæ...

Асæмоимæ та лæгæй-лæгмæ кæрæдзи федтой æрмæстдæр фæсхæст – цыппор æвдæм азы, фæззæджы. Æмбæлгæ та фæкодтой Эммаусы Бесæгъуыры зианы, сæ иумæйаг зонгæйы – йæ хæстон цæфтæ йæ уæддæр æмæ уæддæр йæ домбай фыдæлтæм батагъд кæнын кодтой... Хæсты арты-иу куы сæ иу фембæлд йемæ, куы сæ иннæ, стæй йæ сæ нывонд куывдмæ ’рхуыдтой: кусæрттаг уæныг Асæмойæ уыд, хæрд-нозт та – Ванойы ‘рдыгæй...

Бирæ цыдæртæ фæмысыдысты, стæй дын æм фæстагмæ Вано куы бауырдыг уаид æнахуыр уырдыгæй:

– Зæгъæм, Асæмо, æмæ та нæ сæр дæр – нæ арыд сæр дæр! – бахъуыд ног хæсты, фехъуыст та «Вставай, страна огромная!», уæд куыд? Рабæтдзынæ та дæ гæрзтæ?

– Æмæ ды та дæхæдæг, Вано? Ды мæнæй чысыл хистæр куы дæ – дæ авд æмæ дыууиссæдз азы цыма дæхи фесты…

– Дзуттаг дæ, æви цы: фарстæн фарстæй дзуапп цы дæттыс?! Æз – о, рабæтдзынæн сагой дæр, æртæ, кæнæ цыппаркъухон, кæд та æппæтæн хотыхтæ нæ фаг кæна, уæд. Лæгæн, дам, йæ释 кармæ, йæ асмæ ма кæс... О, æз йед нæ дæн, цыдæр уарзт-мастæй ифтыгъд йед... патриот, фæлæ нæ Ир дæр, нæ Хъырым дæр, нæ егъæутты- егъаудæр бæстæ дæр алы Октябрьскийы райгуырæн зæхх нæу, айдагъ уыдоны, фæлæ, сæйрагдæр, мах у, мах – дæуау хуымæтæг сырхæфсæддонтæ æмæ мæнау Уæлдæр Сæйрагкомандæгæнæг сержантты! – Вано кæм лæууыд, уым зæхх йæ сау туфлиджын къахæй æркъуырдта. – Мæнæ ацы фыдæлтыккон зæхх дæттинаг никæмæн у, стæй никæимæ у уаринаг дæр – афтæ!

– Уæллæй, Вано, фæсаджилзонд уон, уый гæнæн мын нал ныууагътай. Далæ дын мæ дæлсыхаг Хъулаты хорз Болайы ныхæстæ сфæзмон: хорз, дам, нæ уыдтæн хæсты ирон хъæбатыртæй æз, фæлæ, дам, немыцы тæрсынæн Сталинграды бынæй суанг Берлины бынмæ уыцы уæззау фондзæхстон кæй фæхастон, уый ницы кад тæры уæ цæсты, фæсфронты уырытæ?! Гъемæ та æз дæр мæ ППШ-а, цалынмæ дзы гилдзытæ уа, уæдмæ ’мпъухдзынæн ног знаджы горæттæй иуы бынмæ...

Ныр – цом, рухсаг зæгъæм Бесæгъуыræн.

*Август, 2020 аз*

# НАРТЫ КАДДЖЫТЫ РАУАГЪДЫ 75 АЗЫ БОНМÆ

*Нарты кадджыты чиныг ирон æвзагыл фыццаг хатт мыхуыры фæзынд 1946 азы, сентябры. Уæдæй нырмæ рацыд 75 азы. Рæстæгæй-рæстæгмæ чингуыты тæрхæгыл фæзынынц ног уагъдæй, алы хуызы аив æддаг цъæртты, иртасынц сæ наукон институтты, тæлмац сæ кæнынц алы æвзæгтæм, æмæ уымæй арфдæр æмæ уæрæхдæр кæны сæ философон дунейы тыгъдад.*

# ИРОН АДÆМЫ СТЫР ХÆЗНА

Кæд нымæцæй бирæ не сты ирон адæм, уæддæр уыдон сарæзтой, æнусты дæргъы дзыхæй-дзыхмæ кæй истой, ахæм стыр æмæ хъæздыг литературæ. Хицæн чингуытæй рацыдысты ирон адæмон сфæлдыстады уацмыстæ. Уыцы хъæздыг сфæлдыстады сæйраг бынат ахсынц Нарты кадджытæ. Нарты кадджытæ сты ирон адæмы стыр хæзна, ахæм хæзна, æмæ дунейы эпикон уацмысты æмрæнхъ æрæвæрæн кæмæн ис. Ирон адæмæн ивгъуыд заманты ныллæг уыд се 'хсæнадон æмæ культурон рæзт, фæлæ æрдхæрæны кадджытæ скодтой уæддæр нæ рагон фыдæлтæ.

Нарты кой наукон литературæйы фыццаг хатт скодта Клапрот. «Впервые, насколько мне известно, – фыссы Г. Гюбшман, – в Германии об осетинской героической саге сообщает Клапрот, отмечая в своем «Путешествии на Кавказ и Грузию»: «Устье реки Урух находится в 90 верстах от большой Ингик. У этой реки, видимо, была старая крепость, которая называлась в осетинской героической саге Уарп-фидар и находилась в трех днях пути за Великой Кабардой». Дальше идет упоминание о Батрадзе, сыне Хамыца». (Г. Гюбшман). Фæлæ Нарты кадджытæ æмбырд кæнын райдыдтой æмæ фыццаг хатт мыхуыры фæзындысты 19-æм æнусы дыккаг æмбисы...

Нарты кадджытæ равзарынил чи куыста, уыдон се 'ппæт дæр зæгъынц, зæгъгæ, кадджытæ хуыздæр æмæ æнæхæлддæрæй баззадысты Ирмæ. Æмæ уый, æвæццæгæн, раст у. Ууыл дзурæг у кадджытæн сæ бæрц, стæйноджы, Нарты тыххæй ныхасгæнгæйæ, ахуыргонд адæм

фылдæр-фылдæр сæ хъус ирон æрмæгмæ дарынц, æмæ уыцы æрмæгыл вæййы сæ куыст. Нарты тыххæй ирон кадджытæ æрымысыдысты ирон адæм, уыдон сты ирон адæмы цард æмæ психологи æвдисæг. Уый та тынг ахсджиаг у.

Цы амоны дзырд «Нарт»? Цымæ куыд æмæ кæд фæзындысты Нарты кадджытæ?

Термин Нарты тыххæй фыццаг хатт ской кодта Шора Бекмурзин Ногмов. Уый ныффыста «История адыгейского народа», зæгъгæ, ахæм чиныг (1847 аз). Æмæ уыцы чиныджы Ногмов æвзары дзырд Нарзан. Нар уымæ гæсгæ амоны бæгъатыр, зан (сан) та – дон Нарзан у бæгъатырты дон. Ногмовы размæ, 1810 азы та Броневский, зæгъгæ, иу ахуыргонд афтæ фыста: «На Абазинских землях... находятся ключи кисловатых минеральных вод, известные у черкесов и абазинцев под именем Нарзан или богатырская вода».

Уæдæ Броневский æмæ Ногмовмæ гæсгæ «нар» амоны «бæгъатыр». Уыцы хъуыдыйыл разы сты, фæстæдæр чи фыста, уыдон дæр. Зæгъæм, Рклицкий зæгъы, зæгъгæ, Христиан Бартоломейы зæронд ирайнаг æвзæгты дзырдуаты ис дзырд «нар». «Нар» амоны хæстон лæг. Ис ахæм хъуыды дæр, æмæ «Нарт» у «Мард», зæгъгæ, чысыл æндæрхуызонгонд æрцыд, афтæмæй. «Мард» та амоны «адæймаг». (Лопатинский. Сб. материалов для описания местностей и племен Кавказа, вып. 12).

Ис ахæм ныхасгæнджытæ дæр, æмæ афтæ чи зæгъы, зæгъгæ, Нартæ рацыдысты «мардтæ», зæгъгæ, ахæм адæмы мыггагæй. «Мард», зæгъгæ, ахæм адæмыхатт бæлвырд кæй уыдис, уый тыххæй дзурынц зæронд историктæ. Фыццаджыдæр сæ кой ис Геродотмæ 484 – 425 азтæ мах эрæйы агъоммæ. Геродот зæгъы, зæгъгæ, уыдон уыдысты персайнаг адæм, кодтой хæтгæ цард персайнаг донбакæлæны цæгатаг былтыл. Уый фæстæ мардты кой кæны Ксенофонт 434 – 385 азтæ мах эрæйы размæ. Йæ чиныг, «Анабазис», зæгъгæ, уым фыссы, бердзентæ хæсты фæстæ Сомихы бæстыл куы араст кодтой, уæд фистæг æмæ бæхджын æфсæдтæ федтой: уыцы æфсæдтимæ уыдысты мардтæ дæр.

Нæ дуджы тæккæ райдайæны цы географи фыст æрцыд, уым Страбон Каспийы денджызы тыххæй дзургæйæ бæлвырд кæны, мардтæ кæм цардысты, уыцы бынат. Ромаг историк Тацит (56 –117 азтæ нæ эрæйы), ромаг æфсæдты раздзæуæг Корбулон Сомихы бæстæм куыд бабырста, ууыл дзургæйæ зæгъы: «Корбулон мардты арæнты цур

куы фæцæйцыд йе `фсæдтимæ, уæд-иу мардтæ æвиппайды йæ разы февзæрдысты æмæ-иу схæцыдысты йемæ».

Александр Македонский Каспийы денджызы цур цæрæг мардты зæхмæ куыд бабырста æмæ кæрæдзийы ныхмæ куыд фесты, уый тыххæй фыста Диодор Сицилийский.

Нарты кадджытæ кæд равзæрдысты, уый тыххæй бæрæг бæлвырд ныхас зæгъын нырма зын у. Фæлæ уыдон, æвæццæгæн, нæ эрæйы размæ дугты фæзындысты. Нарты кадджыты æвдыст æрцыдысты, адæм ма хицæн мыггæгтæй куы цардысты, уыцы рæстæг – патриархаты дуг æмæ матриархатæй баззайгæ царды нысæнттæ. Абайты Васо афтæ зæгъы: «В отдельных своих частях «Сказания о Нартах» хранят следы весьма древних общественных отношений и мифологических воззрений».

Васойы ныхæстæм гæсгæ, зындгонд францусаг ахуыргонд Дюмезиль «проводит ряд новых остроумных параллелей и, в частности, дает опыт мифологического истолкования двух центральных фигур Нартовского эпоса Батрадза и Сослана. В первом он усматривает черты грозового божества, во втором – солнечного». Кадджыты тыххæй ныхасгæнгæйæ, æз æндæр хъуыды зæгъын. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ кадджыты фылдæр бынат ахсы мифологи нæ, фæлæ реализм. Нарты геройтæ сæ удыхъæд æмæ, цы архайынц, цы кусынц, уымæ гæсгæ тынг хæстæг лæууынц адæймагмæ, кæд сын сæ равзæрдмæ гæсгæ мифон характер ис, уæддæр. «*В цикле осетинской «народной поэзии,* – фыссы Д. Лавров*, – существует, например, целая группа сказаний, представляющих, с одной стороны – стороны повествовательной, так много оригинального и, так сказать, исторического, даже в мифологической измышленности, что они резко выделяются из общего типа подобных произведений народной поэзии. Так, события этих сказаний, со стороны хронологической и местностей, являются картинами, не расплывающимися в тумане неопределенных указаний, но настолько отчетливыми, что в общем они составляют как бы определенный период прошлой осетинской жизни*». (Д. Лавров. Заметки об Осетии и осетинах, СОМПК, вып. 3).

Нарты эпос адæмон эпос у. Адæмон у, зæгъгæ, æрмæст уый тыххæй нæ зæгъын, æмæ йæ адæм хорз кæй зонынц, бирæ йæ кæй уарзынц, æрмæст уымæн нæ, æмæ йе `взаг адæмон æвзаг у. Нарты эпос адæмон уымæн хуыйны, æмæ йæ геройтæ се `ппæт дæр сты адæмæй рацæугæ

æмæ адæмимæ æнгом баст. Нартæй алы лæг дæр, хъæру `мæ лæгдзинад кæмæ ис, уый йæхи мæт нæ кæны, йæхи пайдайæн нæ кусы, фæлæ æгас адæмы хорздзинадæн; зæххыл уымæн цæры, цæмæй йæ адæмæн кад æмæ цæсгом скæна. Нартæй иу дæр афтæ нæ зæгъы, мæнæ æз адæмæй уæлдæр дæн, уæлæхохыл уон, мæ дæлбар куыд уой адæм æмæ мын кад куыд кæной. Цы уа, уый – нартæн се `ппæтæн, кæд цæры, уæд уыдоны сæраппонд. Хорздзинадæй цыдæриддæр ис, цæргæ-цæрæнбонты адæм цæмæ бæллыдысты, ныфс æмæ сын хъару цы лæвæрдта кæддæриддæр, æнхъæлцау цæмæй уыдысты, цард фæхуыздæрæн сæ зæрдæтæ цæуыл дардтой – æппæт уыдон фидар бынат æрцахстой Нарты кадджыты.

Цæмæй нын зынаргъ сты Нарты кадджытæ? Нартмæ хорз миниуджытæ бирæ уыд. Ирон адæм-иу дзæгъæлы нæ дзырдтой: «нæртон лæг», «нæртон хорз», «нæртон хъæбатыр» æ. а. д. Нæртон, зæгъгæ, уый кæддæриддæр, раджы дæр æмæ ныр дæр тæккæ ахъаззагдæр эпитет уыд ирон æвзаджы. Кадджытæ `мæ таурæгътæм гæсгæ, Нартæ уыдысты хъæбатыр, лæгдзинадæй æххæст, сæ бæстыл цъиу атæхын дæр нæ уагътой. Стыр хъазуаты-иу бацыдысты знæгтимæ, æмæ-иу мæлæты сæр райстой, цæйнæфæлтау знаджы сæ зæхмæ бауадзой. Нарты `хсæн тæккæ лæгдæрæй æвдыст цæуы Батрадз. Батрадз амардта, Нарты хистæртæй иуы чи бафхæрдта, уыцы уæйыджы, Нарты знаг Хызы фырты фидар басаста. Хæсты-иу куы бацыдысты Нарт, уæд сын æрмæст иу нысан уыд – уæлахиз. Хъæбатыр æмæ `хсарджын уыдысты Нарт, фæлæ æнæрхъуыды митæ нæ кодтой. Знагимæ тохы Нартмæ тæккæ ахъаззагдæр хотыхыл нымад уыд лæджы зонд. Нарт стыр аргъ кодтой лæджы зондæн, æрхъуыдымæ дæсны чи уыд, уыцы лæгтæн. Райгуырæн бæстæ, хъæру æмæ `хсар, сæрибардзинад, зонд – æппæт уыдонæн Нарт сæ сæр нывондæн хастой; уыдон ахæм миниуджытæ сты, мах абон дæр æхсызгон чи хъæуы.

Цагъары цард кæныны бæсты – мæлæт. Нарт-иу сæ сæр дæлæмæ нæ уагътой, суанг хуыцауы раз дæр. «Нæ дуæртты уæлкъæсæртæ бæрзонд аразæм, кæннод нæ нæ сæр гуыбыр кæнын бахъæудзæн, æмæ уæд Хуыцау, мыййаг, афтæ куы банхъæла, æмæ уымæн кувæм», – дзырдтой Нарт.

Сæрызондæй дæр æмæ хъаруйæ дæр хъуамæ æххæст уа лæг. Æмæ цæргæ-цæрæнбонты уымæ тырныдтой Нарт. Уый уыд сæ бæллицты бæрзонддæр нысан. Нартæн се сæфт куы `рцыд, уæд, дам сæ Хуыцау бафарста: «Цы уæ фæнды, Нарт, фыдвæд, æви æвæд?».

Ӕмæ, зæгъы, Нарт æмдзыхæй загътой: «Фыдвæды бæсты нæ бынтондæр æвæд фæкæн, Хуыцау».

Зонд, лæджы зонд кæстæрæй хистæры сæрыл нæу, зæгъгæ, ахæм ныхас баззад, Нарты таурæгътæ чи æрымысыд, нæ уыцы рагон фыдæлтæй. Фæсивæдæй-иу исчи хъару æмæ зондæй тыхджындæр куы разынд, уæд ын-иу Нарт йæ размæ цæлхдуртæ не `вæрдтой, фæлæ, цæмæй йæ фæндагыл æнæкъуылымпыйæ цæуа, уый тыххæй йын аххуыс кодтой.

Нарт цардуарзаг уыдысты. Рæсугъд сæм каст цард, аргъ ын кодтой æмæ-иу мæлæтмæ бацыдысты йæ сæрыл. Сæ цард, сæ хъару, сæ лæгдзинæдтæ æмæ зондмæ гæсгæ Нарт хæстæг лæууынц зæронд бердзенаг эпосы геройтæм («Илиадæ» æмæ «Одиссея»). Знагимæ хæцын бахъуыди, зæгъгæ, уæд-иу сæ, тарст цы у, уый айрох, фæлæ иугæр хæст фæци, уæд та-иу цардæн йæ гуылфæнты анығъуылдысты.

Куывдтæ, кафын, симын, фат æмæ æрдынæй хъазт, дур æхсын æмæ алы æндæр хъæзтыты-иу æрвыстой уæд сæ рæстæг.

Нарты кадджыты ис дыууæ сæрмагонд миниуæджы: 1) иннæ адæмты эпосты ныхас цæуы иу сæйраг геройыл, кæнæ та хицæн геройтыл. Нарты эпосы геройтыл нымад сты адæм æппæтæй дæр – Нарты адæм. 2) Цы эпостæ зонæм, уым дзырд цæуы иу сæйраг хабарыл. Зæгъæм, «Илиадæ»-йы сæйрагдæр у Ахиллесы маст, «Одиссея»-йы ныхас цæуы «о том многоопытном муже, который, странствуя долго, многих народов города посетил и обычаи видел» æ. а. д. Нарты кадджыты хъуыддаг æндæрхуызон у. Ам цард, куыд алыхуызон у, афтæмæй æвдыст цæуы æнæхъæн æмæ æххæстæй.

Дунейы зынгæдæр эпосты ахсджиаг миниуджытæй се 'ппæтæй дæр хайджын сты Нарты кадджытæ. Зæгъæм, Ацæмæзы кадæджы ис, æрдз йæ зарынмæ кæмæн райхъал вæййы, уыцы Орфейы мотив, мæлæт ницы хъом у Батрадзæн (Ахиллес). Къорд кадæджы ссарæн ис эквиваленттæ «Тристан æмæ Изольдæ»-йæ (Келтаг эпос), «Одиссея»-йæ (иуцæстон уæйыг Полифем, мæрдты бæстæм балц), Апулейы «Золотой осел», зæгъгæ, уыцы уацмысæй (иуæй-иу геройты хуызы раив-баив). Стæй хаттæй-хатт афтæ хæстæг вæййынц кæрæдзимæ, æмæ æвæлтæрд чиныгкæсæг хъуамæ афтæ дæр банхъæла, зæгъгæ, ам, æвæццæгæн, Нарты кадджыты сюжеттæ уырдыгæй ист сты.

Нарты кадджытæн сæ композицийы тыххæй алыхуызон ныхас цæуы. Иутæ зæгъынц, зæгъгæ, кадджытæ хицæнтæ сты, æмæ сæ иу

сюжет саразын куы сфæнд кæнæм, уæд фехæлдзысты, æмæ сын аивадон æгъдауæй æппындæр ницыуал аргъ уыдзæн. Иннæтæ та афтæ зæгъæг сты, æмæ, дам, кадджыты ис иу, кæрæй-кæронмæ чи райхæлы, ахæм сюжет. Ацы фæстаг хъуыдыйы фарс дзурæг у Нарты генеалоги. Нарты рагон фыдæл уыд Борæты Уæрхæг (Уæрхæг уыд Куыристы мыггагæй).

Уæрхæгæн райгуырд дыууæ фырты: Æхсар æмæ Æхсæртæг. Дыууæ 'фсымæры дæр кæрæдзи цæрмыстыгъд бакодтой. Дыууæ дæр Æхсары бинойнаг Сасанайы-рæсугъды тыххæй фесæфтысты. Сасана йæ тиуы нал базыдта æмæ йемæ æмуат æрци. Уыйадыл рауад дыууæ 'фсымæрæн сæ хъаугъа.

Æхсæртæг æмæ Сасанайы-рæсугъдæй – дæтты бардуаг Донбеттыры чызгæй – райгуырдысты Уырызмæг æмæ Хæмыц.

Сасана æмæ Уæрхæгæй – Уырызмæг æмæ Хæмыцы фыдæй – та райгуырд Сыбæлц.

Сасана 'мæ Уастырджийæ, Сасанайы амарды фæстæ, зæппадзы райгуырд номдзыд Сатана.

Уырызмæг Сатанайы йæхицæн усæн æрхаста. Лæппу сын райгуырд æмæ йæ хæссынмæ уæларвон Сафамæ радтой. Хæмыц æрхаста ус Быцентæй. Быцентæ асæй хæрз чысыл уыдысты. Быценон Хæмыцæн йæ фæсонты ныффу кодта æмæ фæсонтæ рæсийын байдыдтой, Сатана йын йæ рæсыд куы акъæртт кодта, уæд дзы рагæпп кодта Батрадз – номдзыдты номдзыддæр.

Сатанайæн ма уæларвон Уастырджийæ райгуырд æндæр фырт Созырыхъо (Сослан). Сосланæн уыд дыууæ фырты Хъайтар æмæ Битар æ. а. д.

Фæлæ бæллæх уый мидæг и, æмæ, эпосæн йæ сæйраг геройты сгуыхтдзинæдтæ æвдыст кæм цæуынц, уый райдианы аскъуыйы уыцы æндах.

Зæгъын хъæуы эпосæн йæ формæйы тыххæй. Эпос у кадджытæ 'мæ таурæгъты хуызы. Кадджыты хуызы кæй уыд Нарты эпос, ууыл дзурæг у, рагæй-æрæгмæ дæр сæ заргæ кæй кæнынц, фæндырæй фæцæгъдынц, афтæмæй...

Нарты кадджытæ тынг æнгом баст сты ирон адæмы цардимæ. Исты диссаджы цау, исты хорз хъуыддаг алцы дæр ирон лæг хоны нæртон. Нæртон лæджы хуызæн уæвын – уый у ирон адæймагæн йæ бæллицты тæккæ бæрзонддæр нысан.

Нарты нæмттæ ныр дæр ма арæх сты Ирмæ. Зæгъæм: Уырызмæг,

Хæмыц, Батрадз, Сослан, Ацæмæз, Æхсар, Ацырухс (сылгоймаджы ном) æ. æнд. Йæ равзæрд Нартимæ чи бæтты, ахæм мыггæгтæ дæр ис. Зæгъæм: Хæмыцатæ, Æхсаратæ æмæ æнд. Ирыстоны ис, Нартимæ баст чи у, ахæм хъæутæ æмæ æндæр бынæтты нæмттæ: Нартыхъæу, Зилахар (Алагиры æдде иу ран).

Ис нæм æрмæст уыдон нæ, фæлæ хицæн нарты геройтимæ баст чи у, ахæм нæмттæ дæр. Куырттаты комы Лæцы ис – Нарты уæлмæрд, Нарты ныхас. Нары хъæуы ис Нарты Сосланы зæппадз. Ирыстоны зонынц мæнæ ахæм кувæндæттæ: Реком (Цъæйы комы), Мыкалыгабыртæ (Къасарагомы), Таранджелос (Мамысоны æфцæгыл). Ацы кувæндæттæ баст сты Нарты Батрадзы номимæ.

Нарты кадджытæ тынг стыр культурон хæзна сты. Бирæ сæдæ азты дæргъы ирон адæм уыдон цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой. Ирон адæм сæ дардтой сæ зæрдæйы тæккæ арфдæр æмæ сусæгдæр ран. Нарты кадджытæй уæд та иу-цалдæр скъуыддзаджы чи нæ зоны, æвæццæгæн, ахæм ирон лæг нæ разындзæн.

Нарты кадджытæн наукон æгъдауæй сæ ахадындзинад бирæ кæй у, уый фæдыл фыст бирæ `рцыди, стæй хорз æмæ лæмбынæг фыст. Æмæ æз ныртæккæ ууыл дзуринаг нæ дæн. Мæн фæнды зæгъын цалдæр ныхасы Нарты кадджытæн сæ аивдзинады тыххæй. Раст зæгъын хъæуы, уыцы фарст дæр ног нæу – арæх æрцæуы Нарты кадджытæн сæ аивдзинады кой дæр. Уæлдай хуыздæр, уæлдай лæмбынæгдæр уыцы фарсты фæдыл фыссы Абайты Васо. Фæлæ Абайы-фырт дæр уыцы фарст сæрмагондæй никуыма æрæвæрдта йæ разы æмæ уымæ гæсгæ Нарты кадджытæн сæ аивдзинады тыххæй кæрæй-кæронмæ бæстон ныхас нæма загъта. Бæстон ныхас, зæгъгæ, æз афтæ не `мбарын, æмæ, Нарты кадджытæн сæ аивдзинад циу, уый иууылдæр зæгъ. Нæ – уый тынг стыр хъуыддаг у, æмæ, æвæццæгæн, иу куысты мидæг иу лæгæн уый йæ къухы афтæ 'нцонтæй нæ батфтдзæни. Бæстон ныхас, зæгъгæ, уый æз афтæ `мбарын, æмæ сбæрæг кæн, æмткæй, цæй мидæг ис Нарты кадджытæн сæ аивдзинад, уый.

Аивдзинадæн йæ сæйрагдæр бæрæггæнæн у фæлгонц. Фæлгонц кæнæ фæлгонцтæ цас æххæстдæр уа (уой), уыйас уацмыс аивдзинадæй вæййы хуыздæр, бæрзонддæр.

Нарты кадджыты цы адæймæгты фæлгонцтæ ис, уыдон сты тынг æххæст, индивидуализацигонд æмæ монументон. Дыууæйæн дзы кæрæдзиимæ схæццæ кæнæн нæй: Уырызмæг у Уырызмæг, нæдæр

Хæмыцы хуызæн у, нæдæр Сосланы, кæнæ Сырдоны. Сатана у Сатана, нæдæр Агуындæйы хуызæн у, нæдæр Бедухайы.

Нарты кадджыты алы фæлгонцы дæр æвдыст цæуы хицæн миниуæг, кæнæ хицæн миниуджытæ.

***Уырызмæг*** – Нарты цытджын хистæр, зондджын, хиуылхæцгæ, Нарты 'хсæн фæлмæн, фæлмаст лæг. Ничи дзы фехъусдзæн зыст ныхас, тызмæг дзырд, сонт дзырд: бирæ чи фæхатт, æнæсгæрст къуым кæмæн нал баззад уыцы заманы дунейы, ахæм фенæг лæг; йæ зонд Нарты адæмæн хæлæг чи нæ кæны, Нарт Нарт уой, дæлдæр макæмæй уой тыхæй дæр æмæ æгъдауæй дæр, кадæй дæр æмæ радæй дæр, зæгъгæ, ууыл лæуд чи у; Нарты адæм кæмæ хъусынц – нæлгоймагæй, сылгоймагæй, стырæй, чысылæй, кад кæмæн кæнынц, æгъдау кæмæн дæттынц, ахæм зæронд лæг; хъуыддагыл лæмбынæг чи ахъуыды кæны, сайд кæуыл нæ цæуы, Нартмæ худинаг чи нæ уадзы йæ зонды фæрцы, йæ ном дардыл хъуыст кæмæн у, уыцы Уырызмæг; йæ кæрдзындæттоны тыххæй æрдхæрæнæн чи баззад, Нарты кæрæдзимæ æнгом кæныны хъуыддаг йæ зонд æмæ йæ туджы арф бынат кæмæн ахсы, бинонты рæвдауæг, бинонтæм фæлмæн ныхасгæнæг чи у, уыцы Уырызмæг; Нарты знæгты ныхмæ фидарæй чи хæцы, Нарты адæмы разæй йæхи уды кой, йæхи бинонты кой чи нæ кæны, уыцы Уырызмæг.

Уырызмæджы фæлгонц афтæ хорз æвдыст цæуы кадджыты, æмæ Уырызмæг, зæгъгæ, куы фехъусы, Нарты кадджытæ хорз чи зоны, уый, уæд йæ цæстыты раз æрбалæууы урсзачъе бæрзонд, уæнгджын, зондджын, хæрзæхсæст номдзыд зæронд лæг, йæ тинты кæрц йæ уæхсчытыл, йæ цирхъ йæ фарсыл, йæ пылыстæг лæдзæг йæ къухы, афтмæй, Нарты цытджын ныхасы Нарты адæмæн зæлдагуадзæгау фæлмæн хъæлæсæй арф, зонды ныхас чи кæны, ахæм зæронд лæг; йæ барæвзæрст – Нарты Сатанаимæ йе 'ргъæу уæтты чи бады, дзаг фынг йæ разы, афтæмæй, æмæ Нарты адæмы царды уаг раст æвæрд уа, зæгъгæ, уыцы ныхас чи кæны.

***Хæмыц*** – Уырызмæджы кæстæр æфсымæр, кæстæр канд гуырдæй нæ, фæлæ зондæй дæр, хъаруйæ дæр æмæ 'гъдауæй дæр. Ис ахæм ирон æмбисонд: «Хъулæттæ иу мады хуылфæй дæр цæуы». Уырызмæг æмæ Хæмыцы ‘хсæн æмхуызондзинадæй ницы ис. Ирон царды-иу æфсымæртæй иу рауади «магусайæ цæлуарзаг». Хæмыц дæр у раст ахæм. Чындзæхсæвтыл зилын, бахæрын, баназын, рæстæг хъæлдзæгæй арвитын, сылваз митæ кæнын –уыдон сты Хæмыцы бæрæггæнæнтæ.

«Хæмыцы рихи», «архъызы дæндаг» – уыцы дзырдтæй бæрæг кæнынц Хæмыцæн йæ сурæт дæр æмæ йæ миниуджытæ дæр. Нарты ныхасы Нартæй чи хуыздæр у, зæгъгæ, ууыл ныхас куы цыди, уæд Нарты адæм сæхæдæг тынг хорз равдыстой Хæмыцы сурæт.

***Сослан*** – Нарты «нæрæмон». Сослан – æндон, хъæбатыр, æнæхатыр нæртон гуырд. Йæ хъæбатырдзинад, йæ тых, йæ хъару кæм нал фæфаг кæнынц, уым хиндзинадæй скæны йæхицæн хотых. Знагыл фæуæлахиз уæвыны сæраппонд Сослан пайда кæны алы мадзæлттæй дæр. Хæрзконд, æвзыгъд, æрхъæцмæ нæ хъæцы, йе 'знагыл цалынмæ фæуæлахиз уа, уалынмæ æрæнцой нæ зоны, йæхицæн бынат нæ ары, ахæм у Сослан. Алцæмæ дæр ныфсхæссæг, æмæ йæ фыр ныфсхастæй хаттæй-хатт цъысымы дæр бахауы, фæлæ уæддæр йæ амонд фæуæлахиз вæййы («Сослан æмæ Гуымаг лæг», «Сослан – тыхагур» æ. а. д.).

***Батрадз*** – Нартæн сæ тæккæ хъаруджындæр, æппындæр аипп кæмæ нæ арынц Нарт, уыцы болат Батрадз. Лæгæй-лæгмæ æргом чи цæуы знаджы ныхмæ, хиндзинадæй мисхалы бæрц дæр кæмæ нæ хæццæ кæны, Нарт се 'хсæн хуыздæрæн кæй равзæрстой, уый. Сослан æмæ Батрадз кæд дыууæйæ дæр æндон гуырдтæ сты, кæд сæ дыууæйæн дæр сæ хъæбатырдзинадæн кæрон нæй, уæддæр сты хицæн фæлгонцтæ; сæ сурæтты дæр æмæ сæ удыхъæдты дæр иудзинадæй ницы ис. Батрадзæн тыхгæнæг тых никуы ссардта. Батрадз Сосланау цъысымы никуы бахауд. Раст, æнæхин, æнæкæлæн.

***Сырдон*** – «Арвы хин æмæ зæххы кæлæн», «Нарты фыдбылыз Гæтæджы фырт гæды Сырдон» – ахæм ныхæстæй бæрæггонд цæуы кадджыты Сырдон. Бирæ ныхас цæуы Сырдоны фæлгонцы алфамбылай. Чи йæ куыд æмбары, чи куыд. Æз дæр зæгъын мæ ныхас. Нарты кадджыты геройтæй алкæцы дæр у хицæн миниуджыты хицау, хицæн идейæ æвдыст кæм цæуы, ахæм. Сырдон у фыддзинад (зло) хæссæг. Адæймаджы хорз миниуджытæ, царды хорздзинæдтæ сæхицæн бынат ссардтой Уырызмæг, Сослан, Батрадз, Сатана, Бедуха, Акула, Агуындæ æмæ иннæты фæлгонцты. Фыддзинад та æвдыст цæуы Сырдоны фæлгонцы. Сырдон у демоны фыдминиуджытæ хæссæг фæлгонц. Лермонтов цæйау загъта: «Собранье зол – его стихия!» Нарты 'хсæн фыдбылызæй цыдæриддæр цыд, уыдон цыдысты Сырдоны аххосæй. Хæмыц, Сослан, Батрадз – уыдон бабын ысты Сырдоны фыдæй. Кæд

хаттæй-хатт Сырдон æвдыст цæуы, юмор йæхицæн бынат кæм ссардта, ахæм фæлгонцы хуызы, уæд уый тыххæй æз афтæ зæгъинаг дæн: юморы элементтæ Сырдоны фæлгонцмæ хаст æрцыдысты фæстæдæр рæстæджы. Раздæр Нарты кадджыты, æвæццæгæн, уыди дыууæ фæлгонцы: иу – Сырдон – фыддзинадхæссæг, уæлдæр куыд загътон, афтæ, иннæ та –юморхæссæг. Уыцы дыууæ фæлгонцы баиу сты фæстæдæр дугты, фæлæ уыцы иугонд фæлгонцы сæйрагдæр бынат æрцахста фыддзинад (зло). «Сырдон Нартæн хорздзинæдтæ кодта», – афтæ фæзæгъынц бирæтæ, æмæ æркæнынц, Сырдон Нартæн фæндыр куыд балæвар кодта, уый кой. Сырдон фæндыр кæй сарæзта æмæ йæ Нартæн кæй балæвар кодта, уый, æнæмæнг, хорздзинад у, стыр хорздзинад. Фæлæ уый цæмæн рауад? Сырдон Нартæн фæкодта æнæкæрон æмæ æнæбын фыдбылызтæ, фæлæ фæстагмæ йæ фыдбылызтæ йæхиуыл æрзылдысты – Хæмыцы хъуг адавта, æмæ йын Хæмыц, уый фыдæнæн, йæ бинонты аргæвста æмæ сæ аджы бафтыдта, Хæмыцæн йæ хъуджы фыдтæ цы аджы фыхтысты. уыцы аджы. Сырдон уый куы федта, уæд йæхимæ 'ркаст, бамбæрста, фыддзинад цы ад кæны, уый, æмæ 'рфæсмон кодта.

Трагедийæ равзæрди музыкæ! Уый у стыр хъуыдыдзинад Нарты кадджыты. Сырдон, цæмæй йæ фыддзинæдтæ барст æрцæуой, уый тыххæй бацыд Нарты ныхасмæ 'мæ зæгъы: «Ай уын мæ лæвар, Нарт, æмæ мæ уемæ цæрын уадзут». Нарт сразы сты.

Демон фыддзинæдтæ фæкодта, фæлæ фæстагмæ схъыг и фыддзинæдтæ кæнынæй. «И зло наскучило ему». Фæфæсмон кодта:

*«Хочу я с небом примириться.*
*Хочу любить, хочу молиться.*
*Хочу я веровать добру».*

*(Лермонтов)*

Сырдон фæндыр кæй æрхъуыды кодта 'мæ йæ Нартæн кæй радта, уый у стыр хъуыды Нарты эпосы: царды ис фыддзинад, фæлæ цасфæнды ахæсса уыцы фыддзинады дуг, уæддæр æй рæстдзинад басæтдзæн: Сырдон – фыддзинад – бирæ фыдбылызтæ фæкодта Нартæн, фæлæ йæ фыдбылызтæ фæстагмæ йæхи сæрыл æртыхстысты, æмæ фæсмон кодта, æмæ сæргуыбырæй фидыд æркуырдта Нартæй. Нарт фыддзинадыл фæуæлахиз сты!

***Ацæмæз, Маргъуыц, Сæууай, Арæхдзау, Сыбæлц æмæ иннæтæ*** –уыдон се 'ппæт дæр сты хицæн фæлгонцтæ, æххæст æмæ индивидуализацигонд.

Афтæ 'ххæст сты Нарты кадджыты сылгоймæгты хуызтæ-фæлгонцтæ дæр. Сатанайы тыххæй бирæ 'рцыди фыст æмæ сæм æз ницы бафтауинаг дæн. Фæлæ зæгъын Акула æмæ Бедухайы тыххæй.

***Акула*** – авд æфсымæры иунæг хо, арвы рухс æмæ зæххы фидауц. Нарты гуыппырсартæ бæллынц йæ уындмæ, фæлæ уый сæ къухы не 'фты. Зæронд Уырызмæгæн бантыст Акулайы рæсугъды Нарты симдмæ æркæнын. «Мемæ расим! Мемæ расим!», зæгъгæ, йæм Нарты гуыппырсартæ радыгай цæуынц, фæлæ дзы Акула кæмæ цы фау æрхæссы, кæмæ цы фау. Фæстагмæ йæм бацыд Батрадз. Уымæ ницы аипп ары Акула-рæсугъд, фæлæ йын йæ разы æвæры хæс: Нарты хистæртæй иуы, Уон зæгъгæ, йæ ном – уый ахаста Хъæндзæргæс-уæйыг; кæд Батрадз Уоны Хъæндзæргæсы уацарæй ракæна, уæд Акула сразы уыдзæн Батрадзимæ канд расимынил нæ, фæлæ йæ цард бабæттынил дæр.

Батрадз ацыд, Хъæндзæргæсы амардта æмæ Уоны æркодта Нарты бæстæм. Акула йæ ныхас нал фæсайдта.

Нарты адæмы 'хсæн куыннæ уыд, æвзонг чызджы зæрдæмæ чи фæцыдаид, ахæм гуырдтæ. Чи цы загътаид уынд æмæ кондæй дурæй гуырд Сосланæй, кæнæ Къандзы фырт хæрзконд Сæууайæ! Фæлæ Акула-рæсугъд йæхицæн къайæн равзæрста саудзагъд, къуыпных æмæ хорадзаст болат Батрадзы.

***Бедуха*** – Сосланы ус. Дуне-дзыллæйы эпосты бирæ ис, йæ лæгыл иузæрдион чи уыд, ахæм сылгоймæгты фæлгонцтæ. Уыдон æхсæн Бедухайы фæлгонц йæхимæ æркæсын кæндзæн Беатричейы фæлгонцау. Сослан мæрдты бæстæм куы бафтыд Аза-бæласы сыфтæ агурæг, уæд уым фембæлд йæ мард ус Бедухайыл. Сослан æй фæфæрстытæ кодта, мæрдты бæсты цы диссæгтæ федта, уыдонæй. Бедуха йын дзуаппытæ фæлæвæрдта. Уæд æй Сослан фæстагмæ фæрсы:

– Ардæм куы æрбацыдтæн, уæд дæ сæр дæ гуырыл цæуыннæ уыд? Уый та цы диссаг у?

– Æмæ уый та куыннæ зоныс? – загъта Бедуха. – Мæ сæр æдзухдæр демæ вæййы. Æз дын ардыгæй бирæ æхxуыс кæнын. Ардæм куы сфæнд кодтай, уæддæр дын фæндæгтæ мæ руаджы суæгъд сты. Ды дард балцы куы вæййыс æмæ дæ сæрмæ сау асæст куы фæцæуы, уæд

дын уый дæр æз вæййын, цæмæй хурæй ма фæлмæцай. Хæсты куы вæййыс, уæд демæ чи фæхæцы, уыдонæн сæ сæрмæ тыгъдызæй куы ныллæууы, уæд уый дæр æз вæййын, де 'фсæдтæ кæд фæтыхджын уаиккой, зæгъгæ.

Ирд, хæдуагъд, аивдзинадæй æххæст, хæццæмæ чи нæ комы – ахæм сты, Нарты кадджыты цы адæймæгты фæлгонцтæ ис, уыдон. Нарты кадджыты 'хсæн иу дæр ахæм нæй, æмæ йæ сюжет зæрдæмæ кæмæн нæ фæцæуа, диссаг чи нæ уа. Хицæн кадæгмæ хъусгæйæ, адæймаг ахæм уавæры бафты, æмæ, цалынмæ кадæг йæ кæронмæ ахæццæ уа, уæдмæ йæ кадæггæнæджы цурæй ацæуын нал æмæ нал фæфæнды. Цымæ куыд уыдзæн, цымæ цæуыл ахицæн уыдзæн, зæгъгæ, ахæм дисы бафты адæймаг. Кадæгмæ хъусгæйæ, лæгæн йæ бар йæхи нал вæййы: кадæджы сюжет æй йæхимæ ласы. Мæнæ калм хæфсмæ куы ныккæсы, æмæ хæфсæн йæ бон куыд ницыуал вæййы æмæ калмы дзыхмæ куыд бацæуы, раст афтæ вæййы адæймаджы хъуыддаг дæр Нарты кадджытæм хъусгæйæ. Нарты кадджытæй алы кадæг дæр, хицæнæй райсгæйæ, у сæрмагонд æххæст уацмыс, сюжеты элементтæ –райдиан, архайды нывæзт, кульминаци æмæ кæронбæттæн кæм ис, ахæм.

Нарты кадджыты сюжеттæ сты алыхуызон. Нарты кадджыты сюжеттæн се 'стыр миниуджытæй иу у уый, æмæ дзы тынг бирæ ис, æгас дунейы зынгæдæр эпосты æмæ поэтикон уацмысты цы диссаг, æгасдунейон элементтæ ис, ахæмтæ. Зæгъæм: Уырызмæг æмæ Сохъыр уæйыг – Одиссей æмæ Полифем; Сослан æмæ Хызы фырт – Ахиллес æмæ Гектор; Уырызмæг æмæ Сатана Нарты куыд хуыдтой – Калевалæйы чындзæхсæвмæ куыд хонынц; Сослан мæрдты бæсты – Данте, «Божественная комедия», Нарты сау рувасдзармы кадæджы Уырызмæджы æмбисонд – Апулей, «Сыгъзæрин хæрæг», Ацæмæз – Орфей, кæнæ Вейнемейнен æ. а. д. Нарты кадджыты ис бирæ æгасдунейон мотивтæ: Батрадз у æндон, йæ тъангæй фæстæмæ, Сослан у æндон, йæ уæрджыты сæртæй фæстæмæ – Ахиллесы зæвæт; Уырызмæгæн йæ зæнæг йæхи къухæй бацыдысты мæрдтæм – Кронос хæры йæ цоты; Батрадз зæххы æмуæз дзæкъул исы – Микула Селянинович – «Тяга земли» æ. а. д.

Нарты кадджытæ сты æххæст композицион æгъдауæй. Алы кадæгæн дæр йæ хицæн хæйттæ кæрæдзиимæ баст сты, куыд æмбæлы, афтæ, алцы дæр дзы ис, аивады домæнтæм гæсгæ йын цы бынаты

уæвын æмбæлы, уыцы бынаты. Æмæ йæ уыцы бынатæй куы фæиртæсын чындæуа, уæд кадæгæн йæ аивдзинад фехæлдзæн. Афтæ у алы аивадон уацмысы, æххæст уацмысы хъуыддаг дæр. Зæгъæм, Къостайы уацмыс «Сидзæргæс»-ы иу строфайæн йæ бынат аивгæйæ, уацмыс æппæтæй дæр фехæлдзæн, строфа нæ, фæлæ дзы дыууæ стихы кæрæдзи бынæттæм куы ахæссай, уæддæр рауайдзæн афтæ. Лæмæгъ уацмысты хъуыддаг афтæ нæу: уыдоны ис ивдтытæ гæнæн – уый у сæ лæмæгъдзинадæн йæ тæккæ сæйрагдæр бæрæггæнæн. Нарты кадджытæй алы кадæг дæр у хæдуагъд: нæй дзы исты аппарæн, нæй йæм исты бафтауæн. Хуымæтæг, æнцон æмбарæн æмæ рæсугъд – уый у Нарты кадджытæн сæ композицийы бæрæггæнæн.

Нарты кадджыты мидæг архайджыты миниуджытæ бæрæггонд цæуынц дзыхы дзырдтæй нæ, фæлæ архайдæй. «Батрадз хъæбатыр у», «Батрадз раст лæг у», «Батрадз хиуылхæцгæ у», зæгъгæ, ахæм бынат никуы ис Нарты кадджыты. Батрадзæн уыцы миниуджытæ æвдыст цæуынц йæ миты, йæ хъуыддæгты. Афтæ иннæты миниуджытæ дæр. Æмткæй зæгъын хъæуы уый, æмæ Нарты кадджыты сæйраг бынат ахсы архайд, ныхæсты фæрцы нæ, фæлæ архайды фæрцы æвдыст цæуынц цаутæ. Архайд цæуы тагъд, хохæй хохмæ къахдзæфгæнæгау. Нарты кадджытæн се 'взаджы хицæндзинад у уый, æмæ дзы ныхас даргъ нæу, фæлæ цыбыр æмæ сыгъдæг. Цыма æнæвдæлон уыдысты кадджытæн се 'рымысджытæ, уый хуызæн лыстæгдзинæдты кой нæ кæнынц. Хаттæй-хатт ныхас дæр йæ кæронмæ нал ахæццæ кæнынц – уый сæр нал фæхъæуы, уымæн æмæ архайдæн йæхицæй бæрæг вæййы, цы уыд æмæ цы уыдзæн, уый. Цæвиттон, афтæ у: сæ дзырдтæн – уынгæг, хъуыдытæн уæрæх».

Литературæ æмæ фолклорæн се 'рмæг у дзырд. Кæй зæгъын æй хъæуы, æрмæг цас хуыздæр уа, уыйас, æрмæгæй цы арæзт цæуы, уый дæр хуыздæр вæййы. Нарты кадджытæн се 'взагæн æмбал нæй: хъæздыг æмæ сыгъдæг, цыргъ æмæ æнцонæмбарæн, нывæфтыд æмæ ахорæнджын. Фæлæ иу хъуыддаг ис: нывæфтыд æмæ ахорæнджын дзырдтыл тынг рæдау не 'сты. Нарты кадджытæ – дæттынц сæ бæрцæй, æмæ уымæ гæсгæ, сæ ахадындзинад кæны тынг бирæ. Йæ дзыккутæ тоны Дзерассæ, йæ рустæ рæдувы, хъарæг кæны, æмæ йæ хъарæгæй арауынц хæхтæ; сырдтæ дæр ныхъхъус сты арф хъыгæй; згъалы хъарм цæстысыгтæ Дзерассæ дыууæ æфсымæрыл. Сæ астæу сбадти æмæ æмбисæхсæвмæ фæкуыдта Æхсары мардыл, æмбисæхсæвæй

бонмæ та – Æхсæртæджы мардыл. Йæ тæригъæдæй мæрдты сæрмæ сбадти кæуындзаст сау мылазон мигъы сыг.

«Ныр сын цы ми кæнон: уадзгæ сæ кæнон, æмæ сын сæ хъамбул уæрджытæ, сæ цæхæр цæстытæ æмæ сæ сырх уадултæ сынтытæ æмæ рувæстæн хæрынмæ куыд ныууадзон, æвæргæ сæ кæнон, æмæ сын цы мадзал ссарон?» – зæгъы йæхицæн Дзерассæ.

Уыцы афон Уастырджи ратахт йе 'ртæкъахыг бæхыл... æмæ Дзерассæйы уæлхъус алæууыд æмæ йын зæгъы:

– Уæ, хурты хур æмæ арвы фидауц, уæ, мæ рухс дуне æмæ бæсты рæсугъд! («Æхсар æмæ Æхсæртæджы мæлæт»).

Нывæфтыд ныхæстæ, эпитеттæ, куыд загътон, афтæ, арæх не сты Нарты кадджыты, фæлæ дзы цы ис, уый æгъгъæд у: бæрцæй цы нæ уа, уым кад нæй, уым уæз нæй, уый цæсты нæ ахады. Нарты кадджыты нывæфтыд ныхæстæ, эпитеттæ, барæнтæ, метафорæтæ æмæ æндæр ахæмтæ сты сæ бынæтты, æмæ, арæх кæд не сты, уæддæр сæ ахадындзинад у тынг æмæ тынг бирæ.

Нарты кадджыты æвзаг синтаксисы 'рдыгæй дæр у иттæг хорз – хуымæтæг, лæгъз, æнцон.

Гъе, цæуыл æрдзырдтон, уыдон сты, æз куыд æмбарын, афтæмæй, æмткæй, Нарты кадджытæн сæ аивдзинадæн йæ сæйрагдæр æууæлтæ. Уыдонæй алкæцыйы тыххæй дæр ис бирæ зæгъæн, уыцы фарстатæй алы фарстыл дæр ис лæмбынæгдæр æрдзурæн...

Нарты кадджытæн сæ аивдзинад хъуамæ зына ирон литературæйыл. Цæмæй афтæ рауайа, уый тыххæй ирон фысджыты бамбарын хъæуы Нарты кадджыты аивдзинады сæйраг æмæ бындурон æууæлтæ. Нарты кадджытæй хицæн дзырдтæ исын, хицæн нæмттæ, эпитеттæ, барæнтæ, метафорæтæ исын, – уый æгъгъæд нæу, чи зоны æмæ пайда дæр не 'рхæсдзæн. Базонын, бамбарын хъæуы кадджытæн се 'взаджы хицæндзинæдтæ кæрæй-кæронмæ æмæ сæ пайда кæнын хъæуы афтæмæй.

*ДЗАНАЙТЫ Иваны разныхас*
*Нарты кадджыты*
*дыккаг рауагъдмæ, 1975 аз*

# НАРТЫ ÆМБИСÆНДТÆЙ

Нарт æрвон зынгæй равзæрдысты.
Далæ быдыры – гутонджынтæ, Нарты Уырызмæг – сæ гутондар!
Саг Нартæн – адæг ласынæн.
Царциаты Суа æмæ Нарты Уырызмæгау рæдау.
Ацæмæзы хуынд æмæ дæ Агуындæйы лæвар баййафæд!
Уазæг нæртон лæгмæ цæуы.
Нæртон фысым тынгæрфыг вæййы.
Хорз æфсин Сатана, Нартæн зонд чи амыдта, йæ дыууадæс къæбицы хæрд æмæ нозтæй дзаг кæмæн уыдысты.
Сатанайы цонгæй æнтыд фæу!
Се 'нтауæг – Сатана, сæ кувæг – Уырызмæг!
Сæ бæгæны – Сатанайы фых.
Нартæн æрдхæрæны куывд тыхæвзарæн æмæ æууæнкæн уыди.
Майрæмбон – Нартæн сæ кувæн бон.
Нарты Уырызмæг зæгъ – æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ – æмæ бæркад цæуа.
Нарт гуыбыныл мард нæ уыдысты.
Нарт Нарт уæд уыдысты, 'мæ ронгæй сæ бæрц куы зыдтой.
Нартæн сæ арм арм уыди, сæ рард та кад уыди.
Нарт æххуысæн æххуыс уыдысты, хæстæн – хæст.
Нарты ныхас лæгты ныхас уыд.
Нартау æмвæнд – уæларвмæ фæд.
Нартæн сæ дзыхы ныхасы курдиат уыди.
Цыппæрæм – Нартæн уынаффæйы бон.
Нарт се 'взæрты зондæй нæ фарстой.
Нарты сæ зонд нæ сæфта.
Нарт сæ дзырд нæ сайдтой.
Нартæн сæ дзырд фæсайынæй се ‘ндон сау æфсæйнаг кодта.
Нарт æппæлд адæм уыдысты.
Нарт кадыл мæлæг уыдысты.
Нарт фынæй лæг амарын сæ сæрмæ нæ хастой.
Нартау иугъæдон.
Нартау æргом æмæ растзæрдæ.

Нарт сæхимæ дæр æнцад æрбадын нæ зыдтой: куы сæм-иу фатæвзарæн уыд, куы кардфæлварæн.
Нарты ном æхсарæн баззад.
Майрæмбон Нартæн сæ хæцæн бон уыд.
Нартыл фыддæрæй-фыддæртæ сæмбæлд, фæлæ сыл ничи фæтых и.
Нæртон лæг æхсары бын оффытæ нæ кæны.
Нæртон туг зилы йæ тугдадзинты.
Æхсæртæггатæ цыбыр мыггагæй хæрзхъæд æмæ сгуыхт уыдысты.
Уадзæн Æхсæртæггатæ загъдæуы.
Æхсæртæггатæ Йелиайау иудзæфон сты.
Арв Батырадзæй нæрын нæ уæндыд.
Уадзæн Сослан фæзæгъынц.
Нарт фаты фындзмæ сæхи дардтой, карды коммæ – сæ бæрзæй.
Нарт цæмæй Нарт уыдысты? – Тых æмæ хъаруйæ, зонд æмæ 'хсарæй.
Нарт дæр æмдыхæй архайдтой.
Нарт сæркъулæй нæ цыдысты.
Нарт дзуæрттæн дæр нæ барстой.
Фыдвæды бæсты – æвæд!
Нартæн се 'рвон зынг раджы ахуыссыд семæ.

*Æрæмбырд сæ кодта Гуытъиаты Хъазыбег.*



# НАРТЫ САУ РУВАСДЗАРМ

*Кадæг*

Нарты Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сослан цуаны рацыдысты. Ацæ сæ хæрæфырт уыди, æмæ йæ семæ скъæрæг ракодтой. Сау бон изæрмæ æртæ æфсымæрæй куы иу бабады рындзыл, куы иннæ. Изæрырдæм куы уыдис, уæд та Ацæ раскъæрдта рувас.

Уырызмæг, Сослан æмæ Хæмыц æмæхст фæкодтой, æмæ рувас расхъиудта æмæ фæтымбыл ис.

Иу иннæмæ дзуры: æз æй амардтон; иннæ дæр зæгъы: æз æй амардтон. Уæд сын Сослан загъта:

–- Ныр сымах дзурдзыстут, æз æй амардтон, æз æй амардтон, зæгъгæ, кæд, мыййаг, æхсгæ дæр нæ фæкодтат, уæддæр!

Æмæ йын Уырызмæг æмæ Хæмыц афтæ зæгъынц:

– Ау, æмæ нæ фæттæ бæрæг нæ уыдзысты?!

– Мæнæн нæ фыдæлты джиппы уагъд уыд, – загъта сын дзуаппæн Сослан.

– Мæнæн та мæхи къухæй конд уыди, мæ уырзтæй кæй фæцарæзтон, ахæм, – зæгъы Уырызмæг.

– Æз та Сафайы цур бадтæн æмæ кастæн, æфсæйнæгтæ куыд лыгтæ кодта, уымæ. Æфсæйнæгтæн сæ кæрæттæй скæнын кодтон мæхицæн фат, – зæгъы Хæмыц.

Ссыдысты рувасмæ, бастыгътой йын йæ царм æмæ йæм æркастысты: Уырызмæджы фат ын йæ бæрзæй асаста, Хæмыцы фат йæ син, Сосланы фат та йын асаста йæ астæу.

Хæмыц загъта:

— Æз, хъох-дæндаг Хæмыц, Нартæн æмбисонд дæн, æмæ ацы рувасдзармæй кæрц скæнын мæныл æмбæлы.

Сослан загъта:

— Ау, æмæ уæд Нарты Сосланыл цæуылнæ æмбæлы?

Уырызмæг загъта:

– Мæныл æмбæлы.

Афтæ нæ фидыдтой æртæ 'фсымæры æмæ кæрæдзимæ бауырдыг сты.

Ацæ зæгъы йæхинымæры: «Хуыцау мæ бабын кодта, – мæ мадыфсымæртæ фыдбылызы хауынц».

Куы сын старсти, уæд фæхъæддых кодта йæхи æмæ сæм дзуры:

– Уæ кæстæр дæн, фæлæ уæм уæндын. Цæй, æмæ афтæ бакæнут: æмбисæндтæ 'рхæссут, æмæ уæ кæй æмбисонд хуыздæр уа, рувасдзарм уый фæуæд.

Сразы сты æфсымæртæ æмæ фæрсынц Ацæйы:

– Æмæ кæстæрæй райдайæм æви хистæрæй?

Уый сын загъта:

– Раздæр астæуккаг радзурæд, стæй кæстæр, уый фæстæ та хистæр.

Æмæ Хæмыц райдыдта дзурын:

– Æз æмбисæндтæ федтон, диссæгтæ федтон – се 'ппæт нæ фæдзурдзынæн. Ахар-калачы кæфтæ 'лхæнынмæ уыдтæн ме 'мцек лæппуимæ, æмæ иу ран иу суадонмæ æрцыдыстæм. Лæппумæ дзурын: «Æз иучысыл ахуыссон, ды уæрдонæй иу хус кæсаг райс æмæ йæ доны ахуылыдз кæн, æмæ куы бафæлмæн уа, уæд мæ-иу сыхъал кæн, – исты ахæрæм æмæ нæ фæндаг дарæм дарддæр». Уыйадыл æз афынæй дæн. Лæппу кæсаг райста æмæ йæ доны æрæвæрдта. Уадидæгæн мæ фехъал кодта: «Хæмыц, кæсаг суадоны ныцъцъыллинг ласта æмæ афардæг ис».

«Бахордтай йæ, æмæ дын хæлар уæд, – искуыма хус кæсаг ныцъцъыллинг ласы?» – æндæр ын цы загътаин.

Хуыцауæй, зæххæй ард хæры лæппу, кæй йын алыгъди, ууыл.

Æгæр хъæддых мæм куы ныллæууыд, уæд ын æз зæгъын: «Ды лæппу куы дæ, уæд кæмæй хынджылæг кæныс?» Фæмæсты дæн æмæ йæ кардæй ныцъцъыкк ластон æмæ йæ дыууæ дихы фæкодтон.

Лæппу фæмард ис уыцы ран. Æз кæуын, дзыназын: «Мæ кæстæры мæ гуыбыны фыдæй амардтон. Ныр ма Нартмæ цы цæсгомæй ныццæудзынæн, мæ дзыллæмæ, мæ хъæумæ ма цы цæсгом равдисдзынæн?! Йарæби, уæдæ, куы бавзарин æз дæр». Æмæ йæ доны цæвæрдтон... Йæ мад æй куыд ныййардта, афтæ дзыхъхъынногæй рауади лæппу донæй. «Цымæ ма абонæй фæстæмæ æз Хуыцауæй дзæбæхдзинад бацагурдзынæн: ай мын æгъгъæд хорздзинад нæу?!» – загътон мæхицæн. Фыр цинæн нæ хæдзармæ заргæ-заргæ, худгæ-худгæ æрфардæг стæм. Æз уымæй æмбисонддæр ницы федтон, – загъта Хæмыц.

– Йа, Сослан, ныр дæ рад у, – дзуры йæм Ацæ.

– Æз дæр æмбисæндтæ куыннæ федтон, диссæгтæ куыннæ федтон, фæлæ се 'ппæт кæм фæдзурдзынæн. Æз дæр иу кæстæримæ Зилахары быдыры цуаны уыдтæн, æмæ иу сæгуыт амардтам. Иу обауы рæбын-

мæ æрбацыдыстæм, – æрбахастам æй уырдæм. Уæхстыл дзы физонæг бакодтам. Лæппуйæн загътон: «Æз иучысыл ахуыссон, ды арт бацырын кæ, физонæг куы бацæттæ уа, уæд мæ-иу райхъал кæн – исты ахæрæм æмæ нæ фæндагыл цæуæм дарддæр».

Уалынмæ мæ лæппу сыхъал кодта. «Сæгуыт райгас и, – физонæг дæр артыл нал ис, – æмæ фæлидзы», – загъта лæппу.

«Лæппу, физонæг, æвæццæгæн, хæргæ бакодтай, сæгуытæн йе 'ннæ та искæмæн радтай – ам фæндагыл цæуджытæй фылдæр цы ис, – уый йедтæмæ уый та цы ныхас у!» – зæгъын лæппуйæн.

«Хуыцау æмæ зæхх ме 'вдисæн, ницы бахордтон, ницы федтон, искæмæн дæр ницы радтон, – алыгъди мын», – дзуры лæппу.

Ууыл æз фæмæсты дæн æмæ кард фелвæстон æмæ йæ ныцъцъыкк ластон æмæ йæ дыууæ фæкодтон, хынджылæг мæ кæныс, зæгъгæ.

Лæппу уым фæмард и. Кæуын байдыдтон, æрдиаг, сæгъæс, мæ гуыбыны фыдæй мæ кæстæры амардтон, зæгъгæ.

Цымæ æцæг уыдаид, зæгъгæ, лæппуйы систон æмæ йæ уæхстыл бакодтон, куыд алыгъдаид, уый фæлваргæйæ. Арт бацырындæр кодтон æмæ лæппуйы уæхстыл артмæ дарын... Йæ мад æй куыд ныййардта, афтæ дзыхъхъынногæй рауади æмæ мæнæй рахъаст кодта: «Цæмæн мæ райгас кодтай, æз мæрдты бæсты дæ усимæ симдтон, æмæ мæ нæ бауагътай».

Уымæ байхъусгæйæ, æз дæр кард мæ зæрдæсæры фæцавтон æмæ амардтæн. Кæсын, æмæ æцæг мæрдты бæсты симынц. Æз дæр мæ усы цонгыл ныххæцыдтæн æмæ симын. Барастыры раз бадджытæ Барастырмæ дзурынц: «Уый Нарты Сослан куы у, уæд ам цы ми кæны?» – «Уый йæ усы феныны тыххæй йæхи амардта æмæ нæм афтæмæй æрбацыди», – загъта Барастыр. Мæ усимæ æрцыдтæн мæрдтæй, фырт мын райгуырд, æмæ мæ ацы рувасдзарм хъæуы мæ фыртæн худæн. Гъе 'ндæр хуыздæр æмбисонд æз ницы зонын, мæ хæрæфырт Ацæ», – фæци дзырд Сослан.

– Йа, Уырызмæг, ныр та дæ рад у, – загъта Ацæ.

Æмæ райдыдта Уырызмæг дзурын:

– Æз дæр Нæртон лæг дæн. Æмбисæндтæ мæм бирæ ис, диссæгтæ мæм бирæ ис, фæлæ уыдон кæм фæдзурдзынæн æз се 'гас. Уыдтæн æрæгвæззæджы Зилахары быдыры цуаны; мигъ мыл ныббадти, сау мæйдар мыл скодта, кæдæм ацыдаин, уымæн ницыуал бæрæг уыди. Æххормаг, дойныйæ мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Хуыцау мæ иу хæмпæлмæ бахаста, иу фыййæутты хъæууатмæ. «Гъей-джиди, ам кæрт

исты куы уаид, уæд мидæгæй схуыссин фидардæры тыххæй», – загътон мæхинымæры.

Уыцы ныхас куы скодтон, уæд дын кæсын, æмæ мæнæ иу кау. Кауы мидæгæй фæзынди дуар. «Уæдæ мидæгæй куы схуыссин, уæд мын æдасдæр уаид», зæгъгæ, мидæмæ бацыдтæн. Кæсын – диссаджы агъуыстытæ. Чысыл мæ зæрдæ фæфидар ис.

«Гъей-джиди, ныр исты бахæр!» – Уыцы ныхас куы скодтон, уæд фынг мæ размæ рацыди, дуне хæрд, нозт йæ уæлæ, афтæмæй. Мæ зæрдæ мæнæ гæркъæраджы зæрдæйы хуызæн срухс и, мæхи куы бафсæстон, уæд. «Гъе ныр мæ ницыуал хъæуы, бафсæстæн». Æркъул кодтон нозтджынæй, хæрдджынæй, зæрдæхъæлдзæгæй. Æмбисæхсæв куы фæци, уæд бæстæ ныррухс и.

Кæйдæр хæдзар басыгъди, зæгъгæ, фæтарстæн. Уалынджы дзурын фехъуыстон: «Ма тæрс, Нæртон лæг, уый мæ къах разынди».

«Ай цы диссаг у, – йæ къах уыцы æрттывд кæмæн кæны, уый йæхæдæг цавæр у?!» Уæндгæ дæр нал кодтон. Уалынмæ та ноджыдæр ныррухс и. Рахъил кодтон, хæдзар басыгъди, зæгъгæ.

«Ма тæрс, Нæртон лæг, уый мæ къух разынди».

«Ай адæймаджы хъæлæс у, фæлæ, уыцы рухс чи кæны, уый уагæры цавæр уа?!»

Æртыккаг хатт та ноджы тынгдæр ныррухс ис. Рахъил кодтон æмæ дис кæнын. Иннæ уатæй та мæм æрбайхъуысти дзурын: «Ма тæрс, Нæртон лæг, мæ дзыкку разынди».

«Гъæ, Уырызмæг дын куыд амард, – мæ хуыссæны рабадтæн, – ай цы у, уый куынæ базонон!»

Ус мæм дзуры: «Цы кæныс, Уырызмæг? Цы дæ хъуыди хæрдæй, нозтæй, – уыдон дæ хъуыры куы ацыдысты, уæд æнцад цæуылнæ хуыссыс дæ бынаты, уæлдай митæ цæмæн агурыс?»

«Ай мæ йæхиуыл ардауы», – загътон мæхинымæры. Сыстадтæн æмæ йæм фæцæуын.

«Курын дæ, æмæ мæм хæстæг ма 'рбацу, – хуыздæр дын нæ уыдзæн», – дзуры мæм ус.

Бын бауа нозтджын лæг... Уæддæр мæ мæ хæрд æмæ мæ нозт батардтой. Бацыдтæн æм. Уый мæ нымæтын ехсæй æрцæфтæ кодта, æмæ хæрæг фестадтæн. Цалдæр азы мæ иу лæгмæ кусынмæ радта. Ме рагъ схаудта, фæхуынчъытæ сты мæ фæрстæ. Уымæй куы рацыдтæн, уæд

та мæ ныццавта нымæтын ехсæй, æмæ ефс фестадтæн æмæ та цалдæр азы ефсæй фæцыдтæн.

Стæй та мæ ныццавта, æмæ куыдз фестадтæн. Куыдз куы фестадтæн, уæд дунейыл мæ кой айхъуыст – уыцы усмæ ахæм хорз куыдз ис, зæгъгæ. Уæд иу æлдарæн йæ фосыл хины сырдтæ сагъуыдысты. Æлдар уыцы усмæ æрцыди: «Курын, æмæ мын дæ куыдз ратт – дунейыл йæ кой кæмæн айхъуысти, – кæд мын иу æхсæв мæ фосы бахъахъхъæнид».

«Нæ радтдзынæн, мæнæн мæ куыдз буц даринаг у».

«Æмæ бирæгътæ кæй ныццæгъдынц мæ фосæй иу æхсæв, уымæй йæ фылдæр хъæуы?» Æмæ мæ радта.

Аласта мæ æмæ мæ йæ фыййæуттæм скодта. Æлдар ногусджын уыди, æмæ загъта йæ фыййæуттæн: «Ацы куыдзмæ-иу хорз базилут, æз нæ хæдзармæ цæуын».

Адзæхст ласта æлдар йæ хæдзармæ, йæ хъал бæхыл сбадт, афтæмæй.

«Дарæг дзы ма баззайæд дæ куыдзæй, кæд ма уый хъуаг нæ уыдыстæм; бирæгътæ куы 'рбацæуой, уæд дзы мах фос куы нæ къаддæр кæндзысты», – загътой фыййæуттæ æмæ мын ницы радтой.

Æмбисæхсæв куы ныллæууыди, уæд дыууадæс бирæгъы нынниудтой: «Уæ, Уырызмæг, Уырызмæг, фæцæуæм дæм!»

Æз дæр нынниудтон: «Æз уæм мæ сæр дæр не схъил кæндзынæн, – уæ фæндон уæ бар!»

Уыдон дыууадæсæй дæр æрбацыдысты. Боны цъæхмæ сын цы 'нтысти, уымæй нæ бацауæрстой цæгъдынып.

Райсом æлдар йæ хъал бæхыл схæццæ ис.

«Цы фестут, исты бахъахъхъæдта?» – бафарста фыййæутты.

«Мæнæ-ма æрбакæс – фос æмбис фæкодтой бирæгътæ», – загътой фыййæуттæ.

Æрцахстой мæ, нæмын мæ байдыдтой, чи мæм куыд æххæссыд, афтæ. Æлдар мæ аласта мæ хицаумæ нæмгæ-нæмгæ, – уый бæхыл, æз бæхы фарсмæ.

«Цы фæдæ? – фæрсы ус, – ницы дын бахъахъхъæдта?»

«Æнæдарæг дын фæуæд, – мæ фос мын æмбис фæкодтой бирæгътæ дысон».

«Хуыцау дын ма ныббарæд! Хорз æй нæ федтай, æндæра, ацы куыдзмæ цы хъарутæ ис, уый æз хъæлæкк зонын», – загъта ус.

Иу æндæр æлдар та курæг æрцыди усмæ. «Дæ куыдз мын ратт, – мæ фосыл мын хины сырдтæ сагъуыдысты».

«Нæ радтдзынæн, иубон дæр ма мын æй иу æлдар нæмгæ-нæмгæ æрласта, мæ фос мын нæ бахъахъхъæдта, зæгъгæ».

«Уый иу мыггагæй у, æз – æндæр мыггагæй. Уый уыцы æлдар у, æз та æндæр æлдар дæн – мæн ууыл ма нымай».

Ус ын ницыуал загъта. Æлдар зæлдаг бæндæн йæ дзыппæй систа æмæ мын æй мæ хъуырыл бафтыдта æмæ мæ уыцы хуызæнæй йæ фосмæ аласта.

Æххуырстытæм дзуры: «Тагъд, нæл фыстæй стырдæр чи у, уый раласут!»

Бурæ нæл фыс раластой.

«Тагъд æй аргæвдут æмæ йæ сфыцут!»

Уайтагъд æй аргæвстой æмæ йæ сфыхтой фыййæуттæ.

Фыдтæ мын дыдзы хъармæй дæттынц, фæлмæнæй-фæлмæнмæ.

«Сæгътыл разилут æмæ йын æхсыр йæ басыл ныккæнут?» Æмæ мын мæ басыл æхсыр ныккæнын кодта.

Хорз мæ федтой – дзидзайæ, басæй.

Æлдар мын йæ фæсарц гауыз бабаста, йæ хæдзарæй куы раст кодтам, уæд. Фысты кæрон мын æй æрытыдта. Йæхæдæг дæр уым ныллæууыди фосимæ.

Гауыз мын куы 'рытыдта, уæд ыл æрхуыссыдтæн æмæ мæ дыууæ раззаг къахы кæрæдзиуыл дзуарæвæрд æркодтон æмæ сыл мæ сæр æруагътон.

Æлдар дæр бафынæй ис, фыййæуттæ дæр бафынæй сты. Æмбисæхсæв ныллæууыд, афтæ та уыцы дыууадæс бирæгъы нынниудтой: «Уæ, Уырызмæг, Уырызмæг, фæцæуæм дæм!»

Æз нынниудтон: «Мæнмæ уын фос нæй,–дзæгъæл цыд ма ракæнут!»

Дыккаг хатт нынниудтой: «Фæцæуæм дæм, Уырызмæг!»

Æз нынниудтон: «Дзæгъæл цыд ма 'рбакæнут, – мæнмæ уын фос нæй!»

Æртыккаг хатт нынниудтой: «Дæ фыдæх нæ уæд, Уырызмæг! Ды – иу, мах – дыууадæс!»

«Рацæут, рацæут!» – дзурын сæм æз дæр.

Æрбацыдысты æмæ, – гъæйда-гъа! – алырдыгæй лæбурынц, суанг боны цъæхмæ.

Æз сæ фыстæй иумæ дæр не 'рбауагътон, афтæмæй сæ дыууадæсæй

дæр кæрæдзиуыл самадтон – дыууадæсы дæр амардтон. Уалынмæ æлдар æмæ фыййæуттæ райхъал сты. Сбон и.

«Хуыцау нæ фесæфта, ай нæ фыстæ цæй чысыл баисты?!» – уый фыстæ кæрæдзиуыл бакъорд сты, æхсæвы сæ дыууадæс бирæгъы куы сулæнтæ кодтой алырдыгæй, уæд.

Ранымай-банымай кæнынц, æмæ фыстæ – бæрæг, æнæхъæн: иу сæныччы хъус дæр сæ нæ фæхъуыд. Фысты кæронмæ æрцыдысты, æмæ – дыууадæс бирæгъы кæрæдзиуыл амад. Æлдар мæ йæ хъæбысы ныккодта.

«Ацы бирæгътæ канд мæнæн нæ, фæлæ ма искæмæн дæр уыдисты фыдбылыз. Ацы дзæбæхтæ æз ацы куыдзæн цæмæй бафиддзынæн! Ацæут, – дзуры фийæуттæм, – æмæ нæл фыстæй стырдæр чи у, уый раласут!»

Нæл фысыл дæр, стæй мæныл дæр зæлдаг бæндæнтæ бабаста æлдар æмæ нæ усмæ æрласта.

– Йе, мæнæ ус! Ацы хорздзинад дын никуы ферох кæндзынæн, цалынмæ дуне дуне уа, уалынмæ, фæлæ уал дын мæнæ ацы нæл фыс – мæ лæвар».

Æлдар афардæг ис йæ хæдзармæ, уæдæ цы уыдаид.

Цуанæттæ та æрбацыди усмæ: «Дæ куыдзы нын ратт, – дунейыл йæ кой куы айхъуыст, – уæлæ хъæды иу урс арс и, æмæ нын ратæрын дæр нæ комы, марынмæ дæр æм нæ арæхсæм, æмæ нын æй кæд дæ куыдз ратæрид».

«Мæ куыдз буц даринаг у, æмæ йæ буц куынæ бадарат, уæд уын ницы бакæндзæн».

«Ау, æмæ мах уый фаг куыннæ ссардзыстæм? Цалынмæ уыцы арсмæ цæуæм, уæдмæ дæр исты амардзыстæм, уæдæ ма цуанæттæ цæмæй стæм!»

Радта мæ. Акодтой мæ. Арс кæм уыд, уырдæм куы сæввахс стæм, уæд мæ феуæгъд кодтой. Арс лидзынмæ фæци, урс арс. Уæлæ хохмæ йæхи сарæзта. Хохмæ куы схæццæ ис, уæд æрбадти йæ фæстагыл. Уалынмæ йæ æз дæр сыййæфтон, æмæ мæм дзуры арс: «Мæнæ ма мæ фарсмæ сбад. Æз арс нæ дæн, æз Æфсати дæн, æмæ дын дæ хъуыддæгтæ куы бамбæрстон, уæд арсы хуызы бацыдтæн. Бæхæй цы фыдбылызтæ федтай, хæрæгæй, уыдон мæ зæрдыл хъæлæкк лæууынц, фæлæ мæн дæр кæм æвдæлы. Ныр уадз, æмæ цуанæттæ цуан кæной, ды цæугæ дæ хæдзармæ

æмæ дæхи срынчын кæн. Ус дын алы хæринаг дæтдзæн, фæлæ-иу дæхи ауадз, дæ дзыхмæ-иу комдзаг мауал ис. «Дарæг дæ ма уæд, – куыдзы къæбыла йедтæмæ ма исты дæ!» – æмæ дæ сæрты ахиздзæн, уазæгдонмæ ацæудзæн. Йæ нывæрзæн – йæ нымæтын ехс, æмæ ус дуарæй куы ахиза, уæд-иу ды нымæтын ехс райс æмæ-иу дзы дæ къахæй дæхи æрсæрф. Æмæ Уырызмæг уыдтæ æмæ Уырызмæг фестдзынæ. Усæн-иу йе 'рбацыдмæ йæ хуыссæны сбад, нымæтын ехс дæ къухы, афтæмæй.

Æфсатийы амындтæ æз иууылдæр сæххæст кодтон. Уырызмæг фестадтæн, нымæтын ехс мæ къухы, афтæмæй усы хуыссæны бадын, æнхъæлмæ кæсын йе 'рбацыдмæ. Уалынмæ мæнæ уазæгдонæй æрбацæуы.

«Гъе, додой мын фæци дæ къона: ныр та ма мын кæй мæрдтæм цæудзынæ, æз дæ мæ фыдæбæттæ райсдзынæн!» – зæгъын мæхи нымæры.

Усæй уыцы ран фæхъазыдтæн æхсæв-бонмæ, стæй йæ нымæтын ехсæй æрцавтон, хæрæг фест, зæгъгæ, æмæ ус хæрæг фестад.

Æртардтон æй Нартмæ, æмæ йæ алчидæр зоны сымахæй, – уый у Борæты цъæх хæрæг.

Гъе уый та дын мæ таурæгъ. Умæй диссагдæр æз ницыма федтон мæ царды, – фæци конд йæ ныхас Уырызмæг.

Ацæ тæрхон кæнын байдыдта æмæ загъта:

– Диссаг куыннæ сты Хæмыцы таурæгъ дæр æмæ Сосланы таурæгъ дæр, фæлæ уыдонæй æмбисонддæр сты Уырызмæджы хъуыддæгтæ, хæрæгæй, бæхæй, куыдзæй чи фæцыди. Ацы рувасдзарм æмбæлы Уырызмæгæн.

Уырызмæг рувасдзармæй йæхицæн кæрц бахуыйын кодта.

Ныр дæр ма ис Уырызмæджы кæрцы кой.



## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег*

# ЗЕЙНАП*

*Æмдзæвгæтæй фыст роман*

161

Ныр ма æрбайхъус, ды, нæ хæлар,
Дæ куыстуат номдзыд у, бæгуы.
Æмæ дзы ифтонг у дæ хæдзар,
Хæссынц дзы хæлц æгас Мæскуы.
Дæхæдæг зоныс, цас бæркад
Дæумæ цæрæнбонты фæкалд.
Уæдæ цæмæн кæныс ды тох?
Æви дæ хай раттын у рох?
Æниу дæ кæнгæ фырты ныр
Кæй цæстмæ агурыс, кæй усы?
Æви дæм уый дзырдæй нæ хъусы?..
Уæдæ мæ ныхас у цыбыр:
Куыддæр стахтæ ды хæрдмæ,
Гъе афтæ лыгъд Султан хъæстмæ.

162

Фæлæ Мæскуыйæ райстам уæд
Фыстæг уæ сæраппонд бæлвырдæй.
Зыдтам, мæ ныхасыл æууæнд,
Ныр мын цы пайда ис мæнг дзырдæй.
Рæвдз у нæ милицæ, бæлвырд.
Æрцахстой ме `мхъузоны цырд
Æмæ ныффыста уый гæххæтт,
Цыма йын бафыстой æгъгъæд,
Фæлæ йæ гæнджыты нæ зоны,
Нæдæр ын чи бакодта хæс,

* Кæрон. Райдайæн кæс «Мах дуг»-ы №9, №10, 2020 аз, №1, №6, 2021 аз

Фæлæ йæ тынг хъуыди фæрæз,
Йæ царды хъуаг æй тынг æвзоны.
Кæм у куыст ссарæн æнцон.
Æмæ йын зæгъ æрмæстдæр «цом»…

163

Æваст йæ зæнгты тых фæсаст.
Æруагъта къæлæтджынил уæнгтæ,
Сырдау ныррыхыди æваст,
Мæцъистау аисты йæ цæнгтæ.
Нуæрттæ фестади йæ буар.
Уæдмæ æрбахостæуыд дуар.
Æрбахызт, `нæхонгæйæ, лæг.
Уыди хæрзуынд æмæ рæхснæг.
«Уæ рæзты рахаста мæн къах, –
Зæгъгæ, уый хорз æфсон ссардта. –
Дæлбулкъон дæн, – ныхæстæ ардта,
Мæнг дзырдтæй амадта гæнах. –
Лæудзыстæм хайады нæ къахыл.
Бындз дæр нæ абаддзæн сымахыл».

164

Уæд ыл нæ фысым цæст æрхаста.
Æрбадт йæ цæстæнгасыл мигъ.
Уыди йæ былалгъæй йæ фарста,
Дзырдæй ныллæууыд уымæ тигъ:
«Цæмæн мыл аудыс, цымæ?
Æви дæ не `вдæлы куыстмæ,
Æви дзы нал арыс æнтыст?
Зыд лæгæн фаг кæд уыд йæ мызд!
Æви хынцыс сæрхъæныл мæн,
Цыма дæ фыдвæндтæ нæ зонын.
Кæй фæдтæ агурыс, цæмæн?
Фыст у дæ ирд ныхыл, мæ хæстæг:
Ды дæ мæ хæдзарæй дзырдхæссæг.

165

Дæлбулкон рахуыдтай дæхи,
Фæлæ уæддæр цы сты дæ хæстæ?
Рæстаг тæрхон, æви фыдхин?
Бæлвырд у – дыккагæй æххæст дæ.
Кæд у фæтк æвæрын дæ хæс,
Уæд дзы куыд хорз арыс фæрæз.
Дæ мызд бæрц у, гъе уый – бæрæг.
Фæлæ дæм бакæс, уæд – цæрæг!
Дæ дарæс, дзабыртæ, æндæр…
Зыны, æлхæд сты гæртамæй.
Зæрдæ сæм не `хсайы асламæй.
Куыд бындæр, афтæ аргъ уæлдæр.
Ис «Æвдæм континет» сымахæн.
Цынæ ис ссарæн уым зынаргъæн!

166

Ныр ма мæ рудзынджы бын кæс!
Лæууынц нæ хæдтулгæтæ иумæ.
Зынаргъæй балхæдтон уый æз,
Фæлæ куыд бафтыди дæхимæ?
Мах зонæм, цардæн ис йæ уаг.
Рæстагæй чи ссардзæн йæ фаг?
Дæлбулкъон, гъе та инæлар –
Йæ мыздæй не скæндзæн хæдзар.
Фæлæ ды сарæхстæ, бæлвырд.
Бæрзонд æддæгуæлæ хæдзæрттæ
Æмæ æвидигæ бæркæдтæ
Дæ къухы бафтыдысты цырд.
Уæ дзойæ цуды ныр нæ бæстæ.
Кæм ис тæрхоны дуг, кæм фæстæ?

167

Фæлæ æрхаста уый фыддуг.
Ныр систут хицæуттæ нæ бартæн.
Цæттæ – ныккалынмæ сæ туг

Сæрибар агурæг цагъартæн.
Æваст æрæййафдзæн тæрхон
Сæ сæрты. Æз дæуæн зæгъон,
Дæттут ма раст ныхасы бар.
Кæм ис сымах æмсæр æлдар!
Фæлæ куы зониккой нæ адæм
Уæ удты сау фæндтæ бæлвырд,
Нæ бæстæй уаиккат уæд сырд.
Нæ цард æрвитиккам уæд адæн.
Уæдæ рæхджы æрцæудзæн бон,
Уыдзæн гадзрахатæн кæрон.

168

Рæстæг æрцæудзæни тæрхонæн,
Æмæ уыдзæн æппæтæн аргъ.
Мах уый сæрибары дуг хонæм,
Нæ рæгътæй ахаудзæни уаргъ.
Уыдзыстут мах æхсæнæй тард.
Уыдзæн нæхи фæндиаг цард.
Æмæ рæстдзинады ныхас
Кæндзæни саст зæрдæ æгас.
Нæ уд уæ хъуыддæгтæй – æлгъæд,
Цыма нæ зонæм мах бæлвырдæй,
Фыдвæнд, фыдаудæн, фыддзырдæй
Сты уæ кад, уæ ном æлхæд.
Æхцайæн у нывонд уæ цард.
Æниу уæ кой ныр хъуыст у дард.

169

Ныр цу, дæ фæндаг размæ дар.
Кæсынц дæм ног цаумæ æнхъæлмæ.
Нæ кæнын æз мæ уд дæ бар.
Сымахтæм нал хъæцын хуыздæрмæ.
Нæма ис хорз фæндон зынæг.
Бæрæг дыл у, ды дæ хуыснæг!»
Æмæ йын гом дуармæ ныр

Æвдисы. Лæг лæууы – æмыр,
Æнцад, æнæзмæлгæ йæ разы.
Цы `рцыди, уымæ зонд нæ тасы.
Фæстагмæ бамбæрста, фæраст.
Гъе стæй ма тыргъы дæр дзæвгар
Лæууыд, йæ зонд нæ уыд йæ бар…

170

Уæд уымæй фондз боны фæстæ
Фæхуыдтой хъæдмæ Тамерланы.
Фыдлæг нæ фæкæны лæгъстæ.
Тæрхон ын рахастой йæ раны.
«Кæд дæ фæнды, `мæ уай æвыд, –
Дæ фæстæ мах æрвыст лæг цыд –
Ныхмæ уæд мауал лæу нæ фæндæн.
Æниу дыл ацы хатт æууæндæм.
Ды хъус, цы дын дзурæм, æнцад,
Æрмæст-ма фезмæлай, уый ма зæгъ.
Кæннод рæмыгъд уыдзæни а зæхх.
Æнцад ам бындзæфхадыл бад.
Кæд дæм нæ кæсы фидын хорз,
Уæд та ныммæлын у дæ хос.

171

Ныр Тамерлан дæр бады, ‘мæ
Йæ риуы маст æддæмæ тоны.
Йæ бадæн бындзæфхад. Уæдмæ
Хæсдзысты ног хабар, уый зоны.
Æмæ йæ ныфс нæ фæци мæнг.
Æртахт æм хорз хабар æцæг:
«Нырма нæ рацыди сахат,
Йе афтæ `рхæццæ ис Азат.
Амыран йемæ, у æвыд.
Ды дæр ныр цу нæхимæ тагъддæр.
Цæмæй æнцой ссарæм мах дæр.
Ныр фарн нæ хæдзармæ æрцыд.

Æниу æнцон нæ уыд нæ хæст.
Фæдæ нын хъаруйæ æххæст!»

172

Фæци Мæскуыимæ йæ дзырд,
Æмæ ныззæлыд хæтæл ногæй.
Йæ риуы зæрдæ хоста цырд.
Дзырдтой йæм: «Бантысти дын рогæй…
Фæлæ лæмбынæг дарддæр кæс.
Ныр дыл æвæрд уыдзæни хæс,
Цæмæй ныууадзæм ныр нæ тох.
Дæ фиддон дæ нæ фæци рох?»
«Цымытийы фæсхъæу уæлмæрд.
Хъæуы сæм афоныл æрвитын…
Мæ хæс цæсгомджынæй æз фидын.
Сты уым дæлсыджыт æвæрд.
Кæронæй ног уæлмæрдыл фæд.
Сты уым уе `фтийаг ныгæд».

173

«Мах зонæм, зонд дæм у æвваxc,
Дæ уавæр ды бæстон æмбарыс,
Дæ уд та рыст æмæ фæлахс.
Мæ кæрц – дæ цæст æм рагæй дарыс –
Скæн æй, ныр дæ бар фæуæд.
Цæуæм Цымытимæ ныр мах.
Дæ фæдыл мах хæссы нæ къах.
Дæ ныхас разына кæд раст,
Æмæ нæ хæзна уа бынаты,
Уыдзæн уæд раст тæрхон йæ рады.
Кæннод-иу ма ракæн ды хъаст.
Ныр уал скæн дæ уæнгтыл кæрц.
Хуыцаумæ кувгæйæ нæм хъæц.

174

Ныр Тамерланы уый æрцардта.
Æхца сæ сæрыл хаст фæци.

Йæ цин йæ риуы арфы дардта.
Лæджы æнкъарæнтæн бæрц и.
Уыд рæстæг а изæр æнцад.
Æрæхсæв. Хъæды мигъ æрбдт.
Æрбарухс æрдузы сæрмæ.
Æрфынæй амынæт, æмæ
Ныззæлыд дзæнгæрæг æваст.
Æмæ дзы райхъуысти: «Мæ хæлар!
Дæ райсом хорз! Ссар дæ хæдзар.
У де `фхæрæг ныртæккæ ахст.
Йæ хъузæтты дæр йемæ хонæм.
Цæуæм дæумæ. Ныр бынат зонæм!

175

Фæлæ дæ курын, у фæразон.
Уыди дæ срæмудзын сæ фæнд.
Тæрсгæ дзы ма кæн, фæлæ базон,
Дæ бадæн минæтæй у цæнд.
Мах уымæн агурæм фæрæз.
Æрмæст сыл ма `руадз ды дæ уæз.
Дæ фарст цæттæйæ дар, мæ хур.
Тæрхоны-иу æдæрсгæ дзур!»
Мæйдарыл хуры рухс фæтых.
Хъæд райхъал цинимæ йæ фынæй.
Цъæх æрдуз, стыр нæзы рæбынæй,
Æндæр бæлæстæ – дардыл пырх.
Нæзы бæласы бын æрмæст
Æртæ лæгыл æрхæцыд цæст.

176

Нырмæ йæ къордмæ Тамерлан
Нæ дзырдта бастдзинады руаджы.
Бæлвырд бæрæг кæнæ нысан –
Гъе ууыл сахуыр сты раджы.
Уыд къорд Цымытийы æмбæхст.
Уый рагæй ахæм куыстмæ рæхст.
Ныр марды, дзуары бын ныгæд

Уыд æхца, адæм та – фæсвæд.
Фыдгæнджытæ уыдысты ам
Дыууæйæ хъахъхъæнæг. Æндæртæ
Цыдысты раст цыма æндæргтæ –
Æхцайыл рахæст уа сæ арм.
Æмæ куы сæххæст ис сæ фæнд,
Фæстæмæ уæд цыдис сæ фæд.

177

Уæд къорд дæр ацыди сæ фæд.
Цæмæй ныр нæзыйы бын уартæ
Ныппырх уа карз тохы фыдвæнд.
Хынцæнт уал се `фтиаг лæгмартæ,
Кæнæнт æй се `мхъузонтыл дих.
Кæнæд сыл фырзыдæй фыдих.
Фæлæ сæм дис кæсы уæддæр,
Цымæ нæ ныуагътой фæд дæр?
Быцæу сæм фегуырди, гъе стæй
Уыд Тамерлан ныр та сæ дзырддаг.
Куыд хъæуы алыг кæнын хъуыддаг.
Сæ фæнд – йæ фесафын рæстæй.
Тæрхон ын рахастой – куынæг,
Кæннод сæ уый фæци уынæг...

178

Фæлæ фыдæнхъæл фесты ныр.
Цыппарæй фидар баст сæ цæнгтæ.
Æнæсым бадтысты, æмыр.
Сæ бон ныр базыдтой æрдæнгтæ.
Рæмудзæн ныр уыдис æдас.
Сыгъдæггонд й`алыварс, йæ раз.
Æлвæст уыд фидардæрæн баст.
Гъе стæй йæм се `рвыст лæг фæраст.
Æмæ дыууæ къорды фæндзгæйттæй
Лæууынц. Йæ хæлæрттæ – æвзæрст.
Сæ ныхмæ къæрныхтæ æрмæст.
Сæ цард ныр нал уыдзæн æнцæйттæй.

Хуыссынц дæлгоммæ. Диссаг уыд,
Ныр адон къæрныхтæм цы хъуыд?

179

Сæ фыццаг Толя. У фыдгæнæг.
Уый хордта хохрæбын мæнг ард.
Дæлбулкъон – иннæ. Уый йæхæдæг
Дзырдта, фыдцаутыл уыд æнкъард.
У зонгæ æртыккаг дæр уæд.
Фыдгултыл ахæм уæз цæуæд!
Æрттывта наууаты йæ цæст,
Ныр ма тыхкаст кæны æрмæст.
А цыппæрæм дæр ныр фæбæрæг.
Йæ зонгæ хъæлæс хъустыл уад.
Хуыссыд уый цъыфдзасты æнцад.
Уый Тамерланмæ уыд дзæнгæрæг.
Æдзух фыдуац хæссын – йæ куыст.
Рæхджы ныр райсдзæни йæ мызд.

180

Хæрзаив – фæндзæмæн йæ уынд.
Бæлвырд, кæстæр уыд Тамерланæй.
Йæ бецыкк тугæйдзагæй зынд.
Йæ ныхыл цæф зынди нысанæй.
Уæдмæ сæ хæдтулгæ фæзынд.
Хъæрæй сæ сæрмæ уасыд сынт.
Æрдонгты аластой Джызæлыл.
Газелы хъæр ма хъусты зæлыд.
Рæхджы сын рахæсдзысты фæнд
Уыдзæн æркаст сæ цардмæ ногæй.
Лæгдавæг нал ирвæзы рогæй.
Рæстдзинад, уадз, уæлахиз уæд,
Гъе стæй нæ цард æмæ нæ куыст
Фыдтæй кæй фæрцы вæййынц хызт!

181

Ныр фондзыл фарста кодтой иумæ.
Нæ сын уыд дзуринæгтæ, уæд?
Тæрхон æрæвнæлдта йæ зиумæ.
Фыдгæндтæн агуырдтой сæ фæд.
Фондз адвокаты сты ифтонг.
Цæлхдуртæ амайы сæ цонг.
Æвзыгъдæй агурынц фæрæзтæ,
Æхсæдынц гæнджытæн сæ рæзтæ.
Стæй æвзонг лæппуйæ æваст
Æрцыди ист цыма йæ азым.
Гъе ууыл хицауад дæр разы.
Ныр хъуыддаг ацæудзæни раст.
Уыди бæрнон кусæг йæ фыд.
Æмæ йæ скодта уый æвыд.

182

Ныр ног сæ цард уыди йæ уагыл.
Æнцой сæ бинонтæн æрцыд.
Нымадтой царды хæрзтæ фагыл,
Сæ зæрдæ ног ныфсыл хæцыд.
Фæлæ мæйы фæстæ фыдцау
Лæууыд сæ фæсдуар хуындзау.
Ныууасыд раджы абон уасæг.
Лæууы сæ къæсæргæрон уазæг.
Эльвирæ, мидæмæ уый хоны.
Æрбахызт. Цæстæнгас хæссы,
Сæ къуымты дисгъуызæй кæсы.
Цыма йæ исты мæт æвзоны.
Хæлæф йæ цæстыты зындис.
Хынцыдта фысымтæн сæ ис.

183

Уыд дисы уацары нырма...
Эльвирæ иунæгæй уыд уаты.
Нæ уыд зын бахонæн, цыма –

Ныр уæртæ фæхс бандоныл бады
Хæдзарон дзабырты уæздан.
Уæдмæ фæзынди Тамерлан.
Æрбадти уазæгæн йæ цуры.
Йæ фыд у, уый йæм зæрдæ дзуры.
Фæтыхст йæхимидæг æваст.
Цы кæна – уыцы уысм нæ зыдта.
Нæу аив, райса дзы йæ маст,
Æмæ йын загъта уæд салам.
Цымæ, цы агурдзæни ам?

184

Ныр сæххæст хорз фысымы уаг.
Æрцыди фынгæн дæр йæ рæстæг.
Ныхас æрæфтыдта фыццаг,
Кæннод уыд мадзура йæ хæстæг:
«Фæнды мæ базонын бæлвырд,
Цы у дæ цыды сæр? Мæ фырт?»
«Дæ кæнгæ фырты тыххæй цау
Мæн не ‘ркодта Мæскуымæ. Ау,
Нæ зоныс, де ‘фсымæр кæм ис?
Æгайтма ныр дæхи фырт разынд.
Фæлæ мæныл та дуне разылд.
Мæн домы де ‘фсымæры рис.
Фæлæ дæуæй æвæрын ныфс.
Гæххæтт мын уый фæдыл ныффысс...

185

Дæумæ æххуысагур æрцыдтæн.
Мæ зæрдæ уый мæтæй ныттар.
Зын у æнæ хъæбул, бындар...
Æз та дыууæйæ дæр уæ фыд дæн.
Сымах мæ туг æмæ ыстæг.
Йæ цæфтæ федтай ды хæстæг.
Уый уе ‘хсæн баййæфта фыднад.
Æрцыд фыдгæнæгыл нымад.
Бæндæн ыл бакодтой фысау,

Æмæ йæ афтæмæй æрластой.
Цынæ ис, уый азым æм хастой.
Уæд æз æнцад куыд бадон, ау?
Тæрхон цæрæнбонты мæ куыст.
Æмæ уыдтæн мæнгардæй хызт.

186

Нæй уымæн й‘ азымæн бындур.
Цæттæ дæн æз хъуыддагæй, зондæй
Дæуæн æмцæдисмæ, мæ хур.
Уæд уый сласдзыстæм æнцонтæй...»
Уæд Тамерлан – ныхасмæ цырд –
Йæ фыдæн аскъуыдта йæ дзырд:
«Фæнды дæ, сласæм мах цъаммары?
Æз чи дæн, тынг хорз уый æмбары,
Фæлæ уый разындис фыдлæг.
Кæд мæн уæ хионыл нымайут,
Уæд мæ хуыснæггагæй цы кайут?
Æви уын кодтон æз хæлæг
Мæ ис, мæ бон, мæ дзул, мæ хæрд?
Ныр уадз, фыдгæнæг уа æфхæрд!

187

Цы маргъ у, уый Эльвирæ зоны.
Фыды æнгæс вæййы фырт дæр.
Мæнмæ уын хай уыдзæн, æфсоны,
Уæ хъуыддаг рауади фыддæр.
Æмæ фæмæнг сты уæ сæнттæ.
Тæрхоны агурут æфсæнттæ,
Фæлæ зæгъын мæ ныхас ныр:
Нæ уыдзæн ахæмтæн хатыр!
Нæ хъары зæрдæмæ йæ маст.
Куыдфæнды ныр мæ ныхас бамбар.
Дæ уазал зæрдæйæ мæ аппар,
Кæнут мæ алы ран дæр хъаст.
Мæ бар у – фидарæй зæгъон:
Уыдзæн фыдгæнæгыл тæрхон.

188

Дæ царды никуы федтай зын.
Дæхи уд дунетæй – зынаргъдæр.
Æппæт нæ базыдтон – тæрсын,
Фæлæ дæлдæр æвæрдтай мах дæр.
Цыбыр – дæ ахъазы æмгъуыд,
Æфсарм – фæрсын дæр æй нæ хъуыд!
Лæвæрдтай монцытæн ды ком,
Хъахбай дæ рахуыдтой æргом.
Дæ митыл ахуыр уыдтæн рагæй,
Фæлæ цы сусæг кæны ныр!
Сæ цæст у адæмæн стыр.
Уынынц, цы дæ æгъдауæй, уагæй...
Кæд мын зæгъай, уый æз нæ дæн,
Уæд æз мæ ныхæстæ фæдæн.

189

Юрист дæ – дзурыс ды мæнæн,
Дæ ном хъæр у кæфтыл кæсæгыл.
Уæд ма мын зæгъ, куыд ис гæнæн –
Дæ хорз куыст аскъуыйа æрдæгыл?
Зæгъ мын æй раст, кæд дын нæ хъуыд
Дæргъвæтин ахæсты æмгъуыд...
Гæртæмттæ исынмæ фæцагъуыд
Уæд карзæй бауромын бахъуыд.
Гъе стæй нæ прокурор æваст
Фæрæдыд. Бакодтой дын ахæст.
Фæлæ йыл стæй дæ фыдæх рахæст,
Æмæ ныффыстай ууыл хъаст.
Уыди уæ быцæу махæй дард.
Дæхи уæд баййæфта дæ ард...

190

Зæгъыс мæнæн, ды дæ рæстаг,
Дæхи нæ уæлдæртыл нымайыс.
Фæлæ та уым дæр дæ хъæстаг.

Ныффыстай чиныг – уым дæр сайыс.
Мыхуыры рацыди дæ «фæллой».
Уыдтæ æнæфсис æмæ ‘ппææлой.
Фæлæ дыл хицауад фæхæст –
Мæ мадæн уæд уыдтæ фæдзæхст.
Æрхаудтæ зоныгыл йæ разы:
«Зæгъ-иу – ды дæр дзы райстай хай!»
Мæрдтæм дæ ацыди тæргай,
Фæлæ дæ ныхæстыл сразы.
Кæннод дæ бынатæн уыд тас.
Зæххон кад, цас тых дæм ис, цас!

191

Мæскуы ныр нал лæууы дæ зæрдыл?
Уыди дæ уазалдзыд дæр рох.
Дыууæйæ арт цыди уæ сæртыл,
Уыди къæлæтджыныл уæ тох,
Æрмæстдæр ууыл уыд уæ загъд.
Дæ бодзы сидтмæ кодтай тагъд.
Скодтай мæгуырæн тæрхон.
Зыдтай йын, æз дæуæн зæгъон,
Йæ уды низыхатт, йæ зын.
Йæ хъуыддаг уыд хæццæ æгасæй.
Цыдтæ дæ фæндыл ды æдасæй.
Æмæ дæ абон æз фæрсын:
Фæдардтай ахстæй уый дæс азы –
Нæ дæ ныр аххосджын йæ разы?

192

Уыдтæ ды ног бинонджын уæд,
Дæ цин дæр – уый æмæ дæ дис дæр.
Мæ мад мæнæй уыди æвгъæд,
Уæд ма уыд дзидзидай мæ хисдæр.
Мах хаста иунæгæй мæ мад,
Йæ зæрдæ ахуырмæ дæр рад.
Ды йын дзырдтай – æнæ мæн чи дæ?

Фæлæ уый сарæзта йæ фидæн.
Мæнмæ нæ цыдтæ ды хæстæг.
Уыдтæ мæ райгуырдыл æнæууæнк.
Дæ зонд хъæстæ уыди æнæмæнг –
Мæ мадмæ туг азым хæссæг…
Уæдæ Иудæ уæд мæ ном,
Фæлæ дын æз нæ дæттын ком.

193

Цы зыдтон – ме 'фсымæр у, уæд.
Фæцис, æвæццæгæн, йæ мадæй.
Æз – де 'нгæс, афтæ уал фæуæд,
Фæлæ æнæхай дæн дæ «кадæй».
Дунейыл бирæ ис æнгæстæ
Нæ хъæуы дардыл ам ныхæстæ.
Нымайын хъуыддаг æз æлхынцъыл.
Сымах мæ хиуæттыл нæ хынцын.
Мæ мадæй ахæм райстон хæс,
Цæмæй мæ маст исын фæразон.
Мæ ахаст ме 'фсымæрмæ базон –
Мæ хæс æххæстæн уый фæрæз.
Уæдæ уал ныр фæуæм нæ дзырд.
Хуыснæг у, бамбар æй, дæ фырт!»

194

Султан йæ цард фæивта ныр,
Цæрæнуат Митинойы райста.
Бæрзонд æттæгуæлæ, стыр,
Бæрзондæй цæст дунейыл хаста.
Мæскуы йæм худавæрдау зынд.
Бæрзондмæ мигъты 'мбæрц фæцыд.
Рæнхъæй æддæгуæлæ хæдзæрттæ –
Æрвтæм фæцыдысты сæ цæрттæ.
Зынди йæм Кремль дæр бæрзонд,
Стæй телемæсыг дæр мæцъисау.
Уыди йæ фæздæг уымæн диссаг,

Нæ ивгъуыд хъуыддæгты фыдзонд.
Ныр куыст сæ хæдзары ис бирæ.
Фæзынд æххуысмæ сæм Эльвирæ.

195

Уыдзæн сын уыдонмæ бынат.
Сæ цард уæдмæ цæудзæн йæ уагмæ.
Султанмæ стыр æмбæлы кад –
Уыд ахæм хорз фæнд Тамерланмæ.
Сæ хæдзар скæндзæн уый ифтонг,
Куыд дзы уа алцыдæр æввонг.
Нæ кæсы, цас зынаргъ у, уымæ.
Хæстæг у а хæдзармæ Думæ.
Уæдмæ сæм ног фæнд дæр æрцыд:
Зын у дыууæ дихæй æндидзын.
Æрфæндыд сыхаджы фæлидзын.
Цыди хæдзар ивыныл дзырд.
Ныр у фæрсæй-фæрстæм сæ цард.
Сæ зæрдæ нал æхсайы дард.

196

Æрлæудзæн ног хуыздæр æнус?
Æви та кадылмард фыдлæгтæ
Нæ туг кæндзысты мастæй урс,
Æгъдауыл дзурдзысты фыдуæгтæ?
Хæсдзысты барджынæй нæ ис,
Нæ бæркад фестдзæнис æмбис?
Цыма нæ зонæм мах сæ уаг,
Куыд гæрдынц барджынтæ фæндаг.
Бынæттон исдджынты æхсæнæй
Æрцæудзæн раздзæуæг æвзæрст.
Гъе стæй йæ хæрв уыдзæн æппæрст,
Кæсдзæн нæм æлдæртты кæсæнæй.
Цы Хуыцау айсдзæни нæ хъаст,
Цæмæй фæуа нæ фæндаг раст?

197

Ныр ма нæ Ног азы æрлæудмæ
Хъæуы чысыл рæстæг. Гъе стæй
Æнус хæццæ кæндзæн йæ фæудмæ.
Мах ног дуг фендзыстæм цæстæй.
Фæуыдзæн ссæдзæм æнус.
Ныр ногмæ адарæм нæ хъус.
Мыггагмæ фесæфиккой кæд
Фыдхæст, æгъатыр дуджы мæт,
Быцæутæ, гадзрахат, мæнгард,
Æмæ цæриккам уæд хæларæй,
Нæ зæхх – нæ иумæйаг хæдзарæй
Хæриккам растзæрдæйæ ард.
Уæд уаид удыхорзæн кад,
Æмæ фæрныг цардæн бынат.

198

Сæ царды ахæм бон нæма уыд!
Эльвирæ райы. Тамерлан,
Амыранæн йæ уарзæг фыд,
Кæсы, цæмæй хъазы, цы ран.
Султан, Зейнап – кæсынц рæвдаугæ.
Кæсы сæм рухсы тынтæ таугæ
Сæ царды фыццаг наз бæлас.
Æмæ сæ Ног аз у æдас.
Амыран хъазыныл фæци.
Цыдæртæ тæрхъусæн фæдзæхсы.
Сындзагъуд уызынмæ нæ рæхсы.
Куы хыл кæны, куы та йыл – цин.
Зейнапы зæрдæ уарзтæй – дзаг.
Йæ уарзт – æппæт сидзæрты фаг…

199

Фæстаг уысм – æмæ аз фæцис.
Уæдмæ нæ уарзон гимн ныззæлыд.
Æркодтой шампайнаг – фæдис!

Ныр гæрзтæ дзаг кæнын æмбæлы!
Куыд уарзын уыцы гимны зæл!
Кæнынц нæ цæстытæ уымæл…
Лæууæм æнусты астæу мах.
Фæрнæй дзы авæрæм нæ къах!
Фæфæстæ ссæдзæм æнус –
Уый дзаг уыд маст æмæ фыдбонæй.
Æрцыд нæм ног æнус уæндонæй –
Йæ цавдмæ сахатæн ныр хъус.
Нæ мидбыл бахудæм æхцон!
Уæд амонд арын у æнцон!

200

Мæ хур! Æгæрдæр-ма фæдзырдтон.
Дæуæй мын ахицæн зын у.
Бæхыл мæ хъайтарты фæсырдтон.
Сæ хъысмæт раст цыма фын у…
Фæлæ цы уыдзæн дарддæр ныр,
Гъе уый нæ зонын æз, хатыр…
Уый фендзæн ног æнус æрмæст,
Кæнæ бæрзонд Хуыцауы цæст.
Фыдæх ныууадзиккой кæд адæм,
Цæриккой се ʻппæт дæр уым адæн.
Ныр кæд ныррухс уаид нæ зонд,
Быцæутæ ʻрцæуиккой лыггонд.
Цы уыдзæн ног æнус, æниу,
Гъе уымæн аргъгæнæг ныр чиу!

201

Мæ хæлар, ныр зæгъын æргом:
Нывæзтон хохаг чызджы сурæт.
Зейнап схуыдтон æз йæ ном.
Уадз, дагестайнаг у – ныр дзурæнт.
Черкесаг – уый дæр ыл фидауы.
Мæхъхъæлон зæрдæ дæр рæвдауы.
Цæцæйнаг бæстæн фидын æз
Мæ ацы уацмысæй мæ хæс.

Лæмбынæг ноджыдæр æвзарæм,
Уæд æм ирон тæваг дæр ис.
Гъе стæй кæсгон чызгæн йæ рис.
Уый адыгейæгтыл дæр барæм.
Фæлæ дæттын уæ фарстæн дзуапп:
Кавказы буц чызг у Зейнап!

202

Ныр ам стъæлф æвæрын æз.
Цæуæм, мæ буц хæлæрттæ, дарддæр.
Зæгъын сымахæн у мæ хæс,
Нæ уарзон хъайтартæн сæ цард дæр
Уыдзæн нæ цæстытæй æмбæхст,
Цæмæй нын ма фæуа куырм æхст,
Зæгъын гъе уый тыххæй æмбæлы:
Султан – йæ уæнгты туг змæлы.
Зейнап дæр не ссардзæн æнцой.
Йæ цард нæ уыдзæн уымæн адджын,
Кæд адæм амондæй уой хъадджын,
Æмæ æххуысагур хъæцой…
Сымахæн бузныг æз зæгъын,
Кæй айстат райгондæй мæ хуын!

*Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта*
*æмæ йыл литературон æгъдауæй бакуыста*
*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

## ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

# ФЫДÆЛТЫККОН ТАБУТÆ, ЗАРДЖЫТЫ НЫХÆСТÆ

Алы замантæ-дугтæ-рæстæджытæ скодта мæнæ мах фæлтæртыл дæр, советон хицаудзинады бонты чи бахъомыл, уыдоныл. Иу замана заман нæ республикон радиойæ бар нал уыд Хуыцауы ном зæгъынæн, æмбæлди ма æрмæст «бæсты фарн» цыдæр дзурын. Не 'мбисæндтыл дæр уæд мæгуыры бон акодта – мæнæ ахæм куывдыл, зæгъæм:

– *Хуыцау, æнæниз цард нын ратт! Рын, сонæй нæ бахиз!*

Кæд нæ уыд, кæд алы рынтæ, халертæ, емынæтæ, талæутæ, хæбуз, донхæбуз…Æмæ табу кодтой, лæгъстæ:

– *У-у, Рыныбардуаг! Дардмæ дын кувдзыстæм, хæстæгмæ нæм ма 'рцу!*

Тарæрфыг дæр ма йæ хуыдтой.

Ахæм диссаджы, сызгъæринвæлыст ныхæстæ æмæ ныхасбæстытæ фæсвæд аззадысты, æмæ раст Хуыцауы раз тæригъæд хъуыддаг у, ноджы ма нæ уыцы уавæр нæ ирон дунембарынадæй цæмæйдæрты мæгуырдæр кæны.

Абоны размæцыд царды исчи куы æрæхснырсы, уæд, дам ын арфæ кæнын нал фидауы, цыма ницы фехъуыстай, дæхи уыйау дар. Адæм ма сæ рагон æфсæрмыты æмæ 'гъдæутты адæм куы уыдысты, уæд та дзырдтой:

– *Æфсæн фæхтæй фидардæр!*

Загътой-иу æрæхснырсæгæн æмæ-иу раздæр арфæгæнæг йæ къух исты æфсæйнаг дзаумайыл æрхастаид, стæй та, чи æрæхснырста, уый сæрыл. (О, о: бадты мидæг ын йæ «фындзы хай»-ы нуазæн авæрынц...)

Фæлæ та, фæхт циу, уый чи зоны...

Мæнæ дзы ахæм ныстуан та нæ нырыккон бонтыл фидауы, зæгъгæ, дам, *ивгъуыд рæстæг мауал мыс, ног дуджы царды кой кæн.*

Кæм ссардæуа ахæм бинонтæ, æмæ зын чи нæ федта, зиан цы хæдзарыл не 'рцыд. Дыууæйæ дæр абон дзæнæты бадинаг сты Дегъуатæ – Валодя æмæ Соня, хо æмæ 'фсымæр. Соня къорд азты фæкуыста «Мах дуг»-ы машинисткæйæ, компьютерыл дæр уайтагъд фæцалх... О, æмæ куы ахицæн, куы йæ бафснæйдтой, уæд дын мын Валодя афтæ куы бакæнид:

– Зыдтон æй, куыд æй нæ зыдтон, афтæ вæййы, уый, фæлæ уæддæр куыд диссаг æцæг у: ацы бонты мæ риуыдзагæй сулæфын нæ фæрæзтон,

ныр, Соня йæ зæххы хайыл куы сæмбæлд, уæд мæ улæфæнтæ цыма цыдæр къæрмæгæй феуæгъд сты...

Æмæ о:

– *Сыджыт рохгæнаг у.*

Стæй, дам, *зын зынæй рох кæны...*

Цы ныхæстæ-иу ссардтой фыдæлтæ сæ зарджыты, цы:

– *Дæ сау хъæды фæндаг сау сындзæй бахгæдта.*

– *Хæсты бон дæр Хазбийы зæрдыл цæсгом лæууыди.*

– *Есенаты сæныкк сабæттаг æрбауа.*

Мæнæ дын дзы уый дæр арфæ, уый! Цавæр дзырдарæхсты сæр æй, цымæ, æрцахста:

– *Дурдуцæн æмæ мыстæлвынæнмæ фæцæр!*

Цы æнæныббаргæ фыдракæнд нын уыдзæн раст дунесконды раз дæр, æмæ нæ табуйаг æвзагæн йæ уд сисын куы бауадзæм, санскрит, латинаг æмæ иннæ мард æвзæгтæм дзæнæтмæ куы фæцæуа, уæд! Æндæр ма уæдæ мæнæ афтæ дæр сарæхс зæгъын:

– *Цард цæфхадæй сæфтæджы 'хсæн дæр мæлæтæй хуыздæр у.*

Уымæн æмæ, дам, царды сохъхъыр уынаг у, къуылых – симаг, къæзæнæг – дзураг.

Бæргæ, бæргæ, нæ катайаг-удхайраг ныхæстæ-иу, мæнæ зынг чи нæ кæны, цæхæр чи нæ дæтты, ахæм хъæмпын артау куынæ уаиккой...

Цард адджын дæр у æмæ цыфæнды дæргъвæтинæй дæр цыбыр, ноджы ма фæцыбырдæр æмæ йæ фенад кæнæм, нæ кæрæдзийæн æнæхъуаджы мæстытæ дыууæ армыдзагæй уаргæйæ, фæсмонæй нæ тæрсгæйæ не 'дылыйæ. Нæ фæтчы Хуыцауы рæстдзинадæй – иу хатт ма йæ зæгъæм! – нæ иуы иннæйы 'фхæрын æнæхъуаджы, бабыхсæн цæмæн ис, ахæм азымы охыл. Кæд, дам, мæрдты дзæнæтæй уæлæуыл зындон бæллиццагдæр у, уæдæр!

Никуыма уыд æмæ никуыдæр уыдзæн, æмæ хæрамгæнæгыл йæ хæрам дывæрæй ма 'рцæуа – Хуыцаумæ згæ ницæуыл хæцы!..

*Царды куырой рахизмæ зилы.* Стæй, дам, *сындз цыргъ кæнын нæ чындæуы.*

*Сæхтæг æмæ 'гънæгау æнгомæй фæцæрут!*

Биасланты 'лдæрттæ-иу афтæ дзырдтой: *«Иронæн йæ фыццаг зонд сындзарты басудз, йæ фæстаг зонд та йын дæ хæдонæй балхæ».*

Гъемæ уæлахиз уæд кæддæрид нæ фæстаг зонд!

*Егар*

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*Таурæгътæ*

# ЦÆУЫ ДЗУАР

Дымтæй куы бауайай Сонгуыты комы ’рдæм, уæд доны фаллаг фарс ис Цæуы дзуар. Кæддæр лæгъз бынат уыдис, æмæ дзы сарæзтой фосдарæн цалдæр мыггагæй иумæ. Тынг бирæ фос дзы уыдис, фосгæстæ дæр – бирæ. Дзæвгар рæстæг æвзæр уарын рæстæг скодта. Иуæхсæв фос змæнтын байдыдтой, фыййæуттæ дæр рацыдысты, фæлæ фос нæ сабыр кæнынц. Уæд дынджыр цæу кау ныццавта æмæ рагæпп ласта, фос йæ фæстæ ныггуылф кодтой, каутæ ратыдтой æмæ хохмæ ныццавтой. Фыййæуттæ – сæ фæстæ. Æмæ уæлæмæ къуылдыммæ ссыдысты. Цалынмæ фос æмбырд кодтой æмæ сæ фæстæмæ дæлæмæ тардтой, уæдмæ бон дæр æрбарухс, æхсæвыгон тынг зын тæрæн сты. Сæ бынатмæ куы ’рхæццæ сты, уæд кæсынц, æмæ дзы – ницуал, уæле тыхджын къæвдатæй фахс ратыдта æмæ сæ иууылдæр йæ разæй раласта.

Цыдæр зæд сын баххуыс кодта æмæ дзы уæд Цæуы кувæндон сарæзтой. Лæппу-иу кæмæн райгуырдис, уый сæныкк нывонд кодта, чындз-иу чи ’рхаста, уый дæр æм куывды цыдис, чызг чи æрвыста, уый дæр æм куывды цыдис. Афтæ баззадис Цæуы дзуар, абон æм ничиуал цæуы. Табу йын уæд!

# ХÆМЫЦАТЫ ЦÆРАЙ

**(Дæбæлатæ дæр сæ хуыдтой)**

Хæмыцаты Цæрай фос бирæ дардта, æмæ йæ лæппуимæ хызтой сæ фос. Цæрай кæмдæр уыдис, лæппу та – фосимæ. Афтæ йæм Хъарадзауты Мысырби йæ адæмимæ æрбацыдис æмæ дзы тыхæй фыс иста. Уæд сæм лæппу дзуры:

– Æртæккæ мæ фыд куы ’рцæуа, уæд ын-иу йæхицæй райсут.

Уæд ыл Мысырби ехсæй æрцыдис. Цæрай фæзындис:

– Уайых æрбауай, лæппуйы цæуыл нæмыс, мæн æрбацыдмæ фæлæууыдаис.

– Ӕмӕ та уый дӕр ехсӕй ӕрцӕвта. Уӕд Цӕрай хъама фелвӕста ӕмӕ йӕ срӕхуыста. Мысырбийӕн йӕ тъӕнгтӕ саргъы гопмӕ ӕркалдысты.

Стыр Дыгуры дон ӕмӕ Дзынагъайы дон иумӕ стыр уыдысты, Цӕрай уыцы цӕугӕдоны иннӕрдӕм багӕпп кодта ӕмӕ дуры сӕр ӕрбадти. Адон доны сӕрты бӕхтыл сӕ ныфс нӕ бахастой, ӕмӕ сӕм Цӕрай дзуры:

– Ӕз уын гъеныр хуыздӕр кусӕрттаг нӕ радтон?

Цӕрайы ӕрцахстой. Уӕд Мысырбийы ус сфӕнд кодта йӕ лӕджы туг райсын ӕмӕ йӕм ахӕстонмӕ ацыдис. Йӕ дысы наган батъыста, гӕстӕн ӕхца бафыста ӕмӕ сын загъта, Цӕрайы фенын ӕй фӕнды, зӕгъгӕ. Уыдон ӕй бауагътой. Ус Цӕрайы куы федта, уӕд хӕрзконд бӕзӕрхыг лӕгӕн йӕ уындӕй ахаудис, наган дӕр йӕ дысӕй ӕрхауд. Йӕхимӕ куы ӕрцыдис, уӕд дзуры:

– Ӕз хъуыды кодтон, исты ницӕйаг ӕй амардта, фӕлӕ ай диссаджы лӕг куы у.

Цас фӕбӕдти Цӕрай, уый ничи зоны…

## ХУРХГОНД БИРӔГЪ

Хъыбызты Къабо йе 'фсымӕртимӕ фосимӕ уыдысты уӕтӕры, афтӕ ӕхсӕвы мит рауарыдис. Къабо райсомӕй куы рацыдис, уӕд кӕсы, ӕмӕ йӕ байраджы къабӕзтӕ ӕрдӕгхӕрдтӕй митыл, бирӕгъы фӕд та миты уӕлӕмӕ ацыдис.

Къабо йӕ фӕд-фӕд цӕуын райдыдта ӕмӕ йӕ иу ран стыр дуры рӕбын ӕфсӕстӕй хуысгӕ суыдта. Къабо иувӕрсты ссыдис ӕмӕ дуры сӕрмӕ бахъуызыдис, уым дынджыр дур систа, хъуамӕ дзы бирӕгъы сӕр ныццавтаид. Фӕлӕ, цы ӕрхъуыды кодта, чи йӕ зоны: дур сабыргай ӕрӕвӕрдта ӕмӕ бирӕгъыл йӕхи андзӕрста, ныххурх кӕнынмӕ йӕ хъавыдис, фӕлӕ, куыд ӕнхъӕл уыдис, бирӕгъ ахӕм ӕнӕхъару нӕ разындис. Йӕ дзаумӕттӕ йын тыдта, афтӕ дӕлӕмӕ тулгӕ цӕуынц. Уӕд Къабо хъӕр кӕны, ме 'фсымӕр, цы фӕдӕ, бирӕгъ мӕ бахордта, зӕгъгӕ. Афтӕ тулгӕ-тулын доны ныххаудысты, ӕмӕ йыл уым лӕг фӕуӕлахиз – доны йӕ ныххуыдуг кодта.

# ÆГЪУЫССÆГ

Охъазтæ Дыгургомы цардысты. Уæлладжыры иу лæг фынæй нæ кодта æмæ йын чидæр бацамыдта, Дыгургомы, дам, Охъазты Гæвди хуыссæджы хос кæны. Лæг абалц кодта Уæлладжырæй Дыгургоммæ, йæ изæр Гæвдимæ бахаста. Охъазтæ кæрдзындæттон, уазæгуарзæг адæм уыдысты, лæджы суазæг кодтой, кусарт ын акодтой, нуазгæ дæр акодтой, æмæ уазæджы схуыссын кодтой. Лæг æхсæвы иунæг хъал дæр нæ рацис. Райсомæй ма йæ хорз федтой, æмæ йæ уæд бамбæрста, фынæй цæуылнæ кæны, уый: мæгуыр лæг уыдис, æмæ йæм хæринаг афтæ фаг нæ хаудис, æмæ æххормагæй фынæй нæ кодта, уым та æфсæстæй хорз бафынæй.

Абон алчидæр йæ гуыбын æфсадынхъом уæд.

# ГÆЛИАТЫ ХОСДЗÆУТÆ

Хос кæрдыны рæстæджы хосдзаутæ кæрдынмæ рацыдысты. Гæлиатæ æмæ Фæсналæй рацæуæг арæны цур æрлæууыдысты, æмæ йæ фæснайлаг фæрсы: арæн кæуылты у, зæгъгæ, уырдыгæй Урс хохмæ куы скæсай, уæд хохы ис хуынкъ, иннæрдæм дзы рухс кæлы.

Уæд æм гæлиатаг дзуры:

– Уалæ уыцы хуынкъæй мæнæ ауылты, – йæ цæвæгæй йæ уæле дæлæмæ куы æрбатъæпп кодта, уæд лæгыл æруадис æмæ фæмардис.

Афтæ æнæбары лæг амардта æмæ туджы фынгтæ фæкодтой.

Уым ма ис Нæлы зæд, æмæ дзы – хъæу. Уыдис дзы стыр мæсыг, кæддæр сæм шахы æфсад æрбалæбурдтой, адон мæсыджы бадтысты æмæ сæ басæттын нæ фæрæзтой, æмæ хъуыды кæнынц æфсад, адон æнæ донæй уыйбæрц куыд фæразынц, загъгæ.

Мах нымудзынмæ хорз арæхсæм, æмæ сын чидæр бацамыдта, хæргæфсæн цæхх басдæрын кæнут æмæ йын иу цалдæр боны дон ма раттут, стæй йæ мæсыджы алыварс ауадзут, æмæ кæм къаха, уырдыгæй сом дон цæудзæнис. Æмæ сын куыд бацамыдта, афтæ бакодтой: хæргæфс кæм къахта, уым скъахтой, æмæ хохæй æртæ километры галы сыкъаты мæсыгмæ цыдис дон. Куы сын æй æрæхгæдтой, уæд сын

æнæ рацæугæ нал уыдис мæсыгæй, æмæ ’хсæвы сусæгæй рацыдысты, Уæллаг сыхмæ ссыдысты æмæ, уыцы сыхимæ куы баиу сты, уæд сæм æфсад сæ ныфс нал схастой.

## ТОППЫ ДАВД

Ходæй Сындзыхъæумæ дзырдхæссæг æрвыстой. Уæд Ходы æфцæгыл цыдысты сау хъæдыл. Лæппу йæ изæр бахаста, йæ фысымтæ йæ суазæг кодтой, уаты йын хуыссæн бакодтой æмæ йæ схуыссын кодтой. Лæппу кæсы, æмæ сæ къулыл топп ауыгъд. Уыцы заманы топп зын ссарæн уыдис. Лæппу ’хсæвы сыстадис, топп райста æмæ ралыгъди. Сау хъæды тæрфмæ куы бахæццæ, уæд ыл балбирæгътæ бамбæлыдысты. Лæппу бæласмæ сбырыд æмæ йæхи къабузмæ бабаста. Баст куынæ уай, уæд сæ смаг уадзын байдайынц бирæгътæ, æмæ лæг æрхауы. Бирæгътæ бæласы бын зилын байдыдтой, стæй бæлас æхсынмæ фесты. Лæппу катайы бацыдис, стæй йæ къухæй иу гæбаз стыдта йæ дæндæгтæй æмæ туг бирæгътыл æркалдта. Бирæгътæ туджы тæфмæ æрра кæнынц, æмæ, туг кæуыл æркалдис, уыдонмæ фесты. Кæрæдзи хæрын байдыдтой. Афтæ лæппу аирвæзтис, бонмæ бæласыл баззадис бастæй.

## АРСÆМÆГ

Ходы фæсивæд – бæрзон, уæнгджын æмæ хæрзконд, уæздан, æгъдауджын æмæ кафынмæ рæвдз. Фæлæ Хъайтыхъты Арсæмæг се ’ппæтæй сæрæндæр уыдис. Саугъæды сæ фос дардтой, Сындзыхъæумæ дæр фæндаг ууылты уыдис. Кæмдæр сæ бæхтæ суагътой ахизынмæ, æмæ сыл иу афон бирæгъ йæхи æрбауагъта. Лæппутæй иумæ уыди сæрæн саргъы бæх, æмæ йыл уый йæхи рауагъта æмæ йæ ассырдта.

Бирæгъ куы иуырдыгæй, куы иннæрдыгæй бæхтыл йæхи рауадзы. Бæх дæр æм рæвдзæй лæууыдис æмæ та йæ асуры. Уæд Арсæмæг зæгъы:

– Фехсæм æй!

Фæлæ йæ бæхы хицау нæ бауагъта – уадзут, дам-ма йæ, бирæгъæй куыд хъазы, уый нæ уынут.

Уæд та йæм Арсæмæг дзуры:

– Цалынмæ ницы фыдбылыз скодта, уæдмæ йæ фехсæм.

Фæлæ та йын бæхы хицау бар нæ радта.

Бирæгъ сыджыт куы ахæра, уæд ныфсджын кæны, зæххæй, дам, ард фæхæры. Бирæгъ уæлбылмæ ссыдис æмæ зæхмæ фæлæбурдта, дзыхы дзæгтæ дзы стыдта, стæй арвма йæ сæр схъил кодта æмæ цалдæр хатты нынниудта, стæй бæхыл йæхи ныццавта æмæ йын йæ тæн фегом кодта. Æмæ йæ уæд Арсæмæг дæр фехста. Лæг ма бæргæ нырдиаг кодта, фæлæ ма ныр цы…

Хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй Арсæмæг тынг хъал лæппу уыдис, æмæ дам-иу чызджыты сасирæй луæрста – йæхицæн дзы йæ бон йæхи аккаг равзарын нæ уыдис.

Хохы Дыгуры йын уыдис æрдхорд æфсымæр, æмæ йæм арæх цыдис. Гъемæ уым иу чызджы бауарзта æмæ нoджы арæхдæр цæуын байдыдта. Иухатт ыл баталынг ис зымæгон. Хорз саргъы бæх æм уыдис æд цыргъ цæфхæдтæ, афтæмæй йыл балбирæгъæ бамбæлдысты, æмæ бæх йæхи размæ схойы, фæлæ йæ Арсæмæг уромы. Уæд бæх йæ сæр размæ атъæпп кодта æмæ йæм дзы алæвæрдта. Бирæгътæ йæ фæсте сурынц. Хъæуы кæрон – стыр фахс, стыр был æнæхъæнæй дæр ныйих, æмæ дзы бæх цыргъ цæфхæдты басыффытт кодта, фæлæ-иу бирæгътæй чи батахт, уый-иу айнæг ихыл фæбырыдис æмæ иу былæй атахтис бынмæ æмæ ма-иу йæ хъыс-хъыс ссыдис. Афтæ бирæгътæ былæй фæкалдысты. Арсæмæджы бæх йе ’рдхорды хæдзармæ сахуыр уырдæм, бацыдис æмæ кæрты ныууасыдис. Йе ’рдхорд рауадис, æмæ йын йæ къухтæ идонæй ратонын сæ бон нæ бацис, æмæ йæ бæхы сæрæй фефтыдтой. Æд идон æй хæдзармæ бакодтой, æмæ уым хъармы йæхимæ куы ’рцыдис, уæд сын æй радзырдта. Хистæртæ-иу куыд дзырдтой, афтæ йе ’рдхордимæ хъуыддæгтæ йæхæдæг фæкодта, бафидыдтой. Нæдæр æй йæ къухылхæцæгæн фенын кодта, ничи йæ федта, æмæ йæм хæссынмæ куы ацыдысты, уæд къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын бацыдысты, нæ чындзы дзаумæттæ скæнын кæнæм æмæ йæ базонæм, зæгъгæ. Уатмæ куы бацыдысты, уæд, рæсугъд чызг чи уыд, уымæ дын бацæуынц, нæ чындз, дам, у. Чызг ныххудтис æмæ иуварс алæууыдис, æз уæ чындз нæ дæн, зæгъгæ.

Къуымы абадгæ фыдуынд чызг æнцад лæууы, æмæ уымæ амонынц, уæртæ, дам, уæ чындз. Лæппутæ кæрæдзимæ бакастысты æмæ

ууыл дзаумæттæ скæнын кодтой æмæ йæ рахастой. Афтæ Хъивоны ’фцæгмæ куы схæццæ сты, уæд сæ Арсæмæг дæр сæййæфта, æмæ йæм лæппутæ дзурынц.

– Куы никæуыл æрвæссыдтæ, уæд ай цы ракуырдтай?!

Арсæмæг æм куы бакасти, уæд марды хуызæн фæцис. Лæппутæ йæм дзурынц, фæстæмæ йæ акæнæм, зæгъгæ, фæлæ йæ сæрмæ не ’рхаста тæргæйттæ кæнын. Хуыздæр амонды аккаг нæ уыдтæн, æвæццæгæн, зæгъгæ, йæ цард уыимæ арвыста. Хорз цот сын рацыдис, стæй йæ байзæддæгтæ дæр дзæбæх адæм сты.

## ТЪÆРАЙЫ ÆЛДАР

Тъæра ис Æрхоны комы, Дæллаг æмæ Уæллаг Тъæра. Цардис дзы аст мыггаджы, уыдис дзы æлдар. Хуыдтой йæ Хуынæрвæдæг. Йæ иу хъус уыдис куыдзы хъус, иннæ та – лæджы хъус. Хъæуы адæмæй кæуыл æууæндыдис, ахæм лæгимæ баныхас кодта, мæ сæр мын дасдзынæ, æрмæст, дам, басомы кæн, цы фенай, уый кæй никæмæн зæгъдзынæ. Лæг басомы кодта æмæ йын йæ сæр дасын райдыдта. Цас рацыдис, чи зоны, фæлæ лæг тыппыр кæнын байдыдта æмæ иубон къулыбадæг усмæ бацыдис:

– Тынг тыппыр кæнын, æмæ мын исты хос сараз.

Ус æм æркастис æмæ йæм дзуры:

– Тынг стыр хъуыддаг æмбæхсыс дæ хуылфы æмæ йæ цалынмæ искæмæн радзурай, уæдмæ тынгæй-тынгдæр дымсдзынæ.

Уæд æм лæг дзуры:

– Ницы сусæгдзинад мæм ис, – æмæ рацыдис.

Фæлæ та бонæй-бонмæ тынгдæр тыппыр кæнын бадыдта. Уæд иубон хъæуæй дард ацыдис æмæ уым дæлгоммæ æрхуыссыдис зæххыл æмæ афтæ хъæды зæхмæ ныдздзырдта:

– Тъæрайы Хуынæрвæдæг æлдарæн йæ иу хъус лæджы хъус у, иннæ та – куыдзы хъус.

Стæй хæдзармæ куы рацыдис, уæд йæ тыппыр æрбадт. Фæлæ зæхмæ кæдæм ныдздзырдта, уым æртæ ставд сæнчы æрзадис, бæрзонд ссыдысты, æмæ иу фæззыгон бон иу фыййау йæ фос уырдæм баздæхта. Сæнчытæ куы федта, уæд дзы иу ралыг кодта, уадындз дзы скодта.

Уадындзæй цæгъдын куы байдыдта, уæд уадындз зарын байдыдта:

– Дæлæ Хуынæрвæдæг æлдарæн йæ иу хъус – лæджы хъус, иннæ хъус – куыдзы хъус.

Афтæ йæ кой айхъуыстис, æлдармæ йæхимæ дæр бахæццæ хабар, æмæ лæгмæ фæсидтис æмæ йæм дзуры:

– Æз дыл куы бауæндыдтæн, уæд мæ цæмæн фæкой кодтай.

Лæг сомы кæны зæхх æмæ арвæй, ард хæры, никæмæн æй загътон, зæгъгæ. Афтæ тыппыр кæнын байдыдтон æмæ зæхмæ ныдзырдтон, æмæ дзы æртæ сæнчы æрзадис.

Ссыдысты, уыцы бынатмæ кæсынц, æмæ дзы иу сæнк – лыг. Адон дæр дзы иу сæнк ралыг кодтой, уадындз дзы скодтой, æмæ та уый дæр афтæ зарын байдыдта:

– Дæлæ Хуынæрвæдæг æлдарæн йæ иу хъус – лæджы хъус, иннæ хъус – куыдзы хъус. Уæд Хуынæрвæдæг æлдар бамбæрста, цыфæнды сусæгдзинад дæр бамбæхсæн кæй нæй, кæддæр раргом вæййы.

*Радзырдта сæ Байсонгъуырты Мысаби,*
*ныффыста сæ Едзиты Андрей*

## ÆВЗАГЗОНЫНАДЫ ФАРСТАТÆ

*КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,*
*филологон наукæты кандидат*

# РАСТФЫССЫНАД – АДÆМЫ ИУ КÆНЫНЫ ФÆРÆЗ

*Уац*

Ирон орфографийæн куыд дзырдтæ фыссыны æгъдæутты системæйæн йæ ратæдзæныл нымайын хъæуы 1937 аз – уæд мыхуыры рацыдис ирон æвзаджы орфографийы фыццаг проект. Сарæзта йæ зындгонд ирон лингвист, дыууæ орфографион дзырдуаты автор Багаты Никъала. Стыр æвæрæн бахаста ирон растфыссынады системæйы рæзтмæ Хъуылаты Гала дæр – 1956 азы «Ирон æвзаджы орфографион æгъдæутты» проекты бындурыл сарæзта «Ирон æвзаджы орфографи æмæ дзырдуат».

Проект расайдта уæрæх дискусси, уыцы азты растфыссынады фæрстытыл бæстон ныхас цыди газетты, журналты, алыхуызон æмбырдты. Арæзт æрцыд сæрмагонд орфографион къамис дæр. Растфыссынады æгъдæуттæм цы ивддзинæдтæ бахастой, уыдон фидаргонд æрцыдысты 1939-æм, 1943-æм, 1955 – 1956-æм, 1987-æм азты арæзт проектты æмæ сæ бындурыл арæзт орфографион дзырдуæтты (Багаты Н., 1947; Хъуылаты Г., 1956; Багаты Н., 1963; Багаты Н., Тахъазты Х., 2002).

Æхсайæм – æстайæм азты цы стыр куыст бакодтой ирон ахуыргæндтæ, уый аиуварс кодта дзæвгар орфографион зындзинæдтæ, æнæрастдзинæдтæ, быцæйуаг бынæттæ, фæлæ абоны онг растфыссынады фарст у актуалон, уымæн æмæ æнæлыггондæй баззадысты иуæй-иу проблемæтæ; уыдон баст сты куыд æгъдæутты формулировкæтимæ, афтæ сæ мидисимæ дæр.

Ирон растфыссынады рæзты ног этап баст у, 1987 азы цы «Ирон æвзаджы орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ» рацыдис, уыдонимæ. Уыцы æгъдæутты активондæр аразджытæй иу у филологон наукæты доктор, профессор Тахъазты Харум. 2002 азы уый «Ирон æвзаджы орфографион æгъдæутты» æмæ Багаты Никъалайы дзырдуаты бындурыл сарæзта æмæ мыхуыры рауагъта «Ирон орфографион дзырдуат».

Растфыссынады теорийы фæрстытыл ныхас цæуы профессор Исаты Мæхæмæты «Очерк фонетики осетинского литературного языка»-йы, Багаты Никъалайы «Грамматика осетинского языка» æмæ «Современный осетинский язык»-ы, Медойты Боболкæйы «Ирон æвзаджы фонетикæ, графикæ, орфографи æмæ орфоэпи»-йы. Ацы проблемæтæ иртæст цæуынц æндæр куыстыты дæр, зæгъæм, Гуыриаты Тамерланы «Влияние русского языка на развитие осетинской лексики»-йы æмæ Гæбæраты Никъалайы чиныджы «Морфологическая структура слова и словообразование в современном осетинском языке».

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ахуыргæндты куыстытæ стыр ахъаз фесты ирон æвзаджы растфыссынады системæ снывыл кæнынæн, фæлæ æппæт фæрстытæ лыггонд нæма æрцыдысты. Афтæ куы нæ уаид, уæд та дыууын фыццаг æнусы райдианы растфыссынады æгъдæуттæм ногæй æркæсын нæ бахъуыдаид. Цасдæр рæстæджы дæргъы орфографион къамисы уæнгтæ – университеты, наукон-иртасæн институты ахуыргæндтæ – куыстой уыцы æгъдæутты ног редакцийыл æмæ йæ мыхуырмæ бацæттæ кодтой 2004 азы. Уый дæр идеалон вариантыл банымайæн нæй, æмæ ацы фарст сси наукон куысты сæр – 2010 азы ирон орфографийы теоретикон аспектты темæйыл кандидатон диссертаци бахъахъхъæдта Боцуаты Евген. Автор йæ разы æрæвæрдта ахæм хæстæ: «проследить основные этапы становления и развития осетинской орфографии и предшествующих ей сфер письма – графики и алфавита; определить основные принципы и выделить ведущий принцип современной осетинской орфографии; рассмотреть особенности правописания заимствованных (из русского или через русский язык) слов; выявить закономерности слитного, дефисного и раздельного написания слов, описать принципы и приемы оформления графических сокращений и аббревиатур, употребления прописных букв и переноса слов» [Боцоев Е.Е. Теоретические аспекты осетинской орфографии. Автореф. дисс. ...канд. филол. наук. Владикавказ, 2010. 3 ф.]

Растфыссынады фарст фыццаг бакастæй банымайæн ис æрмæст лингвистикон кæнæ ахуырадон проблемæйыл. Арфдæр æм куы ‘ркæсæм, уæд рабæрæг уыдзæнис, орфографи, тырыса æмæ гимн паддзахадон иудзинады бæрæггæнæнтæ, символтæ кæй сты, уый. Зыдгонд у, растфыссынады æппæты бындурондæр реформæтæ паддзахады æхсæнадон арæзты ивддзинæдтимæ баст кæй сты (уый бæрæг у куыд Ирыстоны,

афтæ иумæйагæй Уæрæсейы историйы дæр). Уыимæ зæрдыл дарын хъæуы графикæ æмæ орфографийы æнгом бастдзинад. Акæсæм-ма, цал хатты аивта ирон фыссынады графикæ. Æрлæууын-ма кæнæм нæ зæрдыл академик А. Шегрены ныхæстæ ирон графикæйы тыххæй. Номдзыд ахуыргонд фыста, ирон æвзаг йæ мырон скондмæ гæсгæ уырыссагæй гуырдзиаг æвзагмæ хæстæгдæр кæй у æмæ йын гуырдзиаг графикæйы бындурыл фыссынад саразын æнцондæр кæй уаид, фæлæ, ирон адæмы фидæн æмæ хъысмæтыл хъуыды кæнгæйæ, уырыссаг адæммæ йæ хæстæгдзинад (æцæгæйдæр, ирæттæ сæ равзæрдæй дæр хæстæгдæр сты иннæ индоевропæйаг – уырыссаг – адæммæ) хынцгæйæ, ирон фыссынады бындуры нывæрдта уырыссаг графикæ.

Уæдæ орфографи æнæгуырысхойæ у политикон, паддзахадон фарст. Афтæ уыди Ирыстоны дæр дыууынæм æнусы. Уæд орфографион къамистæ арæзт цыдысты паддзахадон оргæнты, республикæйы хицауады раз. Уымæй дæр бæрæг уыдис, ацы фарстмæ паддзахад цы цæстæй кæсы, уый. Фæстаг хатт ахæм къамис арæзт æрцыдис æстдæс азы размæ. Къамисы уæнгтæ сæхæдæг дæр куыд загътой, афтæмæй ма растфыссынады æгъдæуттылноджыдæр бакусын хъæуы. Уымæ сидынц рауагъдæтты, редакциты кусджытæ дæр.

Нæ орфографи бынтон æнæаипп, æнæлаз куы уаид, уæддæр лингвисттæ æгуыстæй нæ баззаиккой. Мæнæ куыд фыссы уырыссаг æвзаджы специалист О. Карпова: «Работа орфóграфов протекает между двумя полюсами: системных и текущих изменений – в словарном составе языка и в медленно меняющейся письменной практике. Орфографам приходится даже вне реформ быть кодификаторами – упорядочивать вновь поступающий материал: закреплять написание новых слов, устанавливать дефисное или слитное написание, определять прописные буквы, выбирать транскрипционный или транслитерационный принцип для заимствованных слов и так далее» [«История с орфографией. Неудавшиеся реформы русского правописания второй половины ХХ века»]. Ома цыфæнды хорз арæзт растфыссынадыл дæр кусын хъæуы æдзухæй (раст зæгъгæйæ, ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, иунæг æвзаджы дæр нæй идеалон растфыссынад. Фæстаг азты стыр куыст цыди уырыссаг орфографийы реформæ бацæттæ кæныныл, фæлæ дзы ницы рауад: «реформаторты» уынаффæты ныхмæ карзæй сдзырдтой бирæ ахуыргæндтæ, фысджытæ, ахуыргæнджытæ, уымæн

æмæ реформæйы фæстæ æнæуи дæр «зынфыссæн» уырыссаг æвзагæн фæзындаид ноджы зындæр, логикæйæ цух орфографи): «Есть ли необходимость реформирования орфографии, если расхождение ее с практикой звучащей речи затрудняет овладение навыками письма? Нет. Об этом свидетельствует существование традиционных систем письма, отражающих реальное состояние языка многовековой давности. Они давно стали весьма сложными для тех, кто ими пользуется в настоящее время. Такова, например, ситуация с письменностью английского языка, в котором написание большинства слов установилось в XIII—XV веках, и в результате, например, для английской фонемы «о:» существует 22 способа изображения, в том числе и многобуквенные, иногда уникальные (например, в слове daughter). Полагаю, что с трудностями английской орфографии сталкивались едва ли не все, и вряд ли кто-нибудь из обучающихся ее одобряет. Однако англичане живут с этой своей орфографией – конечно, многие думают о том, что она могла бы быть попроще, посовременнее, – однако реформировать ее пока не собираются. А ведь существует еще и иероглифическое письмо китайцев – это еще «похуже» английского. Следовательно, и мы можем жить, ничего не меняя», – фыссы лингвист С. Пожарицкая йæ уацы «Орфография и возможности ее реформирования».

Ирон орфографимæ æргом аздахын кæй хъæуы, ууыл дзурæг сты цалдæр факты.

Фыццаджыдæр, фыссынады «хицæн хуызтæ» фылдæрæй-фылдæр кæнынц Цæгат Ирыстоны æмæ Хуссар Ирыстоны. Фидаргонд «Ирон æвзаджы орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ» нымады не сты æрмæст иуæй-иу фысджытæм нæ, фæлæ ма наукон кусджытæм дæр.

Æрхæссæм цалдæр дæнцæджы Къæбысты Зауыры роман «Дуджы фæлгæтты»-йæ: *Йæ рæмбыныкъæдзы дзыхъхъы урсæй зынд ногæфтыд* ***аик****. **Аик** зæхмæ æрхауд æмæ зæххыл фæтъæпæн ис. **Æуым** дын уыдзæн диссæгтæ дæр æмæ тæмæстæ дæр, дæ зæрдæ дæр ма сæ схæсдзæн.* ***Æттæмæ*** *хъæрдта æмæ йын ме уæхскыл сæвæрæн дæр нæ уыд. Цыма сæры царм бурæмæдзæй сæрст уыд, уыйау ыл андæгъдысты æмæ, кæм андæгъдысты, уырдыгæй* ***аггуырсын*** *нал куымдтой. Уым дæр* ***рауардтай*** *дæхи хуызæн пианицæтæ, уыдоны хуызæн суай.*

Ахæм дæнцæгтæ хæссæн ис сæдæгай æмæ мингай. Суанг ма ахуыргæнæн чиныгæй дæр. Зæгъæм, Медойты Боболкæ йæ «Ирон æвзаджы

морфологи»-йы: *Æвзаджы цы дзырдтæ вæййы, уыцы дзырдтæ **хъуыдиæдтæ** аразынæн пайдагонд цæуынц алы формæты» (126 ф.); Уымæн æмæ уыцы иу дзырд **хъуыдийады** цалдæр хаты куы сæмбæлы...» (126 ф.); Сæ **иумиаг** нысаниуæг дæр ахæм ном уымæн райста (127 ф.).*

Зæгъын хъæуы уый, æмæ, дæнцæгтæ цы чингуытæй æрхастам, уыдонæй иу мыхуыры рацыд Цæгат Ирыстоны, рауагъдад «Ир»-ы, иннæ та – Хуссар Ирыстоны.

Дыккаджы та уый, æмæ Цæгат Ирыстоны алы мыхуыры оргæн дæр фыссын райдыдта «йæхирдыгонау». Алы газеты дæр ссарæн ис, растфыссынады фидаргонд æгъдæутты фæлгæттæй чи ахизы, ахæм фыстытæ.

Уый алкæд авторы аххос нæ вæййы. Орфографион æгъдæуттæ фæфылдæргæнинаг, фæбæлвырдгæнинаг сты, уымæн æмæ не ‘взаджы дзæвгар ис ахæм дзырдтæ дæр, æмæ сæ куыд ныффыссын хъæуы, уый орфографион æгъдæуттæм гæсгæ базонæн нæй.

Абон иронау фыссын райдыдтой (æмæ уый тынг хорз у!) интернеты дæр – алы сайтты, алы социалон хызæгты. Фæлæ тынг стæм хатт сæмбæлæн ис раст фыст, æнæрæдыд текстыл. Уый нæ, фæлæ ма фæстаг рæстæджы «модæйы рацыдис» фыссынады «ног хуыз»: куыд дзурын кæнæ мæм куыд хъуысы, афтæ фыссын. Уый зианхæссæг фæзынд у, уымæн æмæ растфыссынад æрмæст адæймаджы иумæйаг культурæйы æвдисæн нæу, фæлæ ма адæмы иудзинады фæрæз дæр.

Уæвгæ, абон ирон æвзаджы растфыссынад бирæ æндæр æвзæгты растфыссынæдтæй хуыздæр уавæры ис. Кæд æм æркæсын хъæуы, уæд æрмæстдæр уымæн, æмæ йын æнцонæй фæхуыздæр кæнæн ис. «Æнцонæй» уый тыххæй зæгъын, æмæ ирон лингвистикæйы фаг ис, йæ бон уыцы куыст бакæнын кæмæн у, ахæм наукон тыхтæ. Æмæ ма ноджы иу хъуыды: орфографи кæд политикон, паддзахадон хъуыддаг хонæм, уæд ыл кусгæ дæр хъуамæ кæной профессионалтæ. Уыцы хъуыддаджы разы дæн зындгонд лингвист С. Пожарицкаяимæ: орфографион къамисы «должны быть только профессионалы — ученые и те педагоги, которые не только «вдалбливают» ученикам правила, но и думают о существе этих правил. И ни одного человека со стороны, будь то великий писатель или правительственный чиновник, ведающий системой образования. Референдумы-плебисциты и широкомасштабные дискуссии здесь так же неуместны, как и при решении профессиональных медицинских, юридических или технических проблем» («Орфография и возможности ее реформирования»).

# ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ

## БУДАЙТЫ МИЛУСЯ

(1952)

*РЦИ-Аланийы Фысджыты цӕдисы уæнг, Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг Будайты Агуыбейы чызг Милуся райгуырд 1952 азы 22 декабры Ӕрæфы районы Толдзгуыны хъæуы. Скъола каст куы фæци 1970 азы, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны медицинон училищемæ. 1973 азы йæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ фæцис æмæ уыцы аз кусын райдыдта йæ райгуырæн хъæуы фельдшерон-акушерон пункты сæргълæууæгæй.*

*1973 азы Милуся йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты. 1978 азы уæлдæр ахуырады Сырх диплом куы райста, уæд кусын райдыдта Беслæны 3-æм астæуккаг скъолайы ирон æмæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй.*

*1979 азæй нырмæ кусы рауагъдад «ИР»-ы чингуыты редакторæй.*

*Милуся æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Йæ фыццаг уацмыстæ мыхуыры цыдысты журналтæ «Ногдзау» æмæ «Мах дуг»-ы, «Рæстдзинад» æмæ æндæр газетты.*

*Ивгъуыд æнусы æстайæм азты йын мыхуыры фæзындысты радзырдты æмбырдгæндтæ сабитæн, 2003 азы – æмдзæвгæты æмбырдгонд «Сауæдонæ», 2010 азы та – чиныг «Бабай аргъæуттæ». Фыссы хистæр кары чиныгкæсджытæн дæр. Зæгъæм, 2000 азы фæзынд йæ поэтикон æмбырдгонд «Урс уарди», 2012 азы та – радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгонд «Зæриндаг».*

*У скъолатæн методикон чингуыты автор.*

*БУДАЙТЫ Милуся*

# ХЪЫСМÆТ

*Радзырд*

Кæрты стыр æнгуз бæласы бын бадынц зæронд Дзамболат æмæ йæ цардæмбал Цæразон. Лæг йæ лæдзæгыл æнцой кæны, Дзерассæ та æлвисы, афтæмæй ныхас кæнынц. Дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæр цæуы, кæдæй сæ цард баиу кодтой, уæдæй. Сæ царды фæндаг лæгъз нæ уыд. Бирæ зынтæ федтой, фæлæ дзы цин, райдзаст бонтæ дæр фаг уыд. Ныртæккæ – сæ царды фæззæджы – сæ бон зæгъын у, амондджын кæй сты. Сæхи амондджыныл нымайынц, уымæн æмæ схъомыл кодтой æртæ фырты æмæ чызджы. Уыдон иууылдæр сты æгъдауджын, ахуыргонд, ис сын бинонтæ, сывæллæттæ. Ис сын фыртыфырты цот дæр. Мад æмæ фыд уæд вæййынц амондджын, сæ цотæй сæ зæрдæ рухс куы кæна. Арæх æрымысынц зæронд лæг æмæ ус сæ царды фæндæгтæ...

* * *

Дзамболат схъомыл ис стыр бинонты `хсæн. Йæ фыдæн уыд фондз æфсымæры, уæд ма иууылдæр иумæ цардысты Куырттаты комы. Алкæмæн дæр дзы уыд бинонтæ. Дзамболат куы бахъомыл, уæд хæдзары æххуыс кодта: фосмæ зылд, фыййау, хъомгæс цыд, суг саста, хистæртæн кæстæриуæг кодта.

Быдырмæ куы ралыгъдысты бинонтæ, æмæ ам – Æхсæрджыны – куы `рцардысты, уæд фыдыфсымæртæй алчидæр йæхи хæдзар сарæзта æмæ цæрынтæ байдыдтой, Дзамболаты фыд дæр сарæзта йæхи хæдзар. Уыди сæм хуымзæххытæ, дардтой фос. Хъиамæт кодтой æмæ ницæмæй хъуаг уыдысты. Дзамболат, йæ хо æмæ æфсымæрæн уыди сæ хистæр. Мад æмæ фыды фæндыди, цæмæй сæ цот скъолайы ахуыр кодтаиккой. Æмæ Дзамболат дæр æмæ йæ кæстæртæ дæр цыдысты райдайæн скъоламæ. Тынг зæрдиагæй ахуыр кодтой иууылдæр, фæлæ Дзамболат иу-цалдæр азы фæстæ йæ ахуыр ныууагъта, уымæн æмæ хæдзары æххуыс кæнын хъуыд. Фыдæн иунæгæй зын уыд, кæстæртæ та æнахъом удысты. Æмæ Дзамболат лæджы куыстытæ иууылдæр йæхимæ райста. Афтæмæй цыдысты бонтæ æмæ семæ фарн хастой.

Ссæдз азы йыл куы сæххæст, уæд ын йæ мад æмæ фыд дзурын байдыдтой, бинонты хъуыддаг бакæ, зæгъгæ. Фæлæ лæппуйæн йæ сæры ууыл хъуыдытæ нæма уыд. О, уыди ахæм чызг, йæ зæрдæмæ чи цæуы. Цæразонты Дзерассæйы сусæг уарзтæй уарзта. Дзерассæ нырма скъолайы ахуыр кодта, фынддæс азы йедтæмæ йыл нæма цыд. Æцæгдæр, тынг рæсугъд чызг уыд: бæрзонд, нарæгастæу, йæ мыдхуыз дзыккутæ раст йæ фадхъултæм хæццæ кодтой. Йæ цæсгомæй, куыд фæзæгъынц, хуртæ æмæ мæйтæ кастысты. Стæй тынг æвзыгъд уыд, кæд ма æрыгон уыд, уæддæр: сылгоймаджы куыстытæй алцæмæ дæр арæхст.

Дзамболатитæ цæугæдоны был цардысты, æмæ-иу чызг сæ рæзты донмæ куы фæцæйцыд, уæд-иу лæппу йæ фæстæ кæсгæйæ баззад æмæ-иу хъуыдытæ кодта: «Уæдæ цы рæсугъд чызг у Дзерассæ! Нæ, нæ, мæн æндæр ничи хъæуы, ничи. Иу-æртæ азы ма йæм банхъæлмæ кæсдзынæн, стæй йын мæ зæрдæйы уаг раргом кæндзынæн. Мæ мад æмæ мæ мæ фыд дæр кæд бамбариккой...»

Хъуыддæгтæ иууылдæр Хуыцауы къухы сты. Уыд фарастсæдæ цыппор фыццæгæм аз, хурхæтæны мæй. Дзæбæх сæрдыгон бон скодта. Адæм сæ цæхæрадæтты куыстой, сывæллæттæ сæхи цæугæдоны надтой, фыстæ æмæ стурвос фахсыл хызтысты. Сыхы зæронд лæгтæ бадтысты, доны был кæрз бæлæсты бын цы бандон уыд, ууыл, ныхæстæ кодтой. Дзамболатиты раз цы бандон уыд, ууыл та бадтысты йæ нана Данæ æмæ сæ сыхæгты зæронд ус – Борæхан, чи дзы æлвисгæ кодта, чи та – цъындатæ быдта, афтæмæй ныхæстæ кодтой. Ахæм дзæбæх бон æрбайхъуысти æвирхъау хабар Æхсæрджыны хъæумæ, хæст райдыдта, зæгъгæ.

Цыдысты хæстмæ Æхсæрджыны хъæуæй дæр. Дзамболатмæ дæр фæдзырдтой. Хæстонтæ æрæмбырд сты хъæуы астæу фæзмæ. Тынг бирæ адæм дзы уыд, фæндараст зæгъынмæ чи æрцыд, уыдон. Ардæм æрбацыдысты Дзамболаты мад, фыд, æфсымæр Мурат æмæ хо дæр. Йæ мад Фаризæт æмæ хо Мæдинæт куыдтой. Цæрæзонты Дзерассæйæн дæр йе `фсымæр Дзæрæхмæты хæстмæ кодтой, æмæ уый дæр йæ мад æмæ фыдимæ уым уыд.

Хæстонтæ машинæтæм куы фæцæйцыдысты, уæд Дзамболат йæ хионты йæ хъæбысы акодта. Йæ фыд Тæтæрхъаны къух исынмæ куы бацыд, уæд ын уый загъта:

– Хъусыс, лæппу, нæ Ирыстон, нæ хъæу, нæ мыггаджы сæр хъуыдыгæнгæйæ, тох кæн знаджы ныхмæ. Хуыцауы фæндон у! Лæгты

дзуар дын æххуысгæнæг уæд! Хæстмæ чидæриддæр цæуы, уыдоны се `ппæты дæр йæ рахиз базыры бын бакæнæд! Фæндараст кæнут æппæт дæр! Хуыцау зæгъæд, æмæ уæлахизимæ æнæнизæй, сæрæгасæй куыд сæмбæлат уæ райгуырæн зæххыл! – стæй йæ фырты ахъæбыс акодта.

Дзамболат машинæмæ куы фæцæйцыд, уæд ауыдта Дзерассæйы кæугæйæ. Йæ размæ бацыд, æмæ йын загъта:

– Ма ку, Дзерассæ! Ма тæрс, Дзæрæхмæт дæр, стæй иннæтæ дæр дзæбæхæй, уæлахизимæ сыздæхдзысты! Æнхъæлмæ нæм кæс! – æмæ бараст машинæмæ, иу каст ма фæккодта йæ бинонты `рдæм.

Дзерассæ æрмæстдæр цалдæр азы фæстæ бамбæрста, Дзамболаты зæрдæмæ кæй цæуы, уый. Æмæ йын хуымæтæджы кæй нæ загъта, æнхъæлмæ нæм кæс, зæгъгæ...

Дзамболат æмæ йе `мбæлттæ уыцы бонæй фæстæмæ цыдысты хæстон фæндæгтыл. Тох кодтой æнæуынон знаджы ныхмæ нæ бæстæйы сæрвæлтау. Дзамболат бирæ зындзинæдтæ бавзæрста, бирæ хæттыты йæ цард æрдуйыл лæууæгау уыд, фæлæ нæ рох кодта йæ фыды фæдзæхст. Йæ зæрдыл-иу æрлæууыдысты йæ хъæубæстæ, йæ бинонтæ, Дзерассæ... Æмæ-иу ын уæгъд рæстæг куы фæцис, уæд сæм фыстæджытæ фыста. Фæндыди йæ, бæргæ, Дзерассæмæ дæр ныффыссын, фæлæ-иу ахъуыды кодта: «Нæ, нæ, куыд фенхъæл уыдзæн, раст мæ куынæ бамбара, йæ зæрдæ мыл куы фæхуда...»

* * *

Мин фарастсæдæ цыппор æртыккæгæм азы Дзамболат хъæбатырæй тох кодта знаджы ныхмæ Украинæйы зæххыл. Уыди взводы командир, уыд сержант. Иу тохы рæстæг уæззау цæф фæци, гранат йæ разы фехæлд. Æрмæстдæр госпиталы æрцыд йæхимæ. Йе 'мбæлттæй йын иу радзырдта:

– Дзамболат, ды уый зоныс, æмæ дæ нæ медицинон хо Наташæ фервæзын кодта, уый дæ раласта тохы быдырæй, фæлæ, мæгуыр, йæхæдæг дæр уæззау цæф фæци, æмæ ныр уый дæр ам госпиталы хуыссы. Кув, хæстон, Хуыцаумæ, стæй Наташæйæн, уыдоны фæрцы фервæзтæ. Дыккаг хатт райгуырдтæ, дыккаг...

Дзамболат йæхиуыл куы фæхæцыд, сынтæгæй йæ бон сыстын куы бацис, уæд Наташæйы бацагуырдта, уымæн йæ сæр æмæ йæ къах цæф уыдысты. Чызг фæдзæбæхдæр ис, фæлæ сынтæгæй йæ бон нæма уыд сыстын. Дзамболат æм алы бон дæр цыд бæрæггæнæг, ныхæстæ-иу кодтой. Иухатт ын загъта:

– Мæн тыххæй ма ды дæр фæцæф дæ... Уагътаис мæ уым... Хуыцау бахизæд, фæлæ куы фæмард уыдаис, уæд та?

– Макуыуал зæгъ афтæ, Дзамболат. Мæлгæ куы кодтаин, уæддæр дæ нæ ныууагътаин. Зæгъ-ма, ды та мæ ахæм уавæры ныууагътаис?

– Мемæ дæхи ма бар, Наташæ, æз нæлгоймаг дæн, ды та чызг дæ.

Цыдысты бонтæ, Наташæ дæр фæдзæбæхдæр, сынтæгæй йæ бон уыд сыстын, æмæ ныр арæх тезгъо кодтой Дзамболатимæ. Дыууæйæ дæр арæх мысыдысты сæ бинонты. Наташæ мæскуыйаг чызг уыд, æмæ йæм диссаг кастысты, Дзамболат ын Ирыстоны, Куырттаты комы тыххæй цытæ дзырдта, уыдон. Лæмбынæг-иу хъуыста, арф-иу ныуулæфыд, стæй-иу загъта:

– Цы тынг мæ фæнды фенын Ирыстон, Куырттаты ком, Кавказы хæхтæ, цæугæдæттæ, æхсæрдзæнтæ... Дзамболат, дæ ныхæстæм гæсгæ, тынг рæсугъд у Ирыстон. Æз никуыма федтон хæхтæ.

– О, о, æцæгæйдæр рæсугъд у Ирыстон, йæ кæмттæ, алæмæты бæстæ у Куырттаты ком, стæй йæ адæм дæр хорз сты, – загъта Дзамболат, стæй ма бафтыдта йæ ныхасмæ: – Наташæ, хæст куы фæуа, кæд сæрæгас уæм, уæд дæ Ирыстонмæ ахондзынæн. Базонгæ дæ кæндзынæн мæ мад, фыд, æфсымæр æмæ хоимæ. Зæгъдзынæн сын, мæнæ ацы рæсугъд уырыссаг чызг мæ ирвæзынгæнæг у, зæгъгæ.

Цыдысты бонтæ... Фронтæй хорз хабæрттæ хъуысыд, не 'фсæдтæ знаджы дæрæн кодтой. Сырдтой йæ фæстæмæ йæ лæгæтмæ. Дзамболат æмæ Наташæ æртæ мæйы фесты госпиталы. Мæнæ та тезгъо кодтой лæппу æмæ чызг рынчындоны кæрты. Наташæ ма лæдзæджы 'нцæйтты цыд. Иурæстæг Наташæ фæлæууыд æмæ загъта:

– Дзамболат, айразмæ афтæ загътай, æмæ, дам, хæст куы фæуа, уæд мæ Ирыстонмæ... Æмæ, уый æцæг у, æви афтæ æнæуи загътай?

– Нæ, нæ, Наташæ, æз æцæгæй дзырдтон. Уый та дын цы ныхас у, æмæ дæ сайгæ кодтон? Куыд, куыд хъуамæ дзурон мæнг ныхæстæ дæ хуызæн чызгæн, уæлдайдæр – мæ ирвæзынгæнæгæн?!

– Æмæ, æмæ... Æрмæстдæр, куыд ирвæзынгæнæджы, афтæ мæ аласдзынæ?

Дзамболат раджы бамбæрста, чызджы зæрдæмæ кæй цæуы, уый. Лæппуйæн йæхи зæрдæмæ дæр цыд Наташæ. Тынг рæсугъд чызг уыд: стыр æрвхуыз цæстытæ урсцъар цæсгомыл, къæлæт æрфгуытæ, даргъ цæстыхаутæ, цыма нывгонд уыдысты, ахæм сырх былтæ. Мыдхуыз

дзыккутæ. Бæрзонд, хæрзконд… Ирон чызджы хуызæн уыд. Уæдæ куыд адæймаг дæр – зæрдхæлар. Фæлæ уæддæр Дзамболат чызджы фарстæн дзуапп раттынмæ цæттæ нæма уыд, йæ цæсгом фæсырх. Æрлæууыд, чызджы къух райста, йæ цæстытæм ын æдзынæг каст, афтæмæй загъта (йæхæдæг дæр æнхъæл нæ уыд, афтæ зæгъдзæн, уый):

– Наташæ! Ды мæ зæрдæмæ тынг цæуыс, æмæ мæ зæгъын фæнды, цæмæй, мæнæ куы сдзæбæх уæм æмæ не `фсæддон хаймæ фæстæмæ куы ацæуæм, уæд… – иуцасдæр ницыуал сдзырдта Дзамболат, хъусæй лæууыд, стæй загъта: – Мæн фæнды, цæмæй нæ цард баиу кæнæм. Цы зæгъдзынæ, Наташæ? – Æмæ чызджы арæхстгай æрбахъæбыс кодта.

Чызджы цæсгом фæсырх, æрæджиау загъта:

– Дзамболат, æз рагæй æнхъæлмæ кастæн уыцы дзырдтæм, уымæн æмæ дæ рагæй уарзын. Фыццаг хатт дæ куы федтон, уæдæй нырмæ, – йæхи тынгдæр нылхъывта нæлгоймагмæ, – æз, æз разы дæн...

Дзамболат ын хъавгæ аба кодта, йæ царды мидæг фыццаг хатт аба кодта, æмæ йæ цымæ ток ныццавта, афтæ фæци. Уæдæ чызг дæр афтæ… Кæрæдзийыл ноджы тынгдæр ныттыхстысты, цыма мæнæ сæ дойны састой, афтæ кæрæдзийæн батæ кодтой, сæ кæрæдзийæ фæхицæн сæ бон нал уыд.

Уыцы æхсæв тынг æрæгмæ бафынæй Дзамболат, хъуыды кодта: «Раст кæнын, Наташæимæ мæ цард баиу кæнынмæ кæй хъавын, уымæй? Цы зæгъдзысты мæ мад, фыд, хъæубæстæ, уырыссаг чызгимæ куы сыздæхон, уæд? Цы уыдзæн дарддæр?.. Зæгъдзысты, æвæццæгæн, ацы лæппу хæстмæ хæцынмæ ацыд æви устытæ кæнынмæ? Хуыцау нæ дзæбæх уадзæд, æмæ хаст тагъддæр фæуæд, стæй, бæрæг уыдзæн». Йæ зæрдæмæ тынг цæуы Наташæ, фæлæ лæппу нæ ферох кодта Дзерассæйы дæр. Ныр сагъæс кæн, ма кæн, уæддæр ницыуал гæнæн ис... Кæд дзæбæх, сæрæгас уой, уæд сæ цард баиу кæндзысты Наташæимæ.

Дзамболат æмæ Натæшæйы рафыстой рынчындонæй. Ацыдысты сæ хæстон хаймæ. Наташæ – санитарон инструктор, Дзамболат та ногæй командæ кодта йе взводæн. Сси хистæр сержант. Дзамболат ныр йæхи цардæн афтæ нæ тарст, Наташæйæн куыд тарст. Æппынæдзух дæр ын фæдзæхста, дæхи хъахъхъæн, зæгъгæ.

Сæ хæстон æмбæлттæн загътой, сæ цард баиу кæнынмæ кæй хъавынц, уый тыххæй. Æмæ уыдон дæр бацин кодтой се 'мбæлтты амондыл. Уæгъд рæстæг-иу куы фæци, уæд-иу кæрæдзийы агуырдтой Дзамболат æмæ Наташæ. Иубон та бадтысты иу бæласы бын, ныхас кодтой. Чызг

йæ сæр æрæвæрдта лæппуйы хъæбысы, уый дæр ын арæхстгай йæ къух æрхаста йæ сæрыл, стæй æргуыбыр кодта, йæхимæ йæ æрбалвæста, ахъæбыс æй кодта, æмæ сæ былтæ кæрæдзийыл андзæвыдысты.

– Мæ хур, æз дæ тынг бирæ уарзын, тынг бирæ. Мæн æппынæдзухдæр демæ фæнды. Кæд фæуыдзæн ацы æнæбайрайгæ хæст? Мæнæ дын афтæ хъæбыстæ æмæ батæ кæнин æппынæдзух дæр, æппындæр дæ нæ бафсæдин, – загъта лæппу æмæ та чызгæн аба кодта. Уый дæр æм йæхи ноджы тынгдæр нылхъывта.

– Æз дæр дæ тынг бирæ уарзын, афтæ мæм кæсы, цыма ацы зæххыл афтæ тынг ничима уарзта. Тынг мæ фæнды, тагъд нæ цард куы баиу кæниккам. Уыдзæн нын лæппу æмæ чызг. Лæппу – дæу хуызæн уыдзæн, æцæг ирон лæппу!

– Чызг та – дæу хуызæн: рæсугъд, цъæхдзаст... – загъта Дзамболат æмæ та ахъæбыс кодта Наташæйы.

Уыд фæззыгон сатæг бон. Бæлæсты сыфтæр згъæлд. Халæттæ удаист ратæх-батæх кодтой. Хъуысыд сармадзанты æхсын, хæстæг, тынг хæстæг цыд хæст. Зæрдæ уынгæг кодта, адæймаджы уæнгтæ æмпылдысты. Сæлфынæг кæнын байдыдта. Фæлæ уæддæр Дзамболат æмæ Наташæйы хъарм кодта сæ уарзондзинад. Чызг загъта:

– Дзамболат, мæ зæрдæйы цыдæр тас ис, мæхæдæг дæр æй нæ зонын, цæй тыххæй, уый æмæ цæмæн. Мыййаг, фыццаг бон куынæ дæн фронты. Бирæ зынтæ федтон, ахуыр дæн ахæмтыл. Стæй, мæлæтæй дæр нæ тæрсын... – иугыццыл рæстæг ныхъхъус ис чызг, стæй дарддæр дзырдта: – Раст нæ зæгъын, мæлæтæй нæ тæрсын, зæгъгæ. Дæу кæдæй базыдтон, уæдæй тæрсын, кæрæдзийæ куы фæхицæн уæм, уымæй. Дæуæн дæр тæрсын, мæхицæн дæр. А фæстаг рæстæг цыдæр æвзæр фынтæ уынын, фынæй кæныны рæстæг дæр нын кæм вæййы, фæлæ, куыддæр мæ цæстытæ æрхæцынц кæрæдзийыл, афтæ мæ мадымады мæ фыны фенын. Уый мард у, æрбацæуы мæм æмæ мæ йемæ фæхоны, æз ын нæ фæкомын, зæгъын, мæн ма мæнæ Дзамболатимæ фæнды, фæлæ мын уый мæ къухыл ахæцы æмæ фæзæгъы, ды, дам, хъуамæ мемæ уай, зæгъгæ.

Дзамболат чызджы сæрыл йæ къух æрхаста æмæ загъта:

– Мæ ныфс, ма тæрс, алцыдæр хорз уыдзæн, æрмæст дæхи хъахъхъæн. Нæ тыхджын уарзт нæ нæ бауадздзæн кæрæдзийæ фæхицæн кæнын. Ныр та, цом æмæ, æцæгæйдæр, иугыццыл афынæй кæнæм, кæд нæ уыцы цъаммар знæгтæ фынæй кæнын бауадзой, уæд.

Цæмæй зыдтой дыууæ æрыгон уды, цы сæм æнхъæлмæ кæсы, уый. Хъуыддæгтæ иууылдæр Хуыцауы бар сты. Адæймаг алы бон дæр йæ уд йæ къухы хæссы, кæцы рæстæг цы 'рцæудзæн, уымæн ницы бæрæг ис. Дзамболат æнцой нал зыдта, Наташæ йын йæ фын куы радзырдта, уæдæй. Уымæн дæр цыдæр тас йæ зæрдæйы бацыд. Цæмæйдæр тынг тарст…

Наташæ та уаззау цæф фæци. Иу салдаты ирвæзын кодта, йæ цæфтæ йын баста, фæлæ чызгыл йæхиуыл дæр судзгæ фат сæмбæлд. Цалынмæ Наташæйы госпитальмæ ластой, уæдмæ дзы бирæ туг фæхъуыд, æмæ фæндагыл, мæгуыр, йе 'взонг удæй ахицæн.

Дзамболатæн нæ уæндысты уыцы хабар радзурын. Фæлæ йæ фехъуыста. Цавд дурау фæци. Йæ дыууæ къухæй йæ сæрыл ныххæцыд æмæ дзырдта, цыма хъарæг кодта, афтæ: «Мæнæ мæ рухс куыд баталынг. Дзæгъæлы нæ тарстыстæм... Уыцы фынтæ дзæгъæлы нæ уыдтай, ме стъалы. Нæ, нæ, не `ууæндын, Наташæ, нал дæ, ууыл... О, Хуыцау, цæмæн, цæмæн?.. Цæмæн райстай уыцы æрыгон рæсугъд уды? Цæмæн нæ фæхицæн кодтай кæрæдзийæ?.. Мæнæн ды алкæддæр уыдзынæ, мæ зæрдæйы цæрдзынæ!»

Наташæйæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ куы æрбамбырд сты йе 'мбæлттæ, уæд иууылдæр дзырд радтой, йæ туг ын кæй райсдзысты. Дзамболат та ныддæлгом йæ ингæныл æмæ цасдæр рæстæг афтæмæй фæци, стæй загъта кæугæ-кæуын, кæд тынг æфсæрмы кодта, уæддæр:

– Наташæ, æз дæ тынг бирæ уарзын æмæ дæ уарздзынæн, никуы дæ ферох кæндзынæн. Дæс фæлтæрæй дын райсдзынæн дæ туг знагæй. Ныххатыр мын кæн, кæй дæ нæ бахъахъхъæдтон, уый тыххæй, стæй, кæд мыл дæ зæрдæ искуы истæмæй фæхудт…

* * *

Дзерассæ скъола каст фæци, немыц сæ хъæуæй куы фæлыгъдысты, уæд. Цалынмæ цъаммар знæгтæ сæ хъæуы уыдысты, уæдмæ хъæуы цæрджытæ пъадвæлтты цардысты. Бирæ фыдмитæ фæкодтой фашисттæ: карк, фос нал ныууагътой, фергæвстой сæ. Цалдæр хæдзары басыгътой. Немыцы куы фæсырдтой, уæд цæрджытæ сулæфыдысты, æмæ иумæ бавнæлдтой кусынмæ, кæрæдзийæн æххуыс кодтой.

Дзерассæ йæ мад æмæ фидимæ куыста колхозы: уалдзæджы картоф, нартхор сагътой, сæрды – рывтой, мæнæу карстой, хос кæрдынмæ дæр цыдысты. Уæдæ сæхи цæхæрадоны дæр кусын хъуыд. Чызджы бæргæ

фæндыд ахуыргæнæгыл сахуыр кæнын, фæлæ æмбæрста, цалынмæ хæст цæуы, уæдмæ фронтæн æххуыс кæнын хъæуы. Æмæ куыста, йæ бон куыд уыди, афтæ, йæ хъарутыл æппындæр нæ ауæрста. Бригæдирæй дæр ма йæ равзæрстой. Йæ бригадæйы куыста Æлдараты Дзамболаты хо Мæдинæт дæр. Арæх-иу æй афарста Дзерассæ, фронтæй цы хабæрттæ ис, зæгъгæ. Фæстаг рæстæг арæхдæр хъуыды кæны Дзамболатыл. Йæ цæстытыл уайы, хæстмæ куы цыди, уæд æм куыд бацыд æмæ йын куыд загъта... Æнхъæлмæ, дам, кæс нæ сыздæхтмæ. Дзамболат сæ хъæуы æппæты хæрзконддæр уыд: бæрзонд, рæсугъд, лæгхуыз, æгъдауджын, алы куыстмæ дæр – арæхстджын. Дзерассæ йæ бирæ хæттыты федта кафгæ чындзхæстыты, чызгæрвыстыты. Уый хуызæн рæсугъд, аив хъæуы фæсивæдæй ничи кафыд.

Цыдис рæстæг. Мæлæты даргъ ныйисты бонтæ, раст афæдзау. Цыппор цыппæрæм азы хæстæй сыздæхт Дзерассæйы `фсымæр Дзæрæхмæт æнæ къахæй. Тынг ыл фæцин кодтой бинонтæ, хъæубæстæ. Тынгдæр та цин кодта Дзерассæ. Зын ын уыд, тынг зын, йе `фсымæр æнæ къахæй кæй баззад, уый, фæлæ, Хуыцауæй бузныг, сæ хæдзарыл сæрæгасæй сæмбæлд.

Фыццаг бонты чызг йе `фсымæры фарсмæ бадт, уынгмæ дæр нæ цыди. Дзæрæхмæтмæ цыдысты хъæуккæгтæ æмæ йæ фарстой фронты хабæрттæй. Цыдысты бонтæ.

Дзæрæхмæт хъуыды кодта: «Ай хорз хъуыддаг нæу, хъуамæ æз дæр исты æххуыс кæнон, цæмæй знагыл тагъддæр фæуæлахиз уæм. Фронты ме 'мбæлттæ сæ туг калынц, æз та ам бадон, уый нæ фидауы. Ницы мын уыдзæн æнæ къахæй дæр, хæстонтæн мæнæй зындæр у». Æмæ колхозы нымæрдарæй кусын байдыдта.

Изæрыгæтты-иу хо æмæ `фсымæр ныхæстæ кодтой. Дзæрæхмæт ын хæсты хабæрттæ кодта, чызг та, – цалынмæ уый хæцæны уыд, уæдмæ хъæуы цы хабæрттæ æрцыд, уыдон.

Хъæуы цæрджытæй бирæтæ райстой сау гæххæттытæ... Хъуысти кæуын, хъарæг. Хъæубæстæ уыд тынг æнкъард.

Дзæвгар рæстæг Дзамболатæй дæр нæ уыд хабар, æмæ йын бинонтæ тарстысты. Уæлæнджы райстой фыстæг æмæ дзы базыдтой, Дзамболат уæззау цæф кæй уыд, уырыссаг чызг æй кæй фервæзын кодта, бирæ рæстæг госпиталы кæй фæххуыссыд. «Æгъатыр хæст цæуы знагимæ. Нæ разæй йæ тæрæм. Уæгъд кæнæм нæ горæттæ, хъæутæ. Сæ цард

сæрибары сæрвæлтау чи радта, уыцы æмбæлтты туг исæм дæс фæлтæрæй... Мæ зынаргъ фыд, мад, ме 'фсымæр Мурат, мæ хо Мæдинæт, уæ зæрдæ мæм ма `хсайæд, тагъд зындзынæн уæлахизимæ! Саламтæ раттут æппæт хъæубæстæн дæр!» – фыста Дзамболат.

Æмæ мæнæ `хсызгон хабар сæмбæлди Æхсæрджыны хъæуыл: нæ бæстæ фæуæлахиз знагыл. Адæм кæрæдзимæ цыдысты арфæтæ кæнынмæ, цин кодтой. Дзерассæ дæр Дзæрæхмæты ныхъхъæбыс кодта, цингæнгæйæ сдзырдта:

– Мæнæ цы хорз у: хæст фæци!

Фæлæ Дзамболаты бинонтæн уæддæр сæ зæрдæ æнцад нæма уыд. Æнхъæлмæ кастысты исты бæлвырд цаумæ.

Адæм быдыры куыстой: къахтой картоф, нартхор æфснайдтой… Æлдараты сыхæгты чызг – дæсаздзыд Фатъимæт – уынджы сывæллæттимæ хъазыд. Кæсы, æмæ дын цавæрдæр æфсæддон сæ сыхæгты дуармæ æрлæууыд, стæй мидæмæ бахызт. Цасдæр рæстæджы фæстæ фæстæмæ рацыд æмæ сывæллæтты размæ бацыд. Бацин сыл кодта, фæлæ дзы зонгæ никæй бакодта. Уал азмæ уыдон сырæзыдысты. Сывæллæттæ йæ сæхæдæг базыдтой.

– Куыд стут, мæ хуртæ! Цы хабæрттæ уæм ис? Кæм сты хъæубæсты адæм та? – фарста сæ Дзамболат.

– Быдыры, кусынц, – дзуапп радта æппæты бæсты Фатъимæт æмæ быдыры 'рдæм ныййарц.

Хæстулæфтгæнгæ бахæццæ быдырдзауты размæ æмæ хъæрæй загъта:

–Дзамболат сыздæхти хæстæй, мæнæ Æлдараты Дзамболат!..

Мæдинæт, куыддæр йе 'фсымæры кой фехъуыста, афтæ бел аппæрста æмæ хъæуы 'рдæм – тындзгæ. Иннæтæ дæр сæ куыст ныууагътой, батагъд кодтой хъæумæ. Арфæ кодтой Дзамболаты мад æмæ фыдæн. Уыдон та сæ фыр цинæй куыдтой...

Мурат дæр скъолайæ сæхимæ дугъ кодта, уырдæм дæр сыхъуысти хабар. Дзерассæ цыд сæ бригадæйы чызджытимæ. Йæ зæрдæ цины гуыпп-гуыпп кодта. Мæдинæт дардæй ныууыдта йе 'фсымæры æмæ ныхъхъæр кодта:

– Дзамболат! Дзамболат!..

Дзамболат йæ размæ тагъд-тагъд фæцæуæг, йæ цæф къах йæ лидзын нæ уагъта… Хо æмæ `фсымæр кæрæдзийыл ныттыхстысты.

– Дзамболат, цы хорз у, кæй сыздæхтæ, уый. Цы тынг дæм æн-

хъæлмæ кастæн! – Чызгæн йæ цæссыгтæ йæ рустыл уадысты, Дзамболат ын сæ ныссæрфта æмæ загъта:

– Мæнæ мын цы рæсугъд хо ис, мæнæ! Æвæццæгæн, нæ хъæуы лæппутæн се `ппæтæн дæр сæ сæртæ разилын кодтай, – æмæ та йæ хойы ныхъхъæбыс кодта.

Уалынмæ мад, фыд, Мурат дæр æрбахæццæ сты сæ бæлццоны размæ. Цины хъæбыстæ сбирæ сты. Тæтæрхъан загъта:

– Хуыцау, табу Дæхицæн, фехъуыстай нын нæ куывдтытæ! – æмæ йæ фыртæн ахъæбыс кодта, йæ цæссыгтæ дæр ма æруадысты. Уæдæ йæ мады та Дзамболат йæ хъæбысæй æппындæр нал уагъта. Сылгоймаг куыдта йæ фыр цинæй, дзырдта:

– Мæ лæппу, мæ лæппу! Куыд тынг дын тарстæн! Мæ хъæбул, æгайтмæ сæрæгасæй сыздæхтæ!

Хъæубæстæ чысылæй-стырæй æрæмбырд сты Æлдараты кæртмæ. Дзерассæ чызджытимæ иуварс лæууыд. Иурæстæг Дзамболатимæ фемдзаст сты. Чызджы цæсгом фæсырх, ахъуыды кодта: «Ноджы хæрзконддæр фæци, цы тынг ыл фидауы æфсæддон дарæс...»

Дзамболат дæр хъуыды кодта: «Уый Дзерассæ у. Цы диссаджы чызг сси! Æвзонгæй йæ ныууагътон, ныр чындздзон чызгæй агæпп ласта».

* * *

Адæм се `мбырды Дзамболаты колхозы сæрдарæй равзæрстой.

Рацыди цалдæр мæйы. Дзамболаты фæндыди Дзерассæимæ аныхас кæнын, фæлæ йын фадат нæма фæци.

Иуахæмы Дзамболат колхозы правленимæ æрæмбырд кодта бригадирты. Ныхас кодтой, уалдзæджы куыстытæм сæхи куыд цæттæ кæнынц, ууыл. Дзерассæ дæр уым уыди. Æмбырд куы фæци, уæд Дзамболат сæ фæстæ рацыд, дуаргæрон чызгмæ сдзырдта:

– Иугыццыл-ма фæлæуу, кæд гæнæн ис, уæд.

Чызг æрлæууыд. Дзамболат загъта:

– Сбад, дæ хорзæхæй, лæугæ ма кæн!

Дзерассæ сбадти, йæ зæрдæ гуыпп-гуыпп кодта. Йæ дзыккуйы быды кæронил хæцыд æмæ бынмæ каст. Дзамболатмæ йæ цæстытæ сисын æфсæрмы кодта. Фæлæ уый дæр хуыздæр уавæры нæ уыд. Лæууыд йæ разы æмæ хъуыды кодта: «Цы кæнон, куыд ын зæгъон мæ зæрдæйы фæн-

дон? Йæ зæрдæмæ куынæ фæцæуой мæ ныхæстæ... Фæлæ сæ дарддæр æргъæвæн нал ис, Æлдары-фырт! Дзур, дзур... Хуыцау, æххуысгæнæг мын у!»

Дзамболат сабыргай байдыдта дзурын:

– Дзерассæ, æз афтæ фехъуыстон, æмæ тынг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæдæ скъола. Иууылдæр дæ æппæлынц. Афтæ зæгъынц, дæ бон, дам, уыд горæты институтмæ бацæуын, фæлæ ды колхозы баззадтæ, цалынмæ хæст цæуы, уæдмæ ам тынгдæр хъæуын, зæгъгæ… Фæлæ, æвæццæгæн, сахуыр кæнын дæр хъæуы. Æмæ дæм дарддæр цы фæндтæ ис?

Чызг бынтондæр ныфсæрмы ис, йæ цæсгом фæсырх, æмæ сабырæй загъта:

– Нæ зонын, фæлæ мæ зæрдæйы дарддæр дæр колхозы кусын ис.

– Дзерассæ, рагацау дæ хатыр курын, раст мæ бамбар... Байхъус мæм, кæд дын зын нæу, уæд. Æз, æз... Ды, ды... Уый зæгъынмæ хъавын, æмæ мæ зæрдæмæ цæуыс. Хæстмæ куы нæма ацыдтæн, уæдæй нырмæ. Фронтæй дæр дæм фыссинаг уыдтæн, арæх дыл хъуыды кодтон, фæлæ нæ бауæндыдтæн, дæ зæрдæмæ, зæгъын, куынæ фæцæуа уый æмæ мæ, зæгъын, къæйных куы фæхонай. Ныр мæ зæгъын фæнды, – иурæстæг ныхъхъус и æрыгон нæлгоймаг, цæуылдæр сагъæс кодта, стæй загъта: – Мæн фæнды мæ минæвæрттæ сымахмæ барвитын. Дзерассæ, цы зæгъдзынæ? – дзырдта Дзамболат.

Дзерассæ хъусæй лæууыд, цасдæр рæстæг йæ къæхты бынмæ каст. Стæй йæ бынатæй сыстад æмæ, æфсæрмыгæнгæйæ, загъта:

– Æрбарвит... – æмæ лидзæгау акодта кусæн уатæй.

Дзамболат фыр цинæй хæрдмæ фæхауд. Йæ худ йæ сæрæй фелвæста æмæ йæ цармæ фехста, стæй хъæрæй загъта:

– Дзерассæ, Дзерассæ мын сразы ис!

Куысты фæстæ, сæхимæ куы `рбацыд, уæд Мæдинæт йæ размæ фæци,

Дзамболат æй ахъæбыс кодта, чызг æм, дисгæнгæйæ, бакаст, ома, цы 'рцыд, зæгъгæ. Ахъуыды кодта: «Цыдæр хорз хабар ыл æрцыд. Цымæ, цы?»

– Мæдинæт, Мæдинæт! Хуыцауæхсæв минæвæрттæ `рвитæм Цæразонтæм! Æмбарыс, æмбарыс, мæ хо?!

Мæдинæтæн ма йæ цы бамбæрын хъуыд, йе `фсымæр афтæ хъæлдзæг цæмæн уыд, уый.

Дзамболат æмæ Дзерассæйы чындзæхсæвæр уыд хурхæтæны мæйы. Хъæубæстæ иууылдæр цин кодтой дыууæ æрыгон адæймаджы амондыл. Бирæ арфæтæ сын фæкодтой. Уæдæ Æлдаратæ æмæ Цæразонтæ

дæр тынг цин кодтой сæ бахæстæгдзинадыл. Дыууæ рæсугъд æвзонг уды кæрæдзийыл тынг æнувыд уыдысты, бирæ уарзтой кæрæдзийы, æнæ кæрæдзи æппындæр сæ бон нæ уыд.

* * *

Цард цыд æмæ йемæ фарн хаста. Дзамболат æмæ Дзерассæ саразтой сæхи хæдзар. Уалынмæ райгуырд сæ фыццаг фырт Уырызмæг, дыууæ азы фæстæ та – се `ннæ дыууæ фырты – фаззæттæ Æхсар æмæ Æхсартæг. Сывæллæтты кæстæр та уыд чызг, ууыл Дзерассæ сæвæрдта Наташæйы ном. Дзамболат йæ усæн радзырдта Наташæйы тыххæй, ницы дзы басусæг кодта. Гыццыл Наташæ тынг рæсугъд чызг уыд. Дзамболат æй уæлдай фылдæр уарзта.

Æлдараты Дзамболат æмæ Дзерассæйы бинонты уыди фарн, æгъдау, уарзондзинад. Куыстуарзон бинонты кæстæртæ дæр рæзыдысты адæмуарзон, æгъдауджын... Хистæртæн кæстæриуæг кодтой, скъолайы дæр уæдæ хорз ахуыр кодтой. Скъола каст фæуыны фæстæ иууылдæр райстой уæлдæр ахуырад. Уырызмæг дохтыр у, Æхсар – арæзтадон инженер, Æхсартæг та у стыр ахуыргонд, филологон наукæты доктор, кусы университеты ахуыргæнæгæй. Наташæ каст фæци медицинон институт, кусы арæндоны гинекологæй.

Дзамболат æмæ Дзерассæйы æртæ фырты дæр Дзæуæджыхъæуы цæрынц, алкæмæн дæр сæ ис йæхи хæдзар, йæхи бинонтæ, ис сын сывæллæттæ. Уæдæ Наташæ дæр йæ амонд ссардта. Дзамболат æмæ Цæразон нæ комынц горæтмæ. Зæронд лæг афтæ фæзæгъы:

– Цалынмæ ма нæ къæхтыл стæм нæ къæбæргæнæгимæ, уæдмæ никæдæм цæуæм, стæй бæрæг уыдзæн.

Фæлæ сæм сæ фырттæ æмæ чындзытæ, сæ чызг арæх цæуынц. Сæрды та сæ хъæбулыхъæбултæ æппæт дæр æрцæуынц сæ баба æмæ нанамæ, æртæ мæйы дæр уым вæййынц. Уыцы рæстæг Дзамболат æмæ Дзерассæйæ амондджындæр нæ вæййы.

Изæрыгæтты арæх æрымысынц се `рыгоны бонтæ дыууæ зæронды.

– Цæразон, дзæгъæлы нæ фæцардыстæм ацы зæххыл. Мæнмæ гæсгæ, амондджын стæм! Куыд зæгъыс, не `фсин? – арæх фæзæгъы Дзамболат.

– Раст дæ, раст, нæ зæронд! Демæ разы дæн! – фæзæгъы Цæразон дæр.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***1-3 сентябры*** Ирыстоны уыдысты мысæн бонтæ 2014 азы Беслæны трагедийы амæттæгты рухс номыл.

► ***2 сентябры*** РЦИ-Аланийы Национ музейы ног разамонæгæй нысангонд æрцыд историиртасæг, ахуыргонд Цуциты Аслан.

► ***9 сентябры*** РЦИ-Аланийы Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Сергей Меняйло республикæйы Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юрийы, Ирыстоны журналистикæмæ цы стыр æвæрæн бахаста, уый фæдыл схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы сгуыхт журналисты кадджын номæй.

► ***10 сентябры*** РЦИ-Аланийы национ музейы байгом Къадзты Вадим æмæ Кæсæбиты Андрейы сфæлдыстадон куыстыты равдыст «Под небом Осетии…»

► ***12 сентябры*** Самарæйы байгом адæмты хæлардзинады этнокультурон парк. Йæ иумæйаг фæзуат у 12 гектары. Æвдыст дзы æрцыдысты, Самарæйы цы 20 адæмыхатты цæрынц, уыдоны культурæ, сæрмагонд хæдзæрттæ дзы самайгæйæ. Уыдонимæ – рагон ирон хæдзар дæр. Ацы хорз хъуыддагæн быдур бавæрдта не ‘мзæххон, Самарæйы цæрæг адæмыхæттыты цæдисы сæрдар Хуыгаты Ростислав. Уым архайдта РЦИ-Аланийы сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Сергей Меняйло.

► ***10 – 16 сентябры*** Сочийы уыд дзыллон-хабархæссæг фæрæзты æппæтуæрæсеон форум «Вся Россия – 2021». Уым та ацы хатт дæр Ирыстонæй архайдта æппæты стырдæр делегаци.

► ***17, 18, 19 сентябры*** Ирыстоны уыд УФ Паддзахадон Думæмæ æвзæрстытæ.

► ***29 сентябры*** РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы хъæппæрисæй Национ наукон библиотекæйы уыд Цæцæны республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар Канта Ибрагимовы сфæлдыстон изæр.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 15.09.2021. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 437. Цена свободная. Выход из печати 25 сентября 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон – 15 майы – Цæгат Ирыстон-Аланийы Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал “Мах дуг” расидтысты**

## “МАХ ДУГ”-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы уавæр фæнывылдæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног авторты нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*




- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ сæ Кармæ гæсгæ дихгонд цæуынц 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы æмгъуыды къæпхæнтæ:*

*15-æм майæ 30-æм октябрьмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисыл:* ***mahdug@mail.ru*** *“Конкурс” дзы фæнысан кæнгæйæ; 1- æм ноябрæй 30-æм ноябрьмæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты æрбарвыст уацмыстæн; 10-æм декабры кадджын уавæры уæлахиздзау авторты цæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Инстаграм æмæ Фейсбукы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.*

*Фæрнæйдзаг ут! Æнтысæд уын!*

# MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD" — 1934

Индекс 73247
12+